МАХ ДУГ

Индекс 73247

12+

8

2020

**ГУЫБАТЫ Зауыры проектмæ гæсгæ арæзт хæдзæрттæ
Дзæуджыхъæуы Плиты Иссæйы номыл уынджы**

**Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институтæй чи ацыд, уыдоны номыл цыртдзæвæн ЦИПУ-йы кæрты.
Архитектор – ГУЫБАТЫ Зауыр, скульптор – ДЗБОЙТЫ Михал**

**Хæстæй чи нал сыздæхт, уыдоны номыл цыртдзæвæн Ногхъæуы.
Архитектор – ГУЫБАТЫ Зауыр, скульптор – ДЗБОЙТЫ Михал**

НАША ЭПОХА

МАХ ДУГ

8
2020

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор
Оксана ХЕТАГУРОВА

Редакция
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

Редакционный совет
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2020

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

Редакци
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

Редакцион совет
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КОСТЫ Лизæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2020

НОМЫРЫ ИС:

КАДГÆНÆНТÆ
ЧЕДЖЕМТЫ Геор: 80 азы 5
ЧЕДЖЕМТЫ Геор. Æрвхуыз цин. *Æмдзæвгæтæ* 7
ХЪАРИАТЫ Тамарæ: 105 АЗЫ
ХЪАРИАТЫ Тамарæ. Сылгоймæгты тох. *Радзырд* 17

ПРОЗÆ
ГАДЖИТЫ Илас. Фыййаукуыдз Бури. *Радзырд* 39

МЫСИНÆГТÆ
БЫЗЫККАТЫ Земфирæ. Таламæ донхæссæгау 47

КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ
ТЪЕХТЫ Тамерлан. Берлинмæ – дамбацаимæ,
Берлинæй – ракетæимæ. *Очерк* 59
ЦЫРЫХАТЫ Михал. Мастисæг. *Поэмæ* 68

НОГ ÆМДЗÆВГÆТÆ
БУТАТЫ Ритæ. Цардвæндаджы асинтæ 78
ЦÆРИАТЫ Валери. Уарзон зарæг 88

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ
СÆБАНТЫ Валери. Уæларвмæ фæндаг 97

АИВАД – КУЛЬТУРÆ
Æмгары, Гуыбаты Зауыры мысгæйæ 94

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД
ТАУТИАТЫ Лидæ. Æртæ усгуры. *Аргъау* 123

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ
ЦГЪОЙТЫ Хазби. Уæлахизы сидзæртæ. *Цыбыр уацау* 128

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ 158

ТÆФÆРФÆС ДЗАБАЙТЫ-КЪЕСАОНТЫ ТАИСÆ 159

КАДГÆНÆНТÆ

ЧЕДЖЕМТЫ ГЕОР: 80 АЗЫ



(1940 – 2017)

Поэт, нывгæнæг, драматург, публицист, Уæрæсейы Федерацийы фысджыты æмæ нывгæнджыты цæдисты уæнг Чеджемты Закариайы фырт Геор райгуырди Заманхъулы. Астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ ахуыр кодта Цæгат Ирыстоны педагогон училищæйы ныв кæныны хайады, Мæскуыйы полиграфион институты. Каст сæ фацис иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ.

Геор куыста Æрыдоны районы газет «Путь к коммунизму»-йы, сывæллæтты журнал «Ногдзау»-ы æмæ чиныгуадзæн «Ир»-ы нывгæнæг æмæ аивадон редакторæй. Ивгъуыд æнусы 60-æм азты йæ сывæллæттæн фыст æмдзæвгæтæ, радзырдтæ æмæ аргъæуттæ фæзындысты республикон газеттæ «Рæстдзинад» æмæ «Æрыгон коммунист»-ы, журналтæ «Мах дуг», «Ногдзау», альманах «Литературная Осетия»-йы.

1968 азы уырыссаг æвзагмæ тæлмацæй рауагъдад «Советская Россия»-йы рацыд йæ чиныг сывæллæттæн «Чичи и Бечи», 1969 азы та рауагъдад «Детская литература»-йы – йе 'мдзæвгæты чиныг сывæллæттæн «Скачите, олени». Курдиатджын нывгæнæг архайдта бирæ уæрæсейон æмæ республикон равдыстыты, æмæ-иу ын аивадиртасджытæ йе сфлдыстадæн скодтой стыр аргъ.

Геор цы дзæвгар уацмыстæ ныффыста, уыдон рацыдысты хицæн чингуытæй: «Хазби кафын зоны», «Чичи æмæ Бечи», «Бубу милагур куыд ацыд», «Зæринæг», «Дзегундæ». Хистæр фæлтæрæн цы зæрдæбын сагъæстæ, риссаг мысинæгтæ æмæ сыгъдæг уарзондзинады мотивтыл фæнывæзта æмдзæвгæтæ, уыдон мыхуыры рацыдысты 1987 азы чиныг «Арвы бæлæстæ»-йы. Чеджемты Геор ныффыста пьесæтæ «Цола», «Цолайы чындзæхсæв» æмæ «Чери», кæцытæ æвæрд æрцыдысты Ирон театры сценæйы. Йæ лирикон комеди «Цола» ссис адæмæн уарзон æмæ ныр 30 азæй фылдæр æвдыст цæуы Ирон театры.

Йæ наукон-публицистикон уацты Чеджемты Геор стыр æргом здæхта Нарты кадджыты æмæ ирон æвзаджы лыггæнинаг фарстатæм. Уыцы уацты æмбырдгонд, «Фыдæлты хæзна», зæгъæ, ахæм номимæ æрæджы мыхуыры рацыд рауагъдад «Ир»-ы

ЧЕДЖЕМТЫ Геор

ÆРВХУЫЗ ЦИН

О, ИРЫСТОН

Кæд æз дæ хъыджы бонты зарон,
Мæ сæрыл арвы цъæх хæссон;
Кæд æз дæ цины бон æнкъард уон,
Уæд ме сæфт ралæууыд, уый зон;
Æмæ мæлдзыджы сæфтыл
Рагацау кæуон...

1965 аз

КЪОСТАЙЫ КАТАЙ

Æз сæрибар дæн, сæрибар! –
Амонд, цин æмæ зæххæй.
Æз мæхи бар дæн, мæхи бар –
Иузæрдиуæттæ мын нæй.

Арвыл стъалытæ нымайын,–
Уый цæй диссаджы куыст у!
Арæх Терчы былмæ уайын,–
Зæрдæ сагъæстæй рыст у.

Терк мын аласы мæ сагъæс,
Терк мын басгуыхти лымæн.
Терк! Мæн дæр ма иу хатт алас,
Ратт дæ цъæх уылæнтæн
Мæн...

1974 аз

* * *

Уыди мæ царды алцыдæр:
Бæллиц дæр, фарн дæр, сагъæс æмæ рис дæр..
Бæллиц – æрвхуыз цин:
Федтон æй мæ мады æрвхуыз цæстыты.

Фарн – фæлмæн хъарм:
Базыдтон æй мæ мады къухтыл.
Сагъæс – урс катай:
Бафиппайдтон æй мæ мады дзыккуты.
Рис – уды уынгæгдзинад:
Æз æй банкъардтон
Мæ мады
Ацыды
Фæстæ.
Уыди мæ царды алцыдæр:
Бæллиц дæр, фарн дæр, сагъæс æмæ рис дæр..

1986 аз

ИРЫ ЦЫРАГЪДАР

Мисхалы бæрц дæр дзы амонд нæ уыди,
Афтæмæй Ирæн цырагъдар лæууыди.
Иры сæрвæлтау – йæ катай, йæ зын.

Махæн ныууагъта фæндагамон зарæг,
Йемæ та сау зæхмæ ахаста хъарæг...
Сау зæххæй абон дæр хъуысы хъæрзын.

1987 аз

УЫГÆРДÆНЫ УРС ЗАРÆГ

Уыгæрдæны зæрдæ зарын æрцагуырдта.
Арвмæ æвдисы
Йе ’ртæхдзæст фæрдгуытæ,
Йæ кæрдæгхуыз бæллицтæ,
Йæ сырх мидбылхудт...

Фæлæ кæцæйдæр фæзынди
Æндонцæвæг – уазал, æхситгæнгæ.
Хурныгуылдыл каубын уæрдоны
Хъæумæ раластой

Уыгæрдæны æртæхдзæст фæрдгуытæ,
Уыгæрдæны кæрдæгхуыз бæллицтæ,
Уыгæрдæны сырх мидбылхудт...

Хурыскастыл мын Гыцци æрбахаста
Зæронд хъæдын къусы
Уыгæрдæны урс зарæг.

1982 аз

ТУГТАРСТ

Дæс азы размæ ацыди мæ Мад
Ацы стъалыджын дунейæ;
Фæлæ, куы фехъусын ныр дæр,
Кæйдæр мад амарди, зæгъгæ,
Уæд фестъæлфын, – кæд та мæ мад у...

Мæ туг фæтарсти уыцы сау бон...
Дæс азы размæ...

1986 аз

ФÆЗЗЫГОН САГЪÆСТÆ

Æнæнхъæлæджы ралæууыд фæззæг;
Æмæ тæхынц мæ зæрдæйæ цъæх дзывылдæрттæ,
Сырххъуыр зæрватыччытæ,
Стæй... зæринæрфыг бæллицтæ.

Мæ зæрдæйы урс быдырты сæрмæ ма
Фæдисон Хурмæрæгъау
Зилахар кæны,
Æмæ йæ фæллад базыртыл
Миты гæлæбутæ тайынц...

1983 аз

ИУРÆНХЪОН УРС ÆМДЗÆВГÆ

Æз дæм цæрæнбонты цæуын, Зæхх.

ИУ СÆРДЫГОН БОН УЫГÆРДÆНЫ

Сау æрфгуыты фезмæлд,
Сау дзыккуты зулфаст...
Уæ, фæуа цы хуыздæр,
Абон мæм цы хур каст!

Чидæр федта фахсыл
Кæрдæджы ыссæст;
Хъуамæ, дам, дзы сырдтæн
Бацайдагъ и хæст.

«Фæлæ диссаг! – загътой
Хосгæрдæг æмбæлттæ,–
Кæд ыссæсты фарсмæ
Фегуырди сæрбæттæн!»

Уыгæрдæнæй хъуысы
Худын,
Зарын,
Хъæр:
«Гъей, кæм дæ, цы фæдæ,
Хосдзауты кæстæр?!»

1970 аз

ФÆСМОН

Цæмæн цыдтæн,
Цæмæн цыдтæн,
Цæмæн мæ хъуыд æхсæртæ?!
Æнæуый дæр,
Æнæуый дæр
Лæмæгъ куы у мæ зæрдæ.

Цæмæн цыдтæн,
Цæмæн цыдтæн
Чызджытимæ æхсæрдзуан?!
Ныр мæ, уæууæй,
Æрра кæндзæн
Сау дзыккуты æхсæрдзæн...

1977 аз

* * *

Дидинæфтауæг æхсынцъы Бæлас!
Радзур-ма мын иу урс æмдзæвгæ.

Бæлас йæ сырх къалиутыл схæцыд,
Сæмдзæгъд кодта фæлмæн цъæх сыфтæртæй,
Мин мыдыбындзы стахти йæ урс дидинджытæй...
Гъе, уый дын урс æмдзæвгæ, гъе!

1981 аз

УАЛДЗЫГОН НЫВ

Доны был – чындздзон чызджытæ
Кæрдæгхуыз уалдзыгон къабаты;
Хурдзæст сау лæппутæ – сæ алыварс,
Цыма цъæх хæристæм фæсзымæг
Æртахтысты сауцъиутæ.

1970 аз

ЦАРÆФТЫД ГОГОНТÆ

Гогонтæ цары æнкъардæй мæлынц:
«Дон, мæ бон,
Дон...»
Суадоны фенынмæ дардмæ бæллынц:
«Зары та афонмæ
Дон...»

Гогонтæ цары хæрзфынтæ уынынц:
«Дон, дон!
Мæнæ ма дон!..»
Къæвдайы хъæрмæ куы райхъал вæййынц:

«Дон, мидæмæ
Рацу, дон...»
Гогонтæ цары æнкъардæй мæлынц.
Гогонтæ дойныйæ цары мæлынц:
«Дон, дон,
Дон...»

1975 аз

ЗЫМÆГОН САУ ХЪÆДЫ

Сау хъæды хуыргæрчытæ – тæхгæ æртытæ...
Сау хъæды сырх рувæстæ – згъоргæ æхсидæвтæ...

Иунæг тæхгæ арт ма баззад
Зымæгон æнкъард хъæды:
Уымæлцонг тæрс бæласы къалиуыл бады
Æмæ донызылд сырх цæстытæй джихæй кæсы
Цæхæркалгæ митмæ – рувæсты ногфыст фæндæгтæм.

1986 аз

ЗÆРОНД БÆЛАСЫ МÆЛÆТ

Фыдæлтыккон акъаци бæласыл
Йæ хуыцау рахатти –
Къалиугай æмæ цонггай хус кæнын байдыдта.
Фæсзымæг æрæгмæ хъал кæны,
Сæрд та йæ хуыссæг ахсы.
Йæ хус къалиутыл сау халæттæ
Ривæд фæкæнынц...
Ныр, мæгуырæг, бынтондæр бакуырм и,
Бынтондæр бакъуырма,

Æмæ нал базыдта
Уалдзæджы æрбацыд.
Æрмæст ма Сæрдинæты
Хъарм комытæфмæ
Йæ уæззау нæртон цæнгтæ
Цъæх хъуына равæрдтой...

1984 аз

ÆРТÆСЫФОН ÆМДЗÆВГÆ

Дæ цæстыты сау артмæ
Дзывылдарæй батахтæн –
Басыгъдтæн гæлæбуйау...

1986 аз

ГИНО

Уый йæ рæсугъд бургæрæм цармыл
Мингай азты сæрты æрхаста,
Йæ рагон фыдæлтæ
Цы бургæрæм хъамылы цардысты,
Уый ныв.

1987 аз

ЦÆЙ, ЦЫ ХУДУТ, ЧЫЗДЖЫТÆ
(ЗАРÆГ)

Бауырнæд уæ, хорз чызджытæ!
Гоби дæн, къуырма дæн!
Уымæн æмæ абоны онг
Бинонджын нæма дæн.

Б а з а р д.
Цæй, цы худут, чызджытæ?
Саутæ, буртæ, мыдхуызтæ!
Ииуылдæр дзæбæх ыстут
Стъалытау, зæххыстæн!

Чи ’рцæудзæн мæ талынг уатмæ,
Чи йæ срухс кæндзæни?
Къулсæрæй цымæ мæ номыл
Цавæр чызг лæудзæни?

Б а з а р д.
Хызы бынты сылгоймæгтæ
Уый кæмæ кæсдзысты?
Чындзытæ, фыдынд у, зæгъгæ,
Уый кæмæй зæгъдзысты?

Б а з а р д.
Боныцъæхæй сау изæрмæ
Хуры тынтæ ахсын.
Хуры тынтæй чындзы ног уат
Аив кæнын ахсæв.

Б а з а р д.
Цин æрцыд мæ талынг уатмæ,
Цинæй рухс уыдзæни.
Мигъ боны дæр-иу мæ уатæй
Хурзæрин кæсдзæни.

Б а з а р д:
Цæй, цы худут, чызджытæ?
Саутæ, буртæ, мыдхуызтæ!
Иууылдæр дзæбæх ыстут
Стъалытау, зæххыстæн!

1980 аз

ЕДЗИТЫ СОСЛÆНБЕГ ÆМÆ ЦЪÆХ АЙНÆГ

Цъæх дурмæ цадæг байхъуыста æрмдæсны,
Йæ къух ыл хъавгæ-узæлгæ хæссы:
«Йæ мидæг чи уыдзæн? – Хуыцау – йæ дæсны,
Фæлæ мæнæн йæ базонын хæс у.

Мæ сидтмæ иугæр Уастырджи нæ фæзынд,
Уæд ис, æвæццæгæн, зын ран.
Цъæх айнæг дур... кæс-ма, куыд хъæрзы...
Æви, мыййаг, нæма райгуырд Сослан?»

Ныр ацы дурæн абон у йæ хуыцау
Зæххон лæг – хъуамæ дурæн ратта цард!
Æртæ хæзнайы рахаста сæхицæй:
Йæ дзæбуг, духъ-æрттигъон æмæ сарт.

Фæскуывд æрмдæсны дурыл сарт æруагъта–
Фæзгъæртæй хауы сау айнæджы фарс.
Йæ къупп-къупмæ æртахти маргъ дæр,
Æрхъуызыд æрхыл Цымты къохæй арс.

Кæсынц æм джихæй хосдзаутæ дæр дардæй:
«Сослæнбег уа? – фæсайдта йæ хæйрæг!»
Кæсынц æм фарны зиууæттæ æнкъардæй
Æмæ фæзæгъынц: «Хорз лæг уыд, хъæлæкк».

«Хъæубæсты ’хсæн бæргæ уыди нымады».
«Куысты, фæллойы – раззагдæр, фыццаг!»
Сослæнбег та сæ иуы дæр нæ хаты –
Йæ зæрдæ у уæларвы рухсæй дзаг.

Æрмдæсны дзуры уазал дурмæ: «Чи дæ?
Зæгъ мын дæ ном æмæ цæрай!
Лæгæн йæ дзуар куы нæ зына йæ сидтмæ,
Уæд зон: зын раны ис, сæрæй.

Ныллæууыдтæн Цъæх Айнæгæн æвгъæдгæс,
Мæ уды хъарм ын – фарнхæссæг, нывонд.
Фæзынди дурыл ауунау Лæгдзæргæс! –
Хуыцау, нæ Ирæн амонды ныв уæд!

Мæ Сыгъдæг Уарзт нæ дзыллæйæн лæвар у,
Æндæр уæйыгау чи фæлдахы дур?!
Ирыстонæн йæ даргъ фæндаджы фарн уæд! –
Æмæ йыл макуы,
Макуы аныгуылæд Хур».

1986 аз

ФЫСДЖЫТЫ ÆМБЫРДЫ ЦÆУЫЛ АХЪУЫДЫ КОДТОН

(Уайдзæф кæмæндæрты)

Кæсын уæм иуварсæй, кæсын –
(Мæ зæрдæ бамæгуыр фыдбонау):
Иронау нал зонут фыссын, –
Æрмæст ма хыл кæнут... иронау.

1987 аз

ÆРГОМ НЫХАС НОМДЗЫД... ГРАФОМАНИМÆ

Дæуæн дæ тæккæ зындæр куыст–
Дæ ницытæн цыдæртæ райсын.
Æз та фæзæгъын:
Чи кæсы мæ фыст,
Кæнæ йæ чи кæсдзæни райсом?..

1977 аз

ХЪАРИАТЫ ТАМАРÆ: 105 АЗЫ

(1915 – 1989)

Хъариаты Харитоны чызг Тамарæ йæ заманты уыд Ирон театры зындгонддæр æмæ курдиатджындæртæй иу – сси УСФСР-ы адæмон артисткæ.

Йæ тызмæг дуджы æфхæрдтытæй дæр кæд фаг бавзæрста, уæддæр ныфссаст нæ фæцис – ахуыр дæр скодта, æмæ, цы дæсныйад равзæрста, уым дæр ын зынгæ цыдæртæ бантыст.

Иу амонд ма сæм каст: мастæфхæрд, ирон литературæйы классик Дзесты Куыдзæгимæ сæ цард баиу кодтой.

Тамарæйæн ма Хуыцауæй лæваргонд фæцис литературон курдиат – фыста театралон уацтæ, очерктæ хицæн артистты тыххæй, драмон уацмыстæ, радзырдтæ...

Рæстаудæн кæнæд нæ культурæ æмæ аивадыл, Ирыстоны адæмыл.

ХЪАРИАТЫ Тамарæ

СЫЛГОЙМÆГТЫ ТОХ

Радзырд

Диссаджы хабæрттæ æмæ 'мбисæндтæ зонаг лæг у, æвæдза, Цымырзæ. Дæ тамакойы къопп æм бадаргъ кодтай, зæгъгæ, уæд дзы кæддæриддæр æртæ сисдзæн. Дыууæ дзы йæ худы дыдагъы амбæхсы, æртыккаг сдымы, худæндзæстæй адæмыл афæлгæсы æмæ райдайы:

– Цæвиттон...

Æнартæнтæ-иу фесты адæм, æнартæнтæ! Иуахæмы та фынджы бадты сылгоймæгты кой рауад.

– Нæй! – ныннæрыд Цымырзæ, – нæй Еуроппы дзыхъхъы сылгоймагæй тыхджындæр. Сылгоймаг цы хæдзары нæ уа – сæфт! Уый зонд цы скæрда – ничи йæ аййафдзæн! Уый цы сфæнд кæна – баххæст æй кæндзæн! Фæлæ...

Æмæ уый фæдыл радзырдта мæнæ ацы хабар. Кæд æй мысгæ 'ркодта, уæддæр ын бæрæг нæй, фæлæ йæ æз Цымырзæйы дзыхæй куыдæй фехъуыстон, афтæмæй фæзмын.

– Цæвиттон, – райдыдта Цымырзæ, – иу хъæуы ссæдзæм æнусы æртынæм азты цардис-уыдис адæм. Уыцы адæмы 'хсæн, фыццаджыдæр, царди Идарыхъо, колхозы бригадирты сæрæндæр. Йæ ном сæм даргъгомау каст, æмæ йæ цыбырæй хуыдтой Идар. Уæнгджын, гуырвидауц, цæрдæг æмæ цæхæрцæст лæг уыд. Къам, къам, кæд бурхилгомау уыди, уæддæр.

Йæ бинойнаг Азауханимæ – фæрæты хъæдæй барст. Ус хъæру æмæ зондæй – Нарты Сатана. Конд æмæ уындæй – зæд. Саухил, сауцæст, сауæрфыг, ирдцъар. Йæ цыд – цæргæсы тахт. Бæрæгбоны-иу сæхи куы рацарæзтой æмæ-иу хъæуы уынгты фæрсæй-фæрстæм куы раленк кодтой, уæд-иу адæм, сæ фæдыл кæсгæйæ, сæ къухтæ кæрæдзиуыл æрхостой æмæ-иу загътой:

– Мæнæ зæрдæйы цин, цæсты рухс къай!

Идары хæрззылд, хæрзаив хæдзары дæле лæууыд Агысайы хæдзар. Нæдæр хорз уыди, нæдæр – æвзæр. Иу дзырдæй, зылд, æфснайд хъуаг.

Агысайæн йæ бакастыл, фыццаджыдæр, бæрæг дардта йæ зачъе. Йæ иннæ бæрджытæй зæгъынæн дæр ничи бæззыд. Дæлæмæдзыд, зылынкъах, тæнтъихæг. Дзæбæх дымгæ – уæд æй фæхастаид. Йæ ус Саугуыдан та уыдис, хохы йас сылгоймаг. Йæ къахы айстмæ-иу зæхх банкъуысыд. Йæ хъæлæсы нæрынæй-иу цъиутæ удаистæй фæтахтысты. Иннæ ахæм – йæ тых. Хъæйван-иу хуымæтæджы хъилау йе уæхскмæ куы баппæрста æмæ-иу куы фæцæйуад... Пыл æмæ пыл! Хуыцау хорз, æмæ, мæсты циу, уый нæ зыдта. Агыса, мадзурайæ хъуынтъыз лæг, кæртмæ дæр æнæ лæдзæгæй никуы рацыд. Цæуын сæ хъæуы искæдæм, зæгъгæ, уæд-иу йæ усæн цом зæгъыны бæсты лæдзæгæй йе рагъ æрцавта, ус-иу сындæггай разылд æмæ-иу æм фæрсæгау бакаст, уый-иу ын лæдзæгæй уынгмæ ацамыдта æмæ-иу рараст сты: Саугуыдан разæй, Агыса йæ фæстæ, лæдзæг æрцæвын æввонг даргæйæ. Никуы йæм смæсты Саугуыдан. Æгæр арæх-иу æй куы цавта, уæд-иу фестъæлфыд æмæ-иу тыхстхуызæй загъта:

– Цы кæныс, цы кæныс!? Ныр дæ рынчын къух нæ фæрысти?

Агыса куыста Идары бригады. Куыста, зæгъгæ, уæд йæ куыст – ардыгæй дæумæ. Саугуыданы фаг куыст та кæм уыд! Уымæй дæр фос бирæ уарзта.

Цыфæндыйæ дæр хорз сылгоймаг уыди, кæд ын йæ цæсгом хæбуздзыхъхъытæ сдзыгъуыр кодтой, уæддæр.

Идарты уæле та цардысты æрыгон лæг æмæ ус – Музафар æмæ Джулетæ. Кæрæдзиуыл æнувыд сыхæгтæ уыдысты ацы дыууæты бинонтæ. Се 'хсæн кау дæр не сбыдтой. Джулетæ хъомты фермæйы куыста, Музафар та Идары бригады. Иу джиппы уагъдау уыдысты. Сабыр, уæздан, æфсæрмдзæстыг, «а» æмæ «о»-йæ цардысты. Уалынджы сын лæппу райгуырд, æмæ сыл йæ цинæй æхсæв хуыссæг дæр нал хæцыд.

Идартæн сæ баком-коммæ та иунæгæй цардис Виалетæ. Уый дæр фермæйы кусæг. Æмæ куысты бæргæ фæзминаг уыд, фæлæ йæ дзæгъæлдзырд, йæ цымыдис, йæ дам-думтæ... Æгас хъæубæсты, чи кæимæ æмæ цæмæн фæхыл, чи кæй æмæ цæй тыххæй бауарзта, йæ рæбыны кæмæн цытæ æвæрд ис, кæй кæрдзынтæ баисты сау æвзалы, уыдæттæ иууылдæр зыдта. Фæсномыгæй йæ адæм Кишка хуыдтой.

– Уæртæ Кишка чи у, уыцы Виалетæ, – афтæ-иу загътой. Йæ уынд, йæ конд... Æмæ гъа! Нæ дзы раз бæрæг уыди, нæ фæстаг. Фæрсмæ йæм бакæс, уæд та силофкæ фæйнæг! Цæсгомыл фындз зынди, фæлæ йын дзых, цæст, æрфыг, дзыкку бæрæг нæ уыд. Йе 'мгæрттæ куы амæйттæ кодтой æмæ цотджын куы систы, уæд æм æрæджиау бахъардта, йæ хъуыддаг хорз кæй нæу, уый. Æмæ уæд дуканийы иу æргъом бæмбæг балхæдта, æмæ йын фæзынди раз дæр æмæ чъылдым дæр, стæй горæтмæ суади æмæ изæры æрыздæхт сатæгсау къæбæлдзыг сæрыхъуынтимæ, сауцæст, сауæрфыгæй, сырх-сырхид уадул æмæ былтимæ, стæй дæргъæй-дæргъмæ цæстыхаутимæ. Дзæкъулы дзаг та ахорæнтæ æрласта. Æмæ, рæстæг куыд цыди, афтæ Кишка-Виалетæйы цæсгом ирдæй-ирддæр кодта, йæ дарæс хъулонæй-хъулондæр, æрмæст æй уæддæр курæг нæй æмæ нæй.

Кишка чи уыд, уыцы Виалетæйы дæле та царди иу зæронд лæг. Абæбе, зæгъгæ, йæ ном. Æнæ диссаг лæг нæ уыдис уый дæр. Æхца йын æфстау авæрдтай, зæгъгæ, уæд сæм фæстæмæ æнхъæлмæ мауал кæс. Исчи-иу хæсагурæг Абæбемæ куы цыд, уæд-иу ын зарын байдыдтаид:

Ражлука ти, ражлука,
Чужойнæ штарана...

Æрхæндæгæй зардзæн, цалынмæ уазæг сфæлмæца æмæ, йæ къух ауигъгæйæ, нæ феддæдуар уа, уæдмæ. Ус дæр нæ ракуырдта – ничи йын бакуымдта. Афтæмæйты куыддæртæй царди.

Абæбейы дæле та цардысты, чызгæй чи базæронд, ахæм дыууæ хойы – Цыздæ æмæ Дзицци. Кæд фаззæттæ уыдысты, уæддæр ницæмæй æнгæс рахастой. Цыздæйæн йæ рæзыны тых тынг бацархайдта дæргъмæ, æмæ уымæ гæсгæ гуырæй, къахæй, къухæй уыдис дæргъæццон.

Дзиццийы рæзыны тых та ныццавта уæрхмæ, æмæ гуырæй, къахæй, къухæй, цæсгомæй рауади уæрæх æмæ сырхцъар. Дзиццийæн уыди бæзджын, ныллæг хъæлæс, Цыздæйæн та – лыстæг æмæ цъæхснаг. Фæлæ сæм уæддæр иу æмхуызон æууæл ссардтаис: сæ дыууæ дæр – уæзхъус хуыргæрчытæ.

Ацы дыууæ хойы Абæбейыл тынг æнувыдæй узæлыдысты. Буц

æй дардтой, сæ цæрæнбон бирæ уа. Цæвиттон, уæлибæхтæ скодтой, зæгъгæ, уæд-иу Абæбемæ фæдзырдтой, нæ кæрдзынтæ, дам, нын акув. Цалынмæ уый минас кодтаид, уæдмæ хотæ фæрсæй-фæрстæм æнкъардæй бадтаиккой, тыхулæфтытæ кодтаиккой æмæ-иу дзырдтой:

– Цæй мæгуыр дæ, иунæг, цæй мæгуыр, – загътаид Цыздæ.

– О, о! Мæ фæрстæ йын айхæлой. Нæлгоймагæн иунæгæй цæрæн и? – фæрæвдз уыдаид Дзицци.

– Ныр дæ хæдзары сылгоймаг куы уаид, уæд алы бон ахæмтæ нæ хæрис?

– Ничи мыл æрвæссы, – дыууæ комыкъулæй æууилгæйæ, дзуапп лæвæрдта Абæбе.

– Уый та дын цы ныхас у? Дæ хуызæн кондджын, уындджын лæгыл?

– Уæдæ, махмæ гæсгæ, дæуæй аивдæр нæлгоймагæн скæнынмæ нæй.

– Гъер мын ды бакомис, Цыздæ?

– Цингæнгæйæ.

– Фендзыстæм, – загъта-иу Абæбе, йæ былты сой сæрфгæйæ. – Мæнæ уал... стæй... бæрæг уыдзæн.

…Иухатт дын, Кишка чи уыд, уыцы Виалетæ хъугдуцджытæм фæхабар кодта:

– Изæрæй диссаджы кино æвдисдзысты, æмæ нын фæскуыст æнæ цæугæ нæй. Æнæ махæй йæ клубы хицау нæ райдайдзæн.

Фæскуыст хъугдуцджытæ сæхи бадзæбæхтæ кодтой, Виалетæйы пудырæй сæ цæсгæмттæ рацагътой æмæ клубмæ араст сты. Кино куы фæцис, уæд фæсивæд хъæзт ацарæзтой æмæ сæм ныууырдыг сты, фæйнæ кафты, дам, ракæнут. Ракæфтытæ кодтой. Тынг хорз фидыдтой хъугдуцджытæ кафгæйæ. Æцæг Кишка-Виалетæйæн фыр змæлдæй йæ синты бæмбæг феуæгъд æмæ йын дæлæмæ æрбырыд. Алыгъд хъæзтæй. Уалынджы дын Джулетæ ногæй куыддæр ракафыд, афтæ клубы сывæллоны цъæхахст фæцыд – Музафар тарст æмæ мæстыхуызæй лæууы, йæ хъæбысы сывæллон хæкъуырццæй кæуы.

– М' арт куыд бауазал! Мæ лæппу! – фæхъæр ласта Джулетæ, сывæллонмæ фæлæбурдта, къуыммæ базгъордта, адæммæ йæ чъылдым сыздæхта æмæ йын йæ дзыхы дзидзи фæсагъта.

Музафары хæдфæстæ хъæзты астæумæ бахызт Агыса, цы хъуынтъыз вæййы, уымæй зынгæ хъуынтъыздæрæй. Адæмыл афæлгæсыд æмæ, йæ усы куы ауыдта, уæд æм бацыд æмæ йæ лæдзæгæй ахъаззаг æркъуырдта. Саугуыдан йæ цæф аныхта, сыстад æмæ æнæдзургæйæ

дуары 'рдæм араст, Агыса йæ фæдыл, лæдзæг æрцæвынæввонгæй дары. Хъазт дæр фехæлд, уæдæ цы уыдаид, æмæ адæм ахæлиу сты.

...Азаухан уырдыгæй тъæбæрттæй йæ хæдзармæ згъордта. Идар сæ дуармæ лæууыд æмæ тынг мæстыхуызæй клубы 'рдæм каст. Азаухан æй куы суыдта, уæд æм лæгъстæмæ гæды худтытæ бакодта æмæ фæлмæн хъæлæсæй загъта:

– Сыдæй нæ амардтæ, сыдæй, нæ лæг? Ныртæккæ дæ æз истæмæйты хорз фендзынæн, – йæхæдæг ын йæ хæдон сæрфтытæ кæны, йæ цæппæртæ йын йæ къухæй нымайы, – ацы изæрæй рæсугъддæр мæм никуы кастæ, зæгъгæ йын зæгъы æмæ та йæм фæлмæн бахуды йæ сау цæстытæй, лæгъстæгæнæджы каст æм скæны æмæ дзуры æмæ дзуры. Идар мæсты кæй у, уый цыма нæ хаты, уыйау. Лæг иннæрдæм аздæхт æмæ йæм ницы дзуры.

Азаухан мидæмæ бацыд, лæг дæр тæргайхуызæй – йæ фæдыл.

– Нæ куысты тыххæй дзы ахæм хорз кино æвдыстой, ахæм...

Ницы дзуры Идар. Хæры.

– Гъестæй кино куы фæцис, уæд та ныл уыцы къулыбадæг фæсивæд дуæрттæ сæхгæдтой æмæ, марадз-зæгъай, æддæмæ ма нæ уагътой – фæйнæ кафты, дам, ракæнут. Гъемæ, адæмы æфсæрмæй...

Ницы дзуры лæг. Бахордта. Йæ былтæ асæрфта æмæ хуыссæнмæ йæхи байста. Куы æруатон сты, уæд æм ус рог худтытæ кæны, хъыдзымыдзытæ йæ кæны, фæлæ йæм лæг йæ чъылдым сыздæхта æмæ ныхъхъус. «Къах дæ роны», зæгъгæ, йæхинымæры загъта Азаухан дæр æмæ иннæрдæм азылд, йæ къæхтæ æрбатымбыл кодта. Æрдæг фынæйæ йæ цæстытыл ауадысты хæрзхаст хъуццытæ, цæрæнуаты хуызæн аив æфснайд скъæттæ, удæнцой архайæн дуцæнтæ... Стæй йæ цæстытыл ауад Идары хъуынджын цæсгом.

«Райсом æй æрсабыртæ кæндзынæн», – ахъуыды ма кодта Азаухан æмæ афынæй.

...Агыса дæр йæ лæдзæг суанг сæ хæдзармæ цæттæйæ фæдардта, фæлæ дзы цæвыны сæр нал бахъуыд. Саугуыдан йæхæдæг, кæдæм æмæ куыд рæвдз хъуыди, афтæ сæпп кодта. Хæдзары Агыса уыциуцыдæй фынджы уæлхъус æрбадт. Саугуыдан ын уайтагъд йæ разы æвзаргæ хæринаг æрæвæрдта. Цалынмæ лæг хæргæ кодта, уæдмæ уый тасы дон æрбадавта, Агысайы дзабыртæ феппæрста, йæ къæхтæ йын ахсадта, йæ дарæс ын раласта, сывæллонау æй йæ хъæбысы фелвæста, хуыссæнмæ йæ бадавта, хъавгæ йæ æрæвæрдта æмæ йæ хъæццулæй бамбæрзта. Йæхæдæг лæугæ-лæууын цыдæртæ ауыылдта, фынг афснайдта,

æрхуыссыд æмæ уайтагъд йæ хуыр-хуырæй къустæ æмæ уидгуытæ зæлланг кæнын байдыдтой.

...Музафар, сывæллон йæ хъæбысы, афтæмæй кæуынхъæлæсæй дзырдта:

– Омæ, йарæбын, æз дæр лæг куы дæн, мæнæ ай дæр сывæллон куы у, уæд уанцон куы нæу...

– Уый афтæ у, – зæгъы Джулетæ дæр кæуындзæг хъæлæсæй, – фæлæ адæмы зæрдæхудты бацæуын дæр цас аив у? Чи нæ схъомыл кодта сидзæрæй? Чындзæхсæвтæ-йедтæ нын чи фæкодта? Адæмæн нæ кувæм уый тыххæй?

– Омæ æз дæр лæг куы дæн! Ай дæр сывæллон куы у, уæд уанцон нæу...

– Уый афтæ у, афтæ, фæлæ адæмы зæрдæхудт...

Сæ хæдзармæ æрбахæццæ сты. Музафар сывæллоны æрæвæрдта æмæ йæм бахъæрæг кодта:

– Йæ, мæгуыр дæ бон, гъе, æнæ мадæй чи хъомыл кæны!

Уыцы ныхæстæм Джулетæ йæ хъæлæсыдзаг нырдиаг ласта:

– Мæнæ цы 'намонд бон райгуырдтæн! Кæд мæхи æрбамарон, æндæр цы кæнон, уый куы нæ зонын!

Уæд Музафар йæ тъизын фæуагъта æмæ Джулетæйы тарстхуызæй афарста:

– Ныр цытæ дзурыс? Ай саби куы у... Æз лæг куы дæн…

– Уæдæ цы кæнон, куынæ мæ 'мбарыс, уæд!

– Æз дæу?! Æз дæу не ’мбарын?!

– Мæ сыгъдæг уарзондзинадыл мын гадзрахатæй куы цæуыс!

– Æз?!

– Гъемæ дæ уадзын. Æрбакæн-иу, мæнæй хуыздæр аргъ кæмæн кæнай, ахæм! – Ус сывæллонмæ фæлæбурдта æмæ, куыддæр акъахдзæф кодта, афтæ уый æрбацъæх, æрбадымст, банæтыд.

– Æллæх! – фестъæлфыд Джулетæ. – Æри-ма сыгъдæг хæцъилтæ. – Сывæллоны райхæлдта, асыгъдæджытæ йæ кодта, йæ быны йын хус хæцъилтæ айтыдта æмæ йæм дыууæйæ дæр, сæ мидбыл худгæйæ, кæсынц. Сывæллон сæм исдуг ныдджих, стæй æваст ныххудти, ныццин кодта æмæ йæ гæндзæхтæ сцагъта.

– Базыдта нæ! – æмулæфт скодтой ныйййарджытæ æмæ кæрæдзиуыл ныттыхстысты. Афтæмæй, сæ лæппумæ кæсгæйæ, хъæбыс-хъæбыс лæууыдысты æмæ хъуыды кодтой: ай хуызæн аив æмæ зондджын сывæллон зæххыл нæма уыд, стæй райгуыринаг дæр нæу – иу хуры тын æрхауд зæхмæ æмæ уыдоны хай фæцис.

...Кишка-Виалетæ иу-цалдæр лæппуйæн бæргæ балæгъстæ кодта, нæхимæ ма мæ схæццæ кæнут, зæгъгæ, фæлæ йын уыдон цыдæр æфсæнттæ акодтой æмæ æндæр чызджытимæ афардæг сты.

Мæй скаст. Бæстæ ныррухс, уæдæ цы уыдаид. Бæлæсты фæлмæн сыр-сыр цыди, хæфсытæ ерысæй уасыдысты, куыйты рæйын хъæуæн йæ иу кæронæй иннæмæ хъуысыд. Виалетæ та æнкъардæй хылди йæ хæдзармæ. Кæрты дуармæ бандоныл æрбадт, мæймæ нымдзаст æмæ, хъæрзгæйæ, загъта:

– Æллæх-æллæх! Ноджы ма мæм ацы мæй дæр афтæ куы ныддзагъыр вæййы... Цы тæригъæд дæ, мæ уд, цы тæригъæд!

Арф ныуулæфыд, сыстад, мидæмæ бацыд. Йæ синты бæмбæджытæ хъавгæйæ рафтыдта æмæ йæ уазал хуыссæны æрхуыссыд.

Æрфынæй хъæу. Ныссабыр сты куыдзæй, хæфсæй, адæмæй. Æрмæст ма мæй йе 'взист тынтæ зæхмæ калдта, бæлæстæ сыбар-сыбур кодтой, æмæ уыджы зæрдæуынгæггæнæг уасын кæцæйдæр хъуысти.

...Бон нæма æрбацъæхтæ, афтæ йæ хуыссæнæй цæрдæг рагæпп ласта Азаухан, йæ дзæбæхдæр къаба йæ уæлæ æрбаппæрста, сæрыхъуынтæй, цæсгомæй йæхи бацалцæгтæ кодта æмæ йæ лæджы цурмæ кълецæй бауад. Лæг фынæй кæны. Азауханы зæрдыл æрбалæууыд, зулдзых æм кæй у, уый æмæ, бахудгæйæ, загъта:

– Ницы кæны, мæ хур. Мæнæ уал æххæст мæ хъуджы радуцон, стæй дæ зæлдаг фестын кæндзынæн, – йæхæдæг бедраимæ скъæтмæ фæраст.

Лæг дæр уæдмæ сыстад, рацыд кæртмæ, йæ кусæн дарæсы цæппæртæ æвæргæйæ. Йæ цæсгом... Сау мигъ никуы федтат! Фæлæ Азаухан барæй йæхи ницыуынæг скодта. Афтæ йыл узæлы, раст æй цыма афæдз нæ федта, уыйау.

– Уый ды куы дæ! – загъта Азаухан. – Æзынма, дуне æваст цæмæн ныррухс. Афынæй ма кодтаис. Ныртæккæ дæ хæринаг дæр цæттæ уыдзæн. Изæры-ма бавдæл æмæ дæ ног уæлæдарæс скæн æмæ цом дæлæсыхмæ. Къамы хуызæн дзы вæййыс.

Афтæтæ дзуры æмæ дзуры, рог худтытæ кæны, йæ дарæс ын асæрфы, йæ хæдоны цæппæртимæ йын архайы. Идар ын, æнæдзургæйæ, йæ къухтæ асхуыста, сæрыстырхуызæй кæрты дуары 'рдæм араст, гыццыл дуар ныггуыпп ласта æмæ æххормагæй фæцæуæг. Азаухан йæ фæдыл кæсгæйæ аззад, загъта:

– Ничи йæм кæсы?! Кæмæн фыддæр – хъæбæрдæр!

Йæ цæстытæ доны разылдта, асиныл æрбадт æмæ ныккуыдта. Уалынджы зæхх базмæлыд, кæрты дуар, хъинцгæнгæ, байгом, æмæ кæртмæ æрбахызт Саугуыдан.

Азауханы кæугæйæ куы федта, уæд йæ бæзджын хъæлæсæй ныббогътæ ласта æмæ йæ фарсмæ асинтыл æрбадт.

– Цы кæныс ды та? – йæ кæуын фæуагъта Азаухан.

– Хайуан, дам!

– Кæй хайуан?

– Æмæ гъа!

– Омæ уæддæр кæй хайуан?

– Никæй. Мæнæй уый, дам, у хайуан.

– Хайуан дæ рахуыдта?

Саугуыдан йæ сæрæй акуывта о, зæгъгæ.

– Гъæ-гъи! – загъта Азаухан. – Ничи йæм кæсы? Æмæ уымæн цы хос ис, уый нæ зоныс? Къух дард фæхæсс æмæ – дзæхст! Цы у дæ цуры, хъæды систы йеддæмæ?

– Рынчын у!

– Кæд рынчын у, уæд йæ рынчыны бынаты æнцад бадæд!

Кæрты дуары хъинц та фæцыд, æмæ раздæр æрбазынд авдæн, йæ фæдыл та Джулетæ æд сывæллон. Æрлæууыд æмæ уыцию куыд ныккодта. Уый кæуынмæ та Азаухан æмæ Саугуыдан дæр фемæхстысты. Бацыдысты йæм кæугæйæ æмæ сæ иу сывæллон айста, иннæ – авдæн, фæстæмæ æртæйæ дæр асинтыл æрбадтысты æмæ хæкъуырццæй кæуынц.

Кишка-Виалетæ цыдæр архайдта, афтæмæй йæм Идарты кæртæй æрдиаг æрбайхъуыст.

– Æллæх! Уым цыдæр и! – зæгъгæ, фæкодта æмæ йæ уæлæ тагъд-тагъд цыдæртæ æрбаппæрста, лæф-лæфгæнгæ Идарты кæрты смидæг. Устыты кæугæйæ куы федта, уæд сæ фарсмæ æрбадт, йæ фæччитæ адзæбæхтæ кодта æмæ лыстæг цъæхснаг хъæлæсæй нынниудта.

Сæ фаг куы фæкуыдтой, сæ тыппыртæ куы суагътой, уæд исдуг æнæдзургæйæ абадтысты, хæкъуырцц улæфтытæгæнгæйæ.

– Цæуыл куыдтам, цæуыл? – æппынæрæджиау сæ афарста, Кишка-Виалетæ чи уыд, уый, æмæ сыл ныр та худæг бахæцыд.

Стæй Азаухан йæ цæстытæ асæрфта, йæ фындз амарзта æмæ загъта:

– Тъизынæй æцæгдæр ницы ис. Исты сын æрхъуыды кæнын хъæуы.

– Æмæ сын цы æрхъуыды кæндзынæ? – банæрыд Саугуыдан. – Æрдзæй сæ конд афтæ у æмæ...

– Сæ конд! Æмæ махмæ ницы конд и? Кæс-ма, Хуыцауы тыххæй! Сæ

дарæсмæ сын зил, сæ гуыбынтæ сын æфсад, сæ хæдзæрттæ сын рæвдз дар! Æмæ сæ исты домæм уый тыххæй? Æрмæстдæр иу: у-ва-же-ни!

– Бæгуыдæр, иунæг уважени, – загъта Джулетæ, – уый дзы куы нæ уа...

– Ницы уыйас уважени сæ домдтам! – банæрыд та Сагуыдан.

– Гъемæ сæ кæд нæ домдтам, уæд æй гъеныр æрдомдзыстæм! Уæдæ ныл цæуыл футтытæ æмæ диссæгтæ кæныц? Хъуыддаджы фæдыл нæ ацыдыстæм клубмæ? – бафарста Азаухан.

– Хъуыддаджы! – æмхъæлæсæй загътой сылгоймæгтæ.

– Æмæ нæхи ирхæфсынмæ куы ацыдаиккам, уæддæр уадиссаг у! Бар нæй? Уæд сын уыдон цы митæ сты?! – Саугуыдан йæ цæф уæхск аныхта æмæ сцæйкуыдта.

– Ныхъхъус у! – фæхъæр ыл кодта Азаухан. – Мæ фæндмæ байхъусут. Мах хъуамæ нæ лæгтæн бамбарын кæнæм, сылгоймаг цы у æмæ ног царды мидæг цы бынат ахсы, уый! Иу къуыри æнæ рæвдыд, æнæзылд, æххормæгтæй куы ацæрой, уæд нæм сæ гуыбыныцъæрттыл æрбабырдзысты. Цыбырæй, бавдæлæм æмæ иу къуыри нæ хæдзæрттæй фæлидзæм!

– Гъер адон сæрхъæнтæ не сты, – йæхиимæ дзурæгау загъта Виалетæ. – Дæ лæгæй барвæндæй ацу! Уважени, дам! Нычъчъыртт кодтон æз ахæм уваженийыл! Мæ хæдзар лæджы тæф кæнæд, уый йеддæмæ!

– Омæ кæдæм фæцæуæм? Кæй хъæуæм? – загъта Джулетæ.

– Уæртæ Дзицци æмæ Цыздæйæн замманай дынджыр хæдзар, – загъта Азаухан.

– Æмæ нæ уадзынц?

– Æрлæгъстæтæ сын кæндзыстæм. Цæугæут æмæ æд дзаумæттæ – Цыздæтæм. Стæй-иу авзарæнт нæ лæгтæ! Сæ гуыбынтæ сæ куы срæхойой...

– Хæдзары æхцайы мур ма ныууадзут. Суанг сын сæ дзыппыты дæр баджигул кæнут.

– Хæдзари-хæдзар зилдзысты, æмæ сæ адæм æфсаддзысты.

– Адæмимæ дæр баныхас кæндзыстæм.

...Изæрыгон Идар йæ куыстæй сæхимæ æрбацæйцыд. Йæ цæстытыл уадысты Азауы сау цæстытæ, йæ худæндзаст, йæ цæрдæг змæлдтытæ æмæ зæрдæхъæлдзæгæй йæ хæдзармæ тындзыдта. Фæлæ ай цы хабар у? Хæдзар талынг. Сæ хъуг уынджы къæйыл лæууы æмæ мидæмæ баниу-бауас кæны.

– Цыдæр ныл æрцыд! – фæтарсти Идар. Хъуджы кæртмæ бауагъта, хæдзармæ базгъордта, пецы сæр спичкæтæ, сгаргæйæ, ссардта, цырагъ

ссыгъта, бакаст иу уатмæ, иннæ уатмæ – змæлæг нæй!

– Ацы сыл бынтондæр скъулбадæг! – хъæрæй загъта, стæй стъолыл цыдæр гæххæтт ауыдта. Фелвæста йæ:

«Мæ цæргæс! Æз ацыдтæн дæ ахстонæй. Сылгоймагмæ паддзахадæй бартæ кæй ис, уый кæд бамбарай æмæ мын уважени кæнай, уæд æрбаздæхдзынæн, кæннод нæ!

Дæ кæддæры Тауче».

Идар хæлиудзыхæй аззад, дуары 'рдæм бакаст, къуымтыл йæ цæст ахаста, æркаст та гæххæтмæ, æмæ йæ цæсгом сырх хъулæттæ афæлдæхт.

– Æ, цъаммарæй чи райгуырд, уыцы налат! Цытæ мын уæнды!

Катайгæнгæ, уаты къуымты æрзылд, цырагъмæ фæлæбурдта, кæртмæ ратындзыдта æмæ ам Агысаимæ хæрхæмбæлд фесты. Уымæн дæр йæ къухы гæххætт. Идармæ йæ бадаргъ кодта.

– Уый та циу?

– Бакæс æй!

Гæххæттыл зылын-мылын дамгъæтæй фыст:

«Ацыдтæн. Цалынмæ нын уважени кæнат, уæдмæ. Дæ риссаг къух хъахъхъæн. Ацы хъаймæт дæр кæд бирæ нæ ахæссид. Æз».

Уалынджы уынджы кæйдæр къæхты тъæбæртт фехъуыст, кæрты дуар нырриуыгъдæуыд, æмæ мæнæ Музафар мæрдон фæлурсæй кæрты смидæг.

– Мæ... Мæ... Мæ... – ныхас йæ дзыхы нал бады.

– Цы! Цы! – фæгæпп ластой лæгтæ.

– М-мæ-мæнæ... – сфæрæзта Музафар æмæ Идармæ гæххæтт бадаргъ кодта.

Идар хъæрæй бакаст:

«Мæ дунейы рухс! Кæд ацыдтæн, уæддæр мæ зæрдæ демæ баззад. Фæлæ гæнæн нæй. Уважени мын куы нæ уа дæуырдыгæй, уæд нын иумæ цæрæн нæй. Сывæллон дзæбæх у. Дæ зæрдæ йæм ма 'хсайæд».

– Дуне иннæрдæм рафæлдæхт, æви? – Идар йе 'мбæлттæм бакаст.

– Уæдæ нæ? Дæ лæджы искуыдæр ма æххормагæй ныууадз! – фæхъæр ласта Агыса.

– Кæд ма йын æз нæ кодтон уважени, – кæуынхъæлæсæй загъта Музафар.

Идарæн хæринаджы коймæ йæ ахсæн срыст æмæ йæ маст бынтондæр рафыхт. Асинтыл уæлæмæ сызгъордта, тымбылкъухæй уынджырдæм бавзыста æмæ хъæлæсы дзаг бартхъирæн кодта:

– Фæлæуу, уæртæ налат! Æз дын, лæг циу, уый куы нæ фенын кæнон!

– Æз дын мæ лæдзæг дæ тæккæ синтыл лыстæг муртæ куынæ ныккæнон! – бацырын Агыса дæр.

– Йаръæбын, цы йын кодтон? Куы ницы мæ сæрæн зонын! – нырдиаг та кодта Музафар.

– Ахæрын дæр æвзæр нæ уаид, – загъта Идар.

– Ницы нæм и. Агуырдтон, – бахъуыр-хъуыр кодта Агыса.

– Махмæ дæр, – арф ныуулæфыд Музафар.

– Стæ-ма, æз исты фенон, – Идар мидæмæ бацыд.

Исдуг уырдыгæй йæ æлгъыст æмæ æгты зæланг хъуыст, стæй цы мæсты уыд, уымæй мæстыдæрæй раздæхт.

– Туй, цъаммар, – загъта, – марадз-зæгъай, кæд иу кæрдзыны къæбæр, иу капекк ныууагъта! Цом-ма, адæм хорз сты...

Феддæдуар сты æмæ уынджы уырдыгмæ цæрдæг асæпп кодтой.

Виалетæ рудзынгæй лæгты фæдыл кæсы. Уыдон куы фæаууон сты, уæд йæ рудзынг ахгæдта æмæ уайтагъд уынджы фегуырд. Хъуыддагхуызæй Идары хæдзары смидæг. Тæрхæгæй бедра райста, скъæтмæ бацыд æмæ хъуг дуцынык æрбадт. Дуцы, йæхиимæ хъæрæй дзуры:

– Фæлæуу, æдылы къоппа, æз ацы лæджы мæхирдыгæй куы нæ фæкæнон! Мæхи йæм фæлмæн куы аскъæрон... Нæлгоймаг тæссонд у! Бæмбæдджджын гуырыконд дæр æй тавы, йæ гуыбын ын адау, æндæр.

Уалынмæ кæйдæр хæдзарæй рацыдысты Идаритæ, уынджы астæу æрлæууыдысты æмæ, мæстæй тъæппытæ хаугæ, сæ гæндзæхтæ цæгъдгæйæ, карз ныхас кодтой.

– Иры дзыхъхъы искуы ахæм хабар æрцыд, æмæ уазæджы зыбыты æххормагæй рарвит!

– Кæрдзын, дам, не скодтон! Нывыл сылгоймаг та искæмæй æрбадавы!

– Хъæдындз дæр сæм не ‘рзад!

– Иу арахъхъ уæд та макæмæ баназ!

– Иу хæдзары ма разынæд кæрдзыны къæбæр! – Идар арф ныуулæфыд æмæ загъта:

– Цом нæ хæдзæрттæм. Хуызæр гæнæн нæй.

Хæрзæхсæв загътой кæрæдзийæн æмæ æнкъардæй алчи йæ хæдзармæ ахылд. Музафар уайтагъд уынгмæ ракаст æмæ дзы куы никæй федта, уæд хъуызгæ-хъуызгæ Цыздæты кæрты балæууыд.

...Цыздæты стыр уаты нæ сылгоймæгтæ дзадджын фынджы уæлхъус бадтысты. Алы хабæрттæ, хъазæн ныхæстæй худтысты гыццыл истæуыл дæр.

Стæй Саугуыдан йæ къæбæр фæстæмæ æрæвæрдта æмæ загъта:

– Мах худæм, мах хæрæм, нæ лæгтæ та афонмæ æххормагæй æмæ æнæ рæвдыдæй...

– О, цæй! Ссадæй, сойагæй, картофæй хæдзары алцыдæр **ис.** Скæнæнт æмæ хæрæнт! – скарста Азаухан.

Фæхъус та сты, æнкъардæй бадынц. Æмæ уæд Азаухан сындæггай базарыд:

Æз, хохмæ цæугæйæ,
Цы хæхтыл фæзылдтæн,
Тæрсгæ ’мæ ризгæйæ, гъей!
Æз, ардæм цæугæйæ,
Цы уарзон ныууагътон,
Кæугæ ‘мæ ниугæйæ.

Зары Азаухан. Хъырнынц иннæтæ. Сæ цæссыг сæ тæбæгътæм кæлы.

– Ныр, Азаухан, – лæгъстæгæнгæ райдыдта Саугуыдан, – куы ауаиккам æмæ сæ истæмæйты куы афсадиккам... Стæй фæстæмæ ардæм. И?

Ницы дзуры Азаухан.

– Кæннод, – загъта Джулетæ, – сæ ахсæнтæ куы фехæлой.

– Æмæ гъа! – æрæджиау сфæрæзта Азаухан дæр.– Нæ зонын…

– Цы зонын æй хъæуы, – фæгæпп ластой Саугуыдаи æмæ Джулетæ. Ныртæккæ фæстæмæ ам уыдзыстæм.

Февнæлдтой фынджы хæринæгтæм, атыхтой сæ. Азаухан дæр, рахъуыды-бахъуыды кæнгæйæ, цыдæртæ систа, исдуг æнæдзургæйæ алæууыд, стæй сæ фæстæмæ æрæвæрдта æмæ загъта:

– Нагъ! Уый гæнæн нæй. Афтæтæ куы кæнæм, уæд ма тæргай цæмæн фæлыгъдыстæм?

– Ихы къæртт! Ихы къæртт ис дæ риуы, зæрдæ нæ, фæлæ! – сæрдиаг кодта Саугуыдан æмæ йæ хæринæгты тыхтон фынгмæ мæстыйæ баппæрста.

Кæртæй æрбайхъуыст куыдзы мæллæг ниуын. Джулетæ фестъæлфыд, рудзынгмæ йæхи байста, акаст æмæ дын бæласы бын Музафары куы ауынид.

– Уыцы куыдз, æвæццæгæн, æххормагæй ниуы, – загъта, фынгæй цыдæртæ айста æмæ феддæдуар.

Музафар йæ бынаты æнцад лæууыд.

– Мæ дунейы рухс! – Джулетæ йæ лæджы хъæбысмæ йæхи баппæрста, сæрфтытæ йæ кæны уадулæй, сæрыхъуынæй. – Мæ къона

акæнай. Сыдæй нæ мæлыс? Мæнæ ма адон ахæр, – йæ дзыхы йын хæринаг тъыссы. Музафар бирæгъау æнæууылдæй ныхъуыры.

– Сывæллон куыд у? – æууилгæ-æууилын афарста.

– Дзæбæх у. Дæ зæрдæ йæм ма 'хсайæд. Абон ын афтæ зæгъын: зæгъ-ма, мæ къона «баба» æмæ дын афтæ «ба-ба».

– Æцæг?

– Мæ мард фен!

– Уыныс, куыд æмбаргæ у! Цом-ма, иу каст æм уæддæр бакæнон.

– Азаухан мæ куыйты хæринаг фæкæндзæн!

– Уæ, уыцы Азаухан... – æмæ та кæрæдзиуыл ныттыхстысты. Æрæджиау Музафар афтæ:

– Цом-ма уал иу гыццыл нæхимæ.

– Нæй гæнæн.

– Сахатырдæг уæд та.

– Нæй гæнæн!

– Уæд та мæнæ къутæрты аууонмæ.

Джулетæ Музафары хъæбысæй йæхи атыдта æмæ афтæ:

– Цы, дам, цы?! Къутæртæм мæ ласыс? Æмæ дын исты хæтаг сыл дæн? Æнæгъдау! – цæхгæр фæзылди æмæ хæдзармæ фæцæуæг.

– Фæлæуу-ма, хъазгæ кодтон, – бæргæ ма йæм дзырдта Музафар, фæлæ йæм Джулетæ фæстæмæ дæр нал фæкаст.

Диссаджы райдзаст дуне уыд дыккаг бон. Арв – сæгъы цæстæй сыгъдæгдæр. Хур дæр уыцы фæлмæнæй йæ цæст дары зæхмæ. Фæлæ Идар æрдзы рæвдауæнтыл нæ уыд. Райхъал тынг стонгæй. Агъуысты уæлдæфмæ басмыстытæ кодта, æмæ хæринаджы тæф куы никуыцæй цыд, уæд йæ зæрдыл æрбалæууыд, цы бæллæхы бахаудта, уый. Фæгæпп ласта æмæ, йæ дарæс йæ уæлæ мæстæйхæлгæйæ кæнгæйæ, дзырдта:

– Фæлæуу-ма дзы, уæдæ, уæртæ куырысмæдзог! Мæ зын – дæуыл фæхæст!

Рацыд æддæмæ. Йæхи ахсадта, алæууыд, ахъуыды кодта: «Хъæдындз, булчъытæ бæргæ ис, фæлæ кæрдзын, кæрдзын!» Ауад цæхæрадонмæ, хъæбысы дзаг хъæдындзтæ æмæ булчъытæ æртыдта æмæ, куыддæр кæртмæ æрбахызт, афтæ гыццыл дуары дæргъвæтин хъинц фæцыд, æмæ æрбазынди Агысайы фæстаг æрдæг, стæй йæхæдæг æнæхъæнæй дæр – сыдз-мыдзы цæугæйæ кæртмæ æрбахызт. Хъавгæ йæ мидбынаты зылд æмæ уæд рабæрæг, уымæн дæр йæ хъæбыс хъæдындзтæ æмæ булчъытæй йæ тæккæ дзаг кæй у, уый.

– Гъæйдæ-гъа! Хъæдындз мæнмæ фаг нæй?

– Мæнæ зæгъын цыдæртæ... Фæлæ къæбæр нæй æмæ...

Ногæй та гыццыл дуары хъыллист фæцыд, æмæ дзы 'рбазынд дынджыр къах ирон дзабыры, йæ фæдыл – иннæ дынджыр къах арфхъусджын къалосы, стæй – хъæбысы дзаг хъæдындзтæ æмæ булчъытæ, æппынфæстаг та – худгæ- 'рттивгæйæ, Музафары цæсгом.

– Ай дæр та хъæдмæ сугтæ æрбампъыхта! – бардиаг кодта Идар. – Фæлтау иу дзулы къæбæр…

– Къæбæр нæй, – саст хъæлæсæй загъта Музафар, исдуг къæмдзæстыгæй алæугæйæ, стæй йæ хуын стъолыл æркалдта.

– Йарæбын, – загъта Идар, – ныр иу дзул нæ алхæниккам!

– Сом ссардтон, – загъта Музафар.

– Сом? Уый æнæхъæн мулк куы у! Сæпп кæ дуканимæ!

Музафар куы феддæдуар, уæд Агыса йæ дзыпмæ нывнæлдта, цъæх авг дзы систа, стъолыл æй æрæвæрдта æмæ загъта:

– Мæнæ ма ай ссардтон. Басмуд ма йæм, Идарыхъо, арахъхъ нæу?

– Смудынхъом ма куы уаин, уæд мæгуыр уаин! Мæ фындз ныннуд.

– Уæдæ мæнæн дæр æмыр æхгæд куы у.

– Кæм æй ссардтай æд рыгтæ?

– Йæ нозт æмбæхсæн бынаты. Сыгъдбын ын вæййы, фæлæ уæддæр карзæй хæцаг у.

– Уæдæ уал нæм арахъхъ уыдзæн! Æз агуывзætæ радавон, – Идар асинтыл, лæппуйы сæррæттытæгæнгæ, хæдзары скуыси æмæ цæсты фæныкъуылдмæ дыууæ агуывзæимæ фездæхт.

– Æркæ-ма! Абон Хуыцауы бон у, æмæ йын Йæ табуйаг ном ссарæм.

– Мæтæй нæ амардтой нæ сылтæ! Замманай сæрибар цард нын ис! Дзæнæт, дзæнæт, – загъта Агыса, арахъхъ уадзгæйæ. – Цæй, уæдæ, абон кæй бон у, уый хорзæх нæ уæд!

– Оммен! Цæй, уыциу цæфæй!

Нуазæнтæ сæ хъæлæсты бакалдтой, аныхъуырдтой сæ, стæй хæлиудзыхæй, дзагъырдзæстæй кæрæдзимæ нымдзаст сты. Ницы дзурынц.

– Ай цыдæр хъылма ма уæд, –- фæсусхъæлæсæй сфæрæзта Идар.

Агыса хъыхъхъытæгæнгæ хъæдындзмæ фæлæбурдта æмæ удаистæй æууилы. Идар та донмæ фæлæбурдта æмæ йæ хъæлæс æнхъæвзы. Музафар, дзул йæ дæлармы, афтæмæй сæ цуры алæууыд.

– Ныр нын ницыуал у, – загъта, дзул стъолыл æрæвæрдта, уæлдæфмæ басмыста, агуывзæйы йæ фындз фæтъыста. Тарстхуызæй бакæстытæ

кодта Идаритæм æмæ сæ фæсус хъæлæсæй афарста.

– Фæтæген банызтат æви?

– Уастæн емынæ куы аныхъуырдтаиккам, – загъта Идар.

– Ницы нын уыдзæн. Ирон лæджы ахсæны марг дæр тайы, – хуыфгæ-хуыфын сдзырдта Агыса.

Уæдмæ та дуары хъинц фæцыд, æмæ мæнæ кæртмæ тасгæ-уасгæ æрбахызт Виалетæ. Цы хъулон вæййы, уымæй кæркæ-мæркæ хъулондæрæй. Йæ иу къухы – арахъхъы гуыбынджын графин, иннæйы – чъирихæссæн тæбæгъ урс цикъæйы бастæй. Кæрты астæу æрлæууыд, цалдæр тасты æркодта, йæ цæстытæ уæларвмæ систа, стæй сæ зæхмæ ныццавта æмæ загъта:

– Уæ райсомтæ хорз!

– Уæ, кæй райсом у, уый хорзæх дæ уа; уæ, дæ къухтæ сызгъæрин фестой; уæ, амæндты хуыздæр дæ хай фæуа! – æмхъæлæсæй схор-хор кодтой лæгтæ.

Виалетæ стъолмæ денджызы хъазау баленк кодта, йæ хуын æрæвæрдта æмæ загъта:

– Дæсны нæ дæн къæбæр кæнынмæ, фæлæ, зæгъын, æххормаг уыдзыстут, æмæ...

Уæ, мæгуыр Виалетæ! Нæ федта, куы цыд, уæд йæ сыхæгты рудзгуытæй сылгоймæгты сæртæ куыд разындысты æмæ Виалетæйы фæдыл куыд кастысты, стæй сылгоймæгтæ куыд рауадысты, сæ фæрæттæ æмбæхсгæйæ, æмæ Виалетæйы хæдзары куыд скуыси сты, уый!

Нæлгоймæгты цæстытæ цæхæртæ калын байдыдтой, сæ хъæлæсты зæланг цæуы:

– Уæ, дæ хуын бирæ уа, – зæгъынц, – усгурты хуыздæр дæ хай фæуа, – зæгъынц, – нарты Сатана дæ, –зæгъынц. Кувынц, нуазынц, хæрынц. Виалетæйæн йæ цæсгом рухсæй-рухсдæр кæны, йæ ратас-батас фæтынгдæр æмæ та йе ’рфгуыты бынæй Идармæ фæлмæн, рæвдаугæ цæстытæй бакæсы.

Æмæ та кæцæй федтаид Виалетæ, йæ хæдзарæй сыхæгты устытæ куыд рагæппытæ ластой, кæйдæр сабийы куыд рацахстой, йæ хъусы йын цыдæртæ куыд адзырдтой æмæ сæ хæдзæрттæм куыд фæлыгъдысты, уый. Саби, лæфлæфгæнгæ, Идарты кæрты дуарæй æрбахъæр кодта:

– Уæ, Кишка! Уæртæ дын Аккаты хуытæ дæ кау басастой æмæ дæ цæхæрадонмæ баирвæзтысты! Фæдис!

– М’ арт бауазал! – ныцъцъæхахст ласта Виалетæ æмæ згъорынмæ

фæци. Уайтагъд йæ хæдзарæй райхъуыст кæуыны æрдиаг, дзыназын æмæ сау æлгъыстытæ.

Æвиппайды Агыса мæрдон фæлурс æрбаци, фæдыдагъ, йæ гуыбынмæ фæлæбурдта æмæ ныккæрзыдта.

– Цы кодтай? Цы кæныс?!

Агыса цæф сырдау фестъæлфыд, уыциу сæррæттæй цæхæрадоны смидæг æмæ, хъæдындзтæ ссæндгæ, уазæгдоны скуыси.

– Цы кодта, цы? – фæсонт Музафар.

Фæлæ Идар дзурынхъом нал уыд – ныффæлдæхт стъолыл æмæ худæгæй басур.

– Марг... марг, дам... ирон лæджы ахсæн... Ницы, дам нын уыдзæн... нæ, дам нын уыдзæн...

Уый худынмæ Музафарыл дæр худæг бахæцыд.

– Фæтæгенæй афтæ фæци?

– Уæдæ нæ!

Æмæ та дыууæйæ дæр худæгæй бакъæцæлтæ сты. Фæлæ Идарæн йæ худын цæхгæр фæсыкк, йæ цæсгом цикъæйау афæлурс, йæ тъæнгтæм фæлæбурдта æмæ ныкъкъæдзтæ.

– Ницы, дам нын уыдзæн!.. Ирон лæджы дуртæтайæн ахсæнæн… – Фæгæпп ласта. – Нæ, дам нын уыдзæн! Нæ, дам нын уыдзæн ницы мур дæр! – афтæ хъæргæнгæ, нартхæртты 'хсæнмæ азгъордта.

Фæстæмæ куы бамбырд сты, уæд Музафар нæуæндонхуызæй райдыдта:

– Ныр, зæгъын... бацæугæйæ... æмæ сæ хатыртæ ракургæйæ, нæ йедтæй… къæбæргæнджытæй… уæд куыд уаид?

Идар æмæ Агыса кæрæдзимæ бакастысты.

– Цæугæ нын у! – фæгæпп ласта Агыса. – Æвæстиатæй!

Фестадысты. Идар загъта:

– Цомут!

Æмæ лæууынц.

– Цæй, цом, – загъта Агыса.

Æмæ та лæууынц.

– Цæуæм, уæдæ? – афарста Музафар.

Лæууынц.

– Цæй, ды разæй ацу, Идар.

– Нæ, нæ! Ды хистæр дæ, Агыса.

– Нæ, нæ! Ды та бригадир дæ! Стæй мæнæй цæй дзырддзæугæ лæг ис...

Дзицциты кæрты æнгуз бæласы бын дзадджын фынджы уæлхъус бадтысты нæ сылгоймæгтæ. Ничи сæ ницы дзуры. Алчи сæ къæбæр райсы, акомдзаг кæны, æнæбары йæ æууилы æмæ та сæргуыбырæй хъуыдыты аныгъуылы. Æрмæст Цыздæ æмæ Дзицци гъæйттæй хæрынц, æууилынц, лæбурынц. Азаухан тыххæйты искуы-иу хатт хъазæн ныхас срæцугъы, фæлæ йыл скудæг куы нæ вæййы, уæд та хъусæй фæбады.

Стæй дын Саугуыдан куы бахъарæг кæнид, йæ фæдыл Джулетæ. Азаухан сыл раздæр схъæртæ ласта, стæй уый дæр нал фæлæууыд, ныккуыдта. Кæуынц, хъарæг кæнынц. Иу иннæйы дзыхæй хъарæг исы.

Уалынджы кæртмæ Идар æрбахызт. Къæмдзæстыгхуызæй. Йæ фæдыл – Агыса æмæ Музафар. Тæфæрфæсгæнджытау æрлæууыдысты – ницы дзурынц. Сылгоймæгтæ фестадысты æмæ сæм хæлиудзыхæй кæсынц. Æрæджиау Идар загъта:

– Фарн уæ бадты.

– Фæрнæйдзаг ут, – дзуапп радта фæсус хъæлæсæй Азаухан. – Мидæгдæр рахизут, нæ буцгæнинаг уазджытæ.

– Бузныг, – загъта Идар. – Мæнæ уæ, зæгъын, бабæрæг кæнæм, зæгъын. Кæд, зæгъын...

– Мæнæ фынгмæ саккаг кæнут. Кæд, мыййаг, æххормаг стут.

– Нæ, бузныг. Æфсæст стæм, – загътой лæгтæ æмæ, куыд амал уыд, афтæ рæвдзæй фынгмæ сæхи байстой, æрбадтысты. Алчи йæхионы фарсмæ. Сæ къухы сын уыдон нуазæнтæ фæсагътой.

Зæрдæхæлд фесты сæ устытæ, сæ зыдæй хæрдмæ сын куы бакастысты, уæд.

– Мæ фæрстæ уын айхæлой! Сыдæй куы фæцæймардыстут! – ныннæрыд Саугуыданы цæссыгдзаг хъæлæс.

– Мæнæ ма ай фен, – загъта Азаухан, Идары тæбæгъы карчы æрдæг æвæргæйæ.

– Ахæр, мæ дунейы рухс, – загъта Джулетæ. – Дæ карæн лæппу-лæг бирæ хъуамæ хæра.

– Бæстон æууил! Дæ хъуыры сæдзы! – Саугуыдан Агысайы цур дзидзайы фæлмæнтæ æвæры.

Хæрд куы фесты, сæ сойæдзаг былтæ куы ныссæрфтой, уæд Идар загъта:

– М-м-м, йед у... Цæвиттон... Ауынаффæ кодтам æмæ... Махмæ дæр дзы ис аххос. Рæвдыдтæ-йедтæ... Æндæр лæгъз митæ... Æмæ уый нал уыдзæн. Йед...

– Цы нал уыдзæн? – бафарста Азаухан. – Рæвдыдтæ-йедтæ?

– Нагъ! Рæвдыдтæ-йедтæ ма уыдзæн, фæлæ мæнæ иннæ митæ… аппæрстам сæ... Клубмæ дæр-иу ауайут... Стæй æнæуи дæр. Æмæ афтæмæй... Цом нæхимæ. Цы зæгъыс?

Фæлæ Азауханыл худæг бахæцыд.

– Уæй, мæлын!

– Цæуыл худыс?

– Дæуыл!

– Худгæ дæр ма мыл кæныс? Дæ иннæ фыдмитæ дæм фаг нæ кæсынц? Уынут æй? Худгæ дæр ма мыл кæны! Мах хатыртæ курынмæ æрбацыдыстæм, æмæ уæм, кæд уый худæг кæсы, уæд… Цомут нæ хæдзæрттæм! – фæтъæлланг ласта йе 'мбæлттыл, йæ бынатæй йæхæдæг раздæр фестад.

Схъомпал сты. Чи Азауханæн уайдзæфтæ кæны, чи нæлгоймæгтæн лæгъстæтæм фæцис.

Идар йæ тæккæ карздæр ныхæстæм куы бахæццæ, уæд йæ тъæнгтæ алхынцъытæ сты, афæлурс, ныддыдагъ.

– Цы кодта, цы? – хæлиудзыхæй аззад Азаухан.

– Мæнæ Агысаимæ арахъхъы 'фсон фæтæген нынцъыхтой, – загъта Музафар.

– М 'арт бауазал, – ныннæрыд Саугуыдан æмæ йæ лæджы ахсæн æууæрдынмæ фæци.

– Стæ-ма, ныууадз мæ, – йæхи атыдта Агыса.

– Ома, куыд фæтæген?! – Джулетæйы цæстытæ ныууæрæх сты.

– Афтæ. Фындзæй сæ дыууæ дæр æхгæдфындзтæ сты æмæ...

– Мæнæ царæфтыд куыд кодтам! – йæ уæрджытæ æрхоста Азаухан.

– Мæнæ куыд бабын стæм! Æнæуи дæр рынчын лæг æмæ… Адон нын иууылдæр дæ митæ сты, Азаухан! Æрхъуыды мын кодта цавæрдæр æнæхайыры уважени. Сымах куыд фæнды, афтæ кæнут, фæлæ æз мæ хæдзармæ цæуын!

– Тагъд, уæдæ, уæ дзаумæттæ амбырд кæнут æмæ нæхимæ. Мæнæ æмбисонд куыд кодтам, – сразы Азаухан дæр.

Нæлгоймæгтæ фыр цинæй фæсæлхæр сты, фæлæбурдтой сылгоймæгтæн æххуысмæ. Цыздæ æмæ Дзиццийæн раарфæтæ кодтой æмæ фæраст сты, алчи йæхионы цонгыл хæцгæйæ.

Цыздæ æмæ Дзицци уаты астæу, хæлиудзыхæй сæ фæдыл кæсгæйæ, аззадысты, стæй кæрæдзимæ фемдзаст сты æмæ Цыздæ йæ цъæхснаг хъæлæсæй фæтъæлланг ласта:

– Афтæ нæ загътой, махæн мæйтты кой кæнынц, зæгъгæ?

– Афтæ сæ бамбæрстон.
– Кæм и, уæдæ, кæд сæ афтæ бамбæрстай, уæд, къуырма хæрæг!
– Дæхæдæг! Дæхæдæг хъамылы хуы!
– Æз?! Æз нæ сыхæгты мысты хъыллист дæр ма хъусын, уый зон!
Дзыцци куыддæр йæ дзых фæхæлиу кодта цæхджын дзуапп раттынмæ, афтæ сын сæ дуар лæдзæгæй ныххостæуыд, æма нæлгоймаджы хъæлæс æрбадзырдта:
– Гъе, хæдзаронтæ! Уазæг нæ уадзут? – æмæ дын мæнæ Абæбе. Йæ сæрыл – бухар худ зулмæ кондæй, йæ уæлæ – рæмпæджы хæрд фыдæлтыккон цухъхъа, уый бын та – уæрæхфадыгджын хæлаф. Æрбахызт, йæ зачъе адаудта, фынгмæ йæхи хæстæгдæр байста æмæ бæстон æрбадт.
– Æз... – загъта, – мæнæ... айфыццаг... æмæ... ахъуыды кодтон... кæд уæ уынаффæ... мæнæ айфыццаг... уæд...
– И? – загътой Цыздæ æмæ Дзицци.
– Курæг æрбацыдтæн! – фæхъæр ласта Абæбе.
– Курæг-йа! – загътой хотæ. – Ома, цы курæг?
– Чызг, чызг! – тынгдæр ныхъхъæр кодта Абæбе.
Дыууæ хойы кæрæдзимæ бакастысты, Цыздæ Дзиццийы дзæбæхдæр хъусы цыдæр адзырдта, уый фæстæ Дзицци Цыздæйы дзæбæхдæр хъусы цыдæр адзырдта æмæ уæд æмхъæлæсæй бафарстой:
– Нæ кæцыйы?
– Мæнæн уæ уæлдай нæй! Уæ иуыл хъисын, иннæуыл...
– Уæддæр?
– Ды дæр фæу, – бацамыдта Цыздæмæ.
Цыздæ исдуг Абæбемæ ныдджих.
– Æмæ уæд æз та? – цæссыгхæццæ хъæлæсæй афарста Дзицци.
– Ды та... Æндæр хатт! Нырма æгæр фæтæнтæ дæ. Минæвæрттæ æрбарвитон?
– Уæдæ куыд? – роггомау худтытæ кæнгæйæ, загъта Цыздæ. – Мæнæ ма адонæй фен.
Сцырен, сойы фыхæй рогдæр фæци Цыздæ. Абæбейы раз æвзаргæ хæйттæ æвæры æмæ æвæры. Дзуры æмæ дзуры. Чызджы митæ, чызджы сонт худт кæны. Ницуал æмбары фыр цинæй.
Гъемæ уал сæ афтæ сæхи бар фæуадзæм æмæ, иннæтæ цы баисты, уый фенæм.
Идар æмæ Азаухан фæцæуынц сæхимæ.
– Æри-ма, – зæгъы Азаухан, – æз сæ ахæссон. Æнæфæразгæ куы дæ.

– Нæ, нæ, – зæгъы Идар. – Сылгоймаг хъуамæ уæззæуттæ ма хæсса. Куы хæсса, уæд уый уважени нæ уыдзæн.
– Æнæхайыр уæд уыцы уважени. Ды мын дзæбæх у, уый йеддæмæ.
– Нæ, нæ! Уважени хъæуы. Уæдæ куыд! Ау, ног адæмæй не стæм?
Афтæтæ дзургæйæ, сæ хæдзармæ бахæццæ сты.
Агыса æмæ Саугуыдан дæр фæцæуынц, уæдæ цы.
– Дæ лæдзæг кæм и, дæ лæдзæг? – фæрсы йæ Саугуыдан. – Уыимæ дын æнцондæр уыдаид. Мæн дæр дзы-иу бахъуаджы сахат æрцæвис...
– Лæдзæг дзы нал уыдзæн. Кæннод дзы уважени...
– Азауханы митæ! Уважени, дам. Цы хæринаг у, уый бæрæг нæй, афтæмæй...
– Цы хæринаг у, уый бæрæг у! Ныр мæнæ ды уаргъ нæ фæхæссыс? Æмæ дæ хъуамæ æз бафæрсон: зын дын нæу, усай?
– Нæ, цæй зын? Мæнæн ахæмтæй...
– Гъемæ дын кæд зын нæу, уæддæр дын цыма зын у, дæхи афтæ скæн, гъеуый уыдзæн уважени! – Агыса цæхгæр фæлæууыд. – Мæнæ ам дзыхъхъ ис æмæ дын хъуамæ зæгъон:хъавгæ æрбахиз, усай.
– Уынын æй мæхæдæг.
– Кæд æй уыныс, уæддæр дæхи ницы уынæг скæн. Уый дæр уыдзæн уважени. Ныр æй бамбæрстай? Цы дуджы цæрай, уый зарæгмæ хъырнын фæцарæхсын хъæуы, науæд былæй ахаудзынæ, усай.
– Ницы йын бамæрстон, стæй мæ хъæугæ дæр ницæмæн кæны.
– Уважени хъæуы! Æмæ дын дæ лæг афтæ куы зæгъа, уæд хъуамæ ныхъхъус уай! Æз дын уважени кæнын æмæ дæ дзыхыл хæц! Бауадз мæ.
Уыдон дæр сæ хæдзармæ бахæццæ сты æмæ уæдæй фæстæ**мæ** сæ цард, куыд уыди, афтæ цыди, æрмæст Агыса йæ лæдзæг аппæрста, æндæр.
Музафар æмæ Джулетæ дæр, ныхæстæгæнгæ, цæуынц.
– Суг искуы асастай? – фæрсы лæг.
– Нæ, фæлæ...
– Уæззæуттæ искуы хастай? – ныууырдыг æм Джулетæмæ.
– Нæ, фæлæ...
– Кæд дæ фæнды, уæд дæ бæсты къустæ дæр æхсдзынæн, сывæллоны хæцъилтæ дæр, хъуг дæр-иу...
– И-и! – ныхъхъихъхъ кодта Джулетæ, – фæхудинаг уон, къуыппыл зарæг мыл скæной, уый дæ фæнды?
– Уæдæ ма дын куыд хуыздæр уважени кæнон, нæ зонын. Ацу-иу клубмæ дæр.

– Уæдмæ уал мын сæ тъæнгтыл хæцæнт! Иу клуб дæр нæ, цалынмæ мæ лæппу рахъомыл уа, уæдмæ!

Уыдон дæр та сæ фæрныг хæдзармæ бахæццæ сты.

Виалетæ йæ хуыссæныл ныддæлгом æмæ не змæлы. Æппынфæстаг сыстад, кæсæны раз æрлæууыд æмæ йæхимæ сæрæй къæхтæм æркæстытæ кодта. Йæ къаба рæвдз фелвæста, йæ бæмбæджытæ рафтыдта æмæ сæ азыввытт кодта. Ауади, йæ цæсгомы хъулæттæ хæрзæхсад ныккодта, йæ къабаты цауддæр йæ уæлæ æрбаппæрста, йæ дзыккутæ лæгъз ныффаста, суанг йе ’рфгуыты онг сæрбæттæн æрбаста æмæ цырагъ ссудзынмæ хъавыд, фæлæ спичкæты къопп афтид разынд æмæ Идартæм зынггур фæраст.

– Уæу, мæнæ ма Виалетæ! – бацин ыл кодта Азаухан.

– Кишка, – загъта Виалетæ.

– Кæй кишка? Уый тахынæг куы у!

– Мæ ном Кишка хуыйны. Рох дæ фæцис?

– Виалетæ та?

– Уыцы ном аппæрстон. Спичкæ ма мын авæрут. Талынджы бадын...

– Афтæ гъе! – загъта Цымырзæ. – Æмæ адæм дæр диссаг куыд не сты! Уæдæй фæстæмæ Виалетæ, кæддæр Кишка кæй хуынди, уый сæ ферох æмæ йæ зæрдиагæй Виалетæ хонын байдыдтой.

– Виалетæ кæуылты сылгоймаг у!

– Виалетæйæн фаг куыст кæм и!

– Виалетæ цы зæгъа – уый йæ бынаты уыдзæн. Фæлæ уый дæр уважении хъуаг æййафы, уважении!..

Æрфынæй та хъæу дæр. Æрфынæй сты, кæй зонут, уыцы адæм дæр. Æрмæст ма куыйтæ сæ рæйыны куыст кодтой, мæй йе 'взист тынтæ зæхмæ калдта...

Цымырзæ йæ курæггаг тамакотæй иу ссыгъта, фæздæг арф сулæфыд æмæ, уæдæй нырмæ йæм уыцы лæмбынæгæй чи хъуыста, уыдоныл йæ зонджын цæстытæ ахаста, стæй афтæ:

– Гъе афтæ у уважениийы хабар, мæ хур...

Цымырзæ йæ хъуыды кæронмæ нал ахæццæ кодта. Уæвгæ та, цы ма дзы адарддæр кодтаид, уый дæр дзы нал баззад…

ПРОЗÆ

ГАДЖИТЫ Илас

ФЫЙЙАУКУЫДЗ БУРИ

Радзырд

Гæбыла, колхозы гаражы æхсæвгæс, райсомæй сæхимæ куы фæцæйцыд, уæд æй уынджы астæу æрурæдта сыхæгты ус Варкæ æмæ йын цæхæрадонмæ ацамыдта:

– Уæртæ ма кæс: мæ карчы мын хæры йæ къæбылатимæ. Амар æй, фехс æй!

Гæбыла йæ даргъ фындз кауы сæрты бадардта æмæ ауыдта, куыдз йæ къæбылатимæ карчы мард куыд ратон-батон кæнынц, уый. Уæд йе уæхскæй берданкæ æриста, сифтыгъта йæ æмæ ныхъхъавыд. Фыццаг æхстæн мадæл куыдз йæ цыппæртыл æрхауд æмæ нал сызмæлыд. Иннæтæ сæ хæрын фæуагътой æмæ рæйын байдыдтой. Гæбыла сæ радыгай æхста, æмæ цыппарæй дæр сæ мады фарсмæ кæрдæгыл хуысгæйæ баззадысты. Фæндзæймаг алыгъд æмæ хъамылты бамбæхст.

Варкæйы фырт Бола топпы гæрæхтæм фехъал, цæхæрадонмæ разгъордта æмæ хорзау нал фæци. Хъист-хъист кæцæй цыд, уырдæм бауад æмæ къутæрты 'хсæнæй систа бур къæбыла. Цы йæ фæкæнон, зæгъгæ, акаст фæйнæрдæм æмæ йæ нартхоры рæгъыты 'хсæнты доны былмæ асхъæфта.

– Доны йæ баппар! – ахъæр кодта йæ фæстæ Варкæ.

Лæппу мады коммæ нæ бакаст. Доны был цы зæронд скъæт уыд, уым къæбылайæн бынат скодта. Уырдæм ын хæринаг хаста, хъахъхъæдта йæ дзæгъæл куыйтæй æмæ кæсагахсджытæй. Куы рахъомыл ис, уæд æй сæ кæртмæ æрбакодта æмæ Варкæ дисæй мард:

– Ахæм бур хæйрæг нæм кæцæй æрбафтыд, фыййау куыйтæй ма уæд?

– Уыдонæй у, – загъта Бола. – Лексо мын æй радта.

– Гъемæ нæ хъахъхъæнæд, – хæринаджы уæлдæйттимæ йын къус йæ разы авæрдта Хуырымон. Уый цæмæй зыдта, Бурийæн доны кæй æппарын кодта, уыцы къæбыла кæй у.

Бонтæ цыдысты. Бола йæ куыдзимæ афтæ тагъд айрæзт, æмæ аст къласы каст куыд фæцис, уый дæр нæ базыдта. Скъола сæм хæстæг

уыд, æмæ-иу фæсурокты ахуырдзаутæ Бурийы уынæг цыдысты. Йемæ хъазыдысты, бæхбадт дæр-иу ыл скодтой. Йе ставд ссыртæ æмæ уæззау дзæмбытæй сæ кæрæдзи тæрсын кодтой. Дзырдтой йæм алы нæмттæй: Мухтар, Рекс, Мила, Тарзан, Къобор, Æрсой, Джульбарс…

Куыдз хæринагцух не 'ййæфта. Цæхæрадæтты сарæх сты хъулон уырытæ-хомяктæ, хуымтыл нæ ауæрстой. Хордтой цъæх нартхор, нас æмæ халсартæ. Адæмы бон сæ нал уыд, æмæ-иу сæ цæхæрадæттæ зæрæстонæй дæр ныууагътой. Бури сæ ахсыныл фæцалх, сæ хуынчъытæ сын къахта æмæ сæ мардта. Сæ дзидзайæ сын йæхи æфсæста. Йе стыр дзæмбытæй цæугæдоны ахста тъепа æмæ хуыдзых кæсæгтæ.

Хъæуы цæрджытæ Бурийæ уæлдай бузныг фесты, сæ кæрчыты сын цы сæлавыр хордта, уый куы 'рцахста, уæд.

Алы сæрд дæр-иу уарынты фæстæ, хъæуы астæуты цы дон цыд, уый раивылд. Иуахæмы хæдзæрттæм дæр бакалд. Фондзаздзыд сывæллон кæрты иунæгæй аззад, пъадвалмæ ныххызт æмæ доны ныххауд. Йæ хъæрмæ адæм æрæмбырд сты, ололи кодтой, фæлæ дзы бынмæ ныххизын ничи уæндыд. Бола йæ куыдзимæ уым куыдæй февзæрд, уый Хуыцау зоны. Йæхи пъадвалмæ уыциу æппæрст ныккодта, Бури дæр йемæ, æфтæмæй. Сывæллоны ссардта æмæ йæ асинтыл уæлæмæ схаста. Мады цинæн кæрон нал уыд, адæм дæр сын арфæтæ кодтой.

Хабар хъæуыл айхъуыст… Колхозы сæрдар Хæрзойты Къоста йæ бидаркæйы æрбацыд Æрсойтæм. Болайæн ахъæбыс кодта, Варкæйæн радта къафетты къопп, Бурийæн та йæ сæр æмæ йæ фæсонтæ алæгъзытæ кодта æмæ загъта:

– Варкæ, ахæм фырт дын кæй ис, уый нæ зыдтон. Кæцы къласмæ цæуы?

– Дæсæм фæвæййы.

– Æмæ бацæуын та кæдæм фæнд кæны?

– Зоотехник куы суаид, уый йæ фæнды.

– Тынг хорз. Куы нæ бахауа, уæд-иу мæнмæ æрбацæуæд, æмæ йын æз исты куыст ссардзынæн. Ме 'рдхорды фырт у. Йæ фыд Муратимæ скъола иумæ каст фестæм. Хæстмæ дæр иумæ ацыдыстæм. Тынг домбай уыд, ницæмæй тарст. Ростовы нæ фæхицæн кодтой. Сталинграды бынмæ хæсты фæмард. Йе уæнгты конд æмæ айст уый сты, цæсгомæй дæр – Мурат.

Бола скъола каст фæци хорз бæрæггæнæнтимæ. Зоотехникон факультетмæ фæлварæнтæ лæвæрдта, фæлæ конкурсы нæ ацыд:

хъуыдис ма йæ колхозы дыууæ азы бакусын. Йæ мад æй нæ уагъта, фæлæ фыййауæй ацыд Науыры фосхизæнтæм. Бурийы дæр йемæ акодта. Варкæмæ та дыууæ ахуыргæнæджы фатеры 'рцардысты.

Науыры быдыртыл цæст не 'ххæссыд. Сæ сæртæ шиферæй æхгæд кæмæн уыдысты, уыцы ныллæг скъæтты колхоз дардта 12 мин сæры лыстæг фос. Хæдзарадæн пайда нæ лæвæрдтой. Паддзахады хъуыдис æрмæстдæр сæ къуымбил. Сæ бафсадынæн-иу æрцæттæ кодтой тынг бирæ хос æмæ æмхæццæ холлæгтæ. Æппæты зындæр фыййæуттæн уыдысты зымæджы мæйтæ, фос-иу зайын куы байдыдтой, уæд. Алы уæрыччы дæр хъуыд бахъахъхъæнын, хъармы дарын. Æмæ-иу сæ фыййæуттæ сæ рæтты дæр хастой, цалынмæ не схус уой, уæдмæ. Кæрц уыд сæ ирвæзынгæнæг. Фыстæ фыццаг Бурийæ тæрсгæ кодтой, фæлæ йыл куыдфæстæмæ сахуыр сты.

Бола-иу ын йæ быны цы хъæмп байтыдта, ууыл-иу ныххуыссыд, 4 – 5 уæрыччы йæ хъæбысы бакодтаид, афтæмæй. Куы схус сты, уæд та-иу ын æндæрты æрбахаста. Уыцы куыст кодта йæхæдæг дæр. Йæ хъуынджын кæрцæй-иу уæрыччытæ сæ сæртæ радардтой æмæ сæ мадæлтæм уасыдысты.

Бури ма æхсæвыгæтты иннæ фыййау куыйтимæ цуаны дæр цыд. Фермæты цур цы цъынатæ уыд, уыдонмæ сагъуыд сты сайгактæ, æмæ колхозы хосæй сæхи æфсæстой. Иу мæйдар æхсæв Бури йе 'мбæлттимæ сæ размæ бабадт, æмæ дзы фондзыл мæгуыры бон бакодта. Сæ нарддæрты мæрдтæ сын фыййæуттæ дзоныгъты æрбаластой, суæнгтæ сæ кодтой æмæ сæ агты ныккалдтой. Æртытæм сæхи тавтой æмæ дзы, Болайæ фæстæмæ, алчи йæ куыдзæй æппæлыд. Хистæр фыййау Лексо сæм фæрсырдыгæй хъуыста æмæ нал фæлæууыд:

– Æппæлын кæмæй хъæуы, уымæй не 'ппæлут. Бури дзы æхсæзы æрфæлдæхта. Уый у æцæг фыййау куыдз. Уæ куыйтæй ма йын йемæ искæй рахæцын кæнут, кæддæра куыд уаид.

Болайæн æхсызгон уыд, Лексо йын йæ куыдзæй кæй раппæлыд, уый. Фыййæуттæ сайгачы фыдæй сæхи хорз куы федтой, уæд схъæлдзæг сты, хъазæн ныхæстæ кодтой. Алчи дæр дзы йæ бинонты æрымысыд. Афæдзгæйтты-иу сæ нæ федтой.

Апрелы фыццаг бонты фыййæуттæ æлвыдтой сæ фосы дзугтæ. Æххуыс кæнынмæ сæм хъæуæй сластой араздджыты. Зын куыст уыди фосæн сæ кæрцытæ ласын. Бола-иу афтæ бафæллад, æмæ-иу изæрæй йæ цæнгтæ хæрдмæ сисын йæ бон нал уыд. Фос æлвыд куы фесты,

уæд сыл Уæлладжыргомы сæрдыгон хизæнтæм ахъæр кодтой. Бирæ фыдæбæттæ æййæфтой сæдæгай километры дæргъæн фæндагыл. Сæ бон-иу нал уыди цæуын, фысвос дæр-иу бастадысты.

Уæд ма йæ тæккæ тынгыл уыд Транскамы арæзтад. Хуыр æмæ змисласæг машинæты бынмæ-иу фосæй чысыл на бахауд. Бола йæ фосы дзуг тардта арæхстгай æмæ йæ Зæрæмæджы уæзæгыл æнæхъæнæй сæмбæлын кодта. Уым æрыгон фыййаумæ æнхъæлмæ каст колхозы сæрдар Ганийы-фырт Къоста. Куыдзимæ йæ куы федта, уæд фæндагмæ æрхызт æмæ сæ дыууæйыл дæр бацинтæ кодта:

– Æз дын тарстæн, ахæм даргъ æмæ гуыргъахъхъ фæндæгтыл куы нæ бафæразай, уымæй. Фæлæ, куыд не 'нхъæлдтон, афтæ сæрæн разындтæ. Дæ фæллойбонтæн дын иу тоннæ мæнæу рацыд, иу та – нартхор, æмæ дын сæ уæ кæртмæ баласын кодтон. Ацы мин сомы та дын преми дæ хорз куысты тыххæй.

Бола ныфсæрмы, исгæ дæр сæ нæ кодта, фæлæ йын сæ Къоста йæ риуы дзыппы нытътъыста.

Фосы дзугтæй ком урс адардта. Бола равзæрста, дымгæ æмæ уарынтæй æдас ран Поты фæзы. Айнæджы тигъыл фидарæй лæвууыд æмæ алырдæм сæрыстырæй касти Гаджиты мæсыг. Фос-иу райсомæй хæрдмæ хизгæ-хизын ссыдысты, сæхи сойджын кæрдæгæй æфсæстой. Сихорыл та къутæрты аууон ривæд кодтой. Изæрæй та-иу уæтæрмæ æрцыдысты. Бури бонрухсæй зылди дзуджы алыварс. Мæйдар æхсæвты та фынæй нæ кодта. Алы сыбыртт дæр ахста йæ къуыбыр хъустæй.

Дауиты фосы дзугмæ дæр балбирæгътæ мæйдар æхсæвы бабырстой. Куыйты рæйын ссыд, æмæ топпы гæрах комы азæлыд. «Бирæгътæ!» – ныхъхъæр кодта чидæр. Бола, Бури йæ разæй, афтæмæй тындзыдта нарæг къахвæндагыл. Тоборзайы хъæууатмæ куы схæццæ сты, уæд телыхъæдыл конд цырагъы рухсмæ ауыдтой тугдзыхты – рухсæй нал тарстысты. Сæ амæттæгты æрбынæй кодтой æмæ сæ зыдæй хордтой. Бури кæройнаг бирæгъмæ батахт æмæ йæ сынæгæй сцавта. Уый фæуæлгоммæ, стæй фестад. Куыдз ын йæ къубал ацахста æмæ йæ срæмыгъта. Иннæ бирæгъ фæлидзынмæ хъавыд, фæлæ йын нæ бантыст: Бури йын йæ бæрзæйыл фæхæст æмæ йæ уæгъд нал суагъта. Æртыккаг уыд сæ балхон. Тугдзыхтæ йæ фæйнæ фарс æрлæууыдысты æмæ йæм, сæ цыргъ ссыртæ æвдисгæйæ, хæстæг бацæуын никæй уагътой. Уæдмæ æд берданкæ схæццæ Лексо, балхонмæ ныхъхъавыд, æмæ йын стыр нæмыг йæ сæр фæйнæрдæм фæхаста.

Иннæтæ кæдæм лыгъдаиккой, уый нал зыдтой. Бола дзы дыууæйы йæ уæззау лæдзæгæй æмардта, иннæ дыууæйæн та Бури сæ фæндаг ахгæдта æмæ сæ радыгай зæххыл фæхоста. Боныцъæхтыл фыййæуттæ къуылдыммæ згъордтой æмæ бирæгъты мæрдтæм кастысты.

– Фарон дæр нæм адон æрбабырстаиккой, – загъта сæ иу.

– Куыдæй сæ базыдтай? – бафарстæ йæ Лексо.

– Уыдон дæр авд уыдысты.

– Æмæ дзы цалы амардтат?

– Иу дæр нæ.

– Æмæ ныр та?

– Иу. Нæ мусонджы фæмидæг æмæ доны боцкъайы ныххауд. Сбырыныл ма архайдта, фæлæ ныххуыдуг.

– Æмæ йын йæ мард цы фæкодтат?

– Æд боцкъа йæ рахастам æмæ йæ тæрфмæ ныттылдтам.

– Уый уæхи куыдз уыди! – ныххудт йæ комкоммæ лæууæг. – Æз ууылты фæцæйцыдтæн. Бирæгъæй уын фæтарст æмæ мусонгмæ мидæмæ багæпп ласта.

– Афтæ гъе, хъæбатыр фыййæуттæ! Бола æмæ нын йæ куыдз куы нæ уыдаиккой, уæд сымахæн бирæгътæ уæхи дæр бахæриккой.

– Лексо раст зæгъы, – йæхи нал баурæдта Дауит, – Бирæгъ йæ кæнон нæ уадзы. Æрсойы-фырт, дæ цæрæнбон мын бирæ! Ацы хъама мæ номыл фæдар.

Уыцы ныхæстимæ колхозы зæронддæр фыййау йæ астæуæй райхæлдта æмæ Боламæ радта, йæ фыдыфыд Тедойæ йын чи баззад, уыцы хотых.

Фыййæуттæ бирæгъты мæрдтæ бричкæтæм бакалдтой, кæдæм хъæуы, уырдæм сæ аластой æмæ радтой. Изæрæй та дзаг фынджы уæлхъус бадтысты, æмæ сæ зарæг Къозы æфцæгмæ хъуыст.

Дыккаг бон Æрыдонæй ссыд районы газеты уацхæссæг. Уæтæртыл æрзылд, сæ къамтæ систа Бола æмæ Бурийæн, Лексойæн та – фыййæуты 'хсæн бадгæйæ.

Бола хæхтæм кæсынæй не 'фсæст. Арæх-иу сагъæссаг фæцис: ахæм дзæнæты ран цымæ нæ фыдæлтæ цæмæн ныууагътой, йæ уæлдæф, йæ цъитидæттæ адæймагæн æвдадзы хос куы сты, уæд? Мысыд йе 'мкъласонты, йæ сусæг уарзон Заремæйы. Йæ зæрдæ йын уæлдай тынгдæр агайдтой Къостайы рæнхъытæ:

Мæ цæстысыг донау мызти,
Мæ зæрдæ фыр цинæй рызти,
Куы скастæн нæ цъитиджын хæхтæм.

«Ирон фæндыр» Болайæн йæ фыд балæвар кодта, хæстмæ куы цыди, уæд. Уал азы йæ йæ цæсты гагуыйау хъахъхъæдта. Æнæ чиныгмæ кæсгæйæ йæ зыдта райдианæй кæронмæ. Йæхæдæг дæр фыста æмдзæвгæтæ, фæлæ сæ нырма никæмæ ʻвдыста.

Колхозы сæрдар ын цы мин сомы радта, уыдонæй Зæрæмæджы турбазæйы балхæдта транзистор æмæ спортивон уæлæдарæс, йæ мадæн та – ахъаззаг къабайаг æмæ тинтычъи кæлмæрзæн. Гимнастикæ кодта алы райсом дæр. Буриимæ-иу æртæ хатты æрзылд дзуджы алыварс, стæй-иу, йæхæдæг доны был цы турник саразта, уымæ схызт æмæ сæмæныл цъилау зылд.

…Сæрд йæ тæмæны бацыд. Къæвдаты фæстæ кæрдæг рæгътыл фæйлыдта, æмæ йæм кæрдынмæ цыдысты хосдзаутæ. Фæзыхъæу лæгæвзæрстæй æрлæууыдысты сæ уыгæрдæны хуссарварс æмæ уæле дæлæмæ фæтæн уистæ хастой. Сæ цæвджыты 'хситт æмæ сæ худæн ныхас Боламæ дæр хъуыст. Сихорыл сæм Буриимæ ссыд, æмæ йыл тынг бацин кодтой. Йе 'мкъласон Дзабег æм радта, районы газеты фыййæутты тыххæй цы ʻрмæг рацыди, уый. Уацхæссæг фыста, мæйдар æхсæвы бирæгъты бал дзугмæ куыд æрбабырста æмæ сæ Бола йæ куыдз Буриимæ куыд ныццагъта, уый тыххæй. Уыдысты дзы Дауит, Бури, Лексо æмæ иннæ фыййæутты къамтæ дæр.

Хосдзаутæ сæ цæст æрæвæрдтой Бурийыл.

– Ай куыдз нæ, фæлæ арс у, - загъта сæ иу. – Æрсойты Бури.

Сæхæдæг дæр кусынмæ æрсытæй уæлдай нæ уыдысты. Боныцъæхтыл-иу фестадысты æмæ-иу сихæрттæм дæсгай уистæ æрхастой. Хуссайраг цъæх кæрдæг-иу ахус æмæ-иу дзы мæкъуылтæ самадтой. Дыууæ мæймæ фосæн зымæгваг хос цæттæ уыд...

Зымæг йæхæдæг дæр æрбаввахс. Сентябры фæстаг бонты мит хæхты рауарыд, æмæ фосы дзугтæ фæндаггæрæтты тыгуырæй лæууыдысты.

Лексо саргъы бæхыл Фæзыхъæуы фыййæуттыл æрзылд æмæ сын бамбарын кодта, фос Науырмæ тæрын кæй нал хъæуы, уый:

– Нæхимæ сын Туацъæйы зæххытыл ахæм скъæттæ саразтæуыд, æмæ сæм цæст кæсынæй не 'фсæды. Мауал лæуут, ласинаг уæм цы ис, уый уæрдæтты бавгæнут, æмæ араст стæм.

Болайæн фос тæргæйæ чи æххуыс кодтаид, ахæм лæппуйы лæвæрдта, фæлæ йæ уый нæ бакуымдта: «Уæд ма Бури та цы кусдзæн?»

Дзуг Майрæмадагмæ куы 'рхæццæ, уæд сæ телеуынæнады кусджытæ киномæ исын райдыдтой. Бурийы куы федтой, уæд сагъдауæй аззадысты:

– Ай, Мосфильм кæй агуры, уыцы Бирæгъхор куы у, – загъта сæ иу.

Болаимæ базонгæ сты, йемæ бирæ фæныхæстæ кодтой, Буриимæ йын, фосы фæстæ цæугæйæ дæр, йæ къамтæ систой.

Варкæ йæ иунæг фыртæн куывта алы райсом дæр æмæ, хохæй фос æртардтой, зæгъгæ, куы фехъуыста, уæд Стыр уынджы дæлæмæ ныййарц. Тигъыл куы фæзылд, уæд ауыдта Болайы, йæ куыдз Буриимæ ʻрбацæйцæугæйæ.

«Бæппу!», зæгъгæ, йæм фæхъæр кодта, æмæ кæрæдзийыл ныттыхстысты. Мады зæрдæмæ тынг фæцыдысты, Бола йын цы къабайаг æмæ тинтычъи кæлмæрзæн балхæдта, уыдон. Йæхæдæг дæр ын лыстæг æлвыст къуымбилæй сбыдта хъарм джемпер.

Варкæ цалынмæ æртæ чъиригйы кодта, уæдмæ Бола афынæй, фæлæ, куы райхъал, уæд дзаг фынджы уæлхъус дзæвгар фæныхас кодтой. Бурийы дæр хæринаджы уæлдæйттæй хорз бафсæстой. Мад бæстон фефснайдта, районы æмæ республикæйы газетты Бола æмæ Бурийы тыххæй цытæ мыхуыргонд цыд, уыдæттæ æмæ загъта:

– Бæппу, тынг дæ æппæлынц, фæлæ дæхиуыл ма 'фервæс. Стæй… Цыма æгæр сцола дæ...

– Мæ карæнтыл нард нæ фидауы, нырма рæзгæ кæнын.

– Рæз, мæ къона, рæз…

Дыккаг бон Фæзыхъæуы уыд Фæллойы бæрæгбон. Хæрзойты Къоста йæ раныхасы бахыгъта фараст мæйы куысты бæрæггæнæнтæ. Фæллойы раззагдæртимæ уыд Æрсойты Бола дæр.

– Ахæм лæппутæ нæм куы уа, уæд тагъд Уæлладжыры ком нæ фосы дзугтæй урс адардзæн, – загъта ма фæстагмæ.

Бола иу бонрæфты сæхимæ йæ куыдзимæ куыд сцæйцыд, афтæ сæ хæдзары дуармæ ауыдта рог машинæ. Йæ раззаг авгыл фыст уыди «Мосфильм». Чысыл фалдæр та йæ мад зæрдиаг ныхас кодта æртæ лæгимæ. Мидæмæ сæ хуыдта, фæлæ уыдон нæ разы кодтой. Бола сын сæ къухтæ райста, æмæ йын уыдон дæр сæхи бацамыдтой. Йæхи кинооператор чи схуыдта, уый машинæйæ райста камерæ æмæ дзы Бурийы исын райдыдта. Режиссеры æххуысгæнæг Болайæн бамбарын

кодта се 'ссыды сæр: «Мосфильм» исы аивадон киноныв «Джульбарс» æмæ сæ хъæуы фыййау куыдз.

– Ай, мах кæй агурæм, уый у, фæлæ, ды, Бола, йемæ куы нæ уай, уæд дзы ницы рауайдзæн...

– Æмæ уæд мæ мад та цы фæуыдзæн?

– Мæнæн ма тæрс. Дыууæ ахуыргæнæджы мæм кæй цæры, уый дæ ферох? – сразæнгард æй кодта Варкæ.

Джинс костюм кæуыл уыд, уыцы æнæдаст лæг, телыхъæдмæ скæсгæйæ, загъта:

– Ай уæм кабель уагъд дæр куы ис. Махæн нæ бон у ахæм бастдзинад саразын, æмæ алы минут дæр дæ бон телефонæй уæхимæ сдзурæн уыдзæн.

Æртыккаг бон Гæбыла æртæ чъирийæ скуывта, æмæ Æрсойты хæдзарæй бæлццон йæ куыдзимæ Мæскуымæ афæндараст. Дыууæ азы фæстæ фæзынд ног аивадон киноныв «Джульбарс». Сæйрагдæр сурæттæ дзы уыдысты Æрсойты Бола æмæ йæ куыдз Бури. Стыр аргъ ын скодтой æппæт бæстæты киноуарзджытæ дæр…

МЫСИНÆГТÆ

БЫЗЫККАТЫ Земфирæ

ТАЛАМÆ ДОНХÆССÆГАУ

Уый уыд 1986 азы июны райдайæны… Дзæвгар фæцыдтæн лæгъстæйагæй газет «Рæстдзинад»-ы редакцимæ, фæлæ мæ кусынмæ нæ истой. Мæ уацхъуыдтæ-иу газеты бæргæ рацыдысты. Мæ фыццаг уац ныффыстон Дзæуджыхъæуы Серобабовы уынджы 7-æм хæдзары цæрæг, зæронд ус Штейнер-Морозова Тосяйы тыххæй.

Диссаджы адæймаг, рæдаузæрдæ, æнæзивæг, сывæллæттæн хи мадау чи уыд, ахæм сылгоймаг. Иумæйаг кæрты цардыстæм алы адæмыхæттытæ: хъазахъхъæгтæ, ирæттæ, дагестайнæгтæ... Тося нæ кæрæдзиуыл баста йæ цæстуарзон æмæ лæггадгæнаг уагæй, нæ кæрты сыгъдæгдзинад дæр фылдæр йæ руаджы уыд, сыхæгтæн æмæ сыхбæстæн фæзминаг. Гыццыл сабитæм йæ хъус уæлдай тынгдæр дардта. Нæ кæрты дуар æдзухæйдæр уыд гом, нæ цуры æфсæддон училищæйы курсанттæ-иу мах кæртмæ дыууæрдæм кодтой. Стыр кърант нæм уыд, арæх-иу дзы дон нуæзтой, фæлæ дзы быроны мур никуы ссардтаис. Тосяйы руаджы.

Уыцы рæстæг ма мын цалдæр хатты газет «Социалистическая Осетия» – йы æрмæджытæ рацыд. Уæд-иу нæ Цæдисы алы республикæтæй æрæмбырд сты симпозиуммæ, нартхорыл цы 'нахуыр низ схæцыд – «гельминтоспориоз» – уый фесафыны тыххæй. Гъемæ уырдыгæй репортажтæ фыстон.

Уæд æз куыстон Зайæгойтæ хъахъхъæнæн республикон станцæйы фитопотологийы хайады хистæр техникæй. Быдыртæм-иу ацыдыстæм. Иухатт мæн мæ зонындзинæдтæ уæлдæр кæнынмæ æнæхъæн мæй æмгъуыдмæ курсытæм арвыстой æмæ мын агрономы

ævдисæндар радтой… Уыцы ран ма, ома станцæйы, угагътон хуызджын къулы газет стыр бæрæгбæттæм. Изæрæй та-иу цыдтæн ахуыр кæнынмæ Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университетмæ. Фæахуыр дзы кодтон æхсæз азы. Станцæйы бакуыстон дæс азы, æмæ мын хъæууон хæдзарады министр Тедеты Павел радта иууатон фатер Михайловскы хъæуы фондзуæладзыгон хæдзары. Æрмæст университеты фæстæ мæ бон аккаг куыст ссарын нæ уыд…

Æрдзæй хивæнд рахастон… Уæддæр мæ фæнд нæ аивтон, газеты кусын мæ тынг фæндыд, æмæ иухатт мæ курдиат загътон зындгонд журналист Цгъойты Хазбийæн. Уый загъта: «Корректорæй кусын зын у æмæ бафæраздзынæ?». Нæхимæ сæркъулæй, хъуыдытæ кæнгæ, рацыдтæн.

Уалынджы сарæзтой Дзæуджыхъæуы хуссайраг кæрон егъау авдуæладзыгон агъуыст – «Мыхуыры хæдзар».

Уыцы стыр арæзтадмæ дзæвгар рæстæг мæ сæрыхицау Елхъанты Руслан, уæзласæн машинæйыл кусгæйæ, бирæ фæласта аразæн æрмæг: цемент, хуыр, змис, агуыридур æмæ-иу дзырдта: «Дæсны араздзыстæ сты! Агъуыст кæуылтыл у!» Сæ куысты бынат ног бæстыхаймæ аивыны размæ мæм, æфснайынмæ нæм фæкæс, зæгъгæ, редакцийæ фæдзырдæуыд. Баххуыс сын кодтон…

Цы стыр цин у, цы æгæрон цин дæ ном газеты фенын! 1977 азы мæ сывæлæттæн фыст æмдзæвгæтæй цалдæр рацыд «Рæстдзинад»-ы. Уыдис дзы ноджы мæ къам дæр. Мæ цины равгæй уæлæрвты тахтæн. Айхъуыст мæ ном æгас республикæйы районтыл: «Æмдзæвгæтæ фыссы!». Уыцы цау мыл æвæрдта цавæрдæр æнахуыр уæз – бæрнондзинад æмæ размæ тырнындзинад, чингуытæм, литературæмæ цымыдисдæр уæвынмæ, размæ царды фидардæр къахдзæфтæ кæнынмæ. Стыр бузныг уыдтæн, газетмæ мын сæ чи барæвдз кодта, уымæй – газеты кусæг, фыссæг, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг Цæгæраты Гигойæ. 1986 азы мæ сæйраг редактор Хъаныхъуаты Валодя райста корректорæй: «Акус, дæхи равдис!» Куысты-иу куы ныффæстиат стæм, хаттæй-хатт суанг боныцъæхтæм, уæд-иу нæхимæ Михайловскы хъæумæ фистæгæй араст дæн тæрсгæ-ризгæйæ. Уый мæ цардæмбалы зæрдæмæ, ай-гъай, нæ цыд: «Дæ куыст ныууадз, уый бодзæн кæрц нæу».

Уæдмæ ралыгъдыстæм Дзæуджыхъæумæ, Промышленнон районмæ. Уыцы рæстæг, 90-æм азты, мæхъхъæлимæ ныхлæуды рæстæг, мæ уд

цытæ бавзæрста, уый мæхи зæрдæ йеддæмæ ничи зоны… Æмризæджы ризгæйæ-иу нæ хæдзармæ 'рцыдтæн æнафон. Мæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп-иу цыд, цыма мæ исчи фæсте сырдта, афтæ-иу хæдзары смидæг дæн.

Афтæ удаистæй куыстон, фæлæ мæ куыст ныууадзон, уыцы хъуыды мын мæ зонд æмæ мæ зæрдæ никуы загътой: «Рæстдзинад» уарзтон! Уарзтон мæ куыст, редакцимæ цыдтæн аргъуанмæ цæуæгау!

Газеты кусджытæ мын уыдысты зынаргъ, мæ алыварс чи уыд, уыдоны нымадтон, куыд мæхи æфсымæртæ-хистæртæ, афтæ сæ æфсæрмы кодтон, уарзтон сæ, мæ алфамбылай уыдысты раст иу бинонтау, мæ хъахъхъæнæг зæдтау. Иууылдæр уыдысты мæнæй дзæвгар хистæр, дзурын сæм, стæй комкоммæ бакæсын дæр фыр æфсæрмæй нæ уæндыдтæн. Ахæм табуйаг хистæртæ мын уыдысты Хъаныхъуаты Валодя, Хуытъинаты Махарбег, Бæдоаты Алисолтан, Толпарты Сослан, Гуыбаты Чермен, Хуыгаты Валодя, Бæройты Сафар, Тыджыты Юри, Бирæгъты Андрей, Зыгъуытаты Руслан, Тепсыхъоты Зоя, Цъебойты Сергей… Ахæмтæ ма мын абон дæр сты Къæбысты Харитон, Цгъойты Хазби, Багаты Аврам, Тохсырты Къоста…

Нæ редакцийы уæд иу сылгоймаг журналист йеддæмæ нæ уыд – Тепсыхъоты Зоя, писмоты хайады сæргълæууæг. Уыцы рæстæг æндæр хайæдтæм, цæмæдæр гæсгæ, сылгоймæгты нæ истой. Зоя мын иу-цалдæр хатты афтæ зæгъы: «Уæ бинонты иумæйаг къам ма мын æрбахæсс, бирæ сывæллонджын, 8 чызджы – 8 хойы куы стут, дзæбæх очерк уыл ныффыссон, æрмæст, уæ ныййарджытимæ иумæ куыд уат, афтæ!» Фæлæ мæ къухы нæ бафтыд ахæм къам сисын...

Цыфæнды хъуыддагæн дæр йæ райдайæн сындз у, фæзæгъынц. Корректоры куыст домдта бирæтæ: æвзаджы, дзырдуаты хъæздыгдзинад, дзырдты тасындзинад бæстон зонын, æппынфæстаг, растфыссынады æгъдæуттæ æнæкъуылымпыйæ зонын. Мæ амондæн, Елхоты скъолайы ирон æвзаг ахуыр кодтон иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ, мæ ахуыргæнæг уыд Дзгойты-Бутаты Светланæ (зындгонд журналисткæ Бутаты Победæйы хо).

Фæстæдæр ирон æвзаг ноджы арфдæр ахуыр кодтон Орджоникидзейы 1-æм ирон педагогон училищæйы. Уыдтæн хуыздæрты æмрæнхъ. Мæ ахуыргæнджытæ уыдысты Зæнджиаты Розæ æмæ Магкоты Замирæт.

Училищæ каст куы фæдæн, уæд мæ арвыстой мæ райгуырæн хъæу Елхотмæ, мæхи уарзон 2-æм скъоламæ. Бакуыстон дзы 'рмæст æртæ азы,

уæдмæ нæ цæрæн бынат горæтмæ кæй ивтам, уый тыххæй. Цардыстæм уал Дзæуджыхъæуы нæ хо Битарты-Бызыккаты Фатимæмæ.

Фæндыдис мæ ахуыргонд журналисткæ суæвын, фæлæ мæ сусæг фæнд никæмæн дзырдтон... Уарзтон журналистикæ, æмæ мын дæнцæг уыд волгоградаг чызг, тележурналисткæ Татьянæ Веденеева, нæхионтæй та – телеуынынады диктор Дудиаты Валодя.

Университеты ахуыргæнгæйæ, зивæг ницæмæ кодтон – кусгæ дæр, ахуыр дæр. Уырыссаг литературæйы ахуыргæнæг Георги Кравченко мæ бирæ уарзта, истон иттæг хорз бæрæггæнæнтæ. Диссаджы дæсны ахуыргæнджытæ нын уыдысты Девлет Гиреев, Дзатцеты Неля, Габысаты Светланæ, Габеты Тамарæ, Вячеслав Блажко...

Ирон æвзагæй нывыл зонындзинæдтæ, фыццаджыдæр, райстон мæ ныййарджытæй, ирон газет «Рæстдзинад» æмæ ирон чингуытæй. Абайты Васойы юбилей бæрæг кодтой Аивæдты хæдзары. Уыдис дзы чингуыты базары Хетæгкаты Къостайы поэмæ «Фатимæ» дæр сырх сæрак цъаримæ. Рады фæлæууыдтæн æмæ дзы райстон æхсæз чиныджы. Зæгъын, мæ хотæн дзы байуарон.

Балхæдтон ма Абайты Васойы чиныг «Мои труды». Куы æрбæстон сæ кæнин, зæгъгæ, мæ хызынимæ уынгмæ рацыдтæн. Кæсын, æмæ мæ разæй уæззаугай фæцæуынц Васо æмæ Челæхсаты Хъазыбег. Сæхи бульвары бандоныл æруагътой. Æз дæр сæм æвваxсдæр байстон мæхи, зæгъын, мæнæ кæдæй-уæдæй афтæ хæстæгмæ Васойы уынын:

– Уæ бонтæ хорз!

– Хур фест, кæцыдæриддæр дæ! – загъта мын Васо.

Хъазыбегæн мæ къæйныхдзинад йæ зæрдæмæ нæ фæцыд æмæ мын афтæ:

– Земфирæ, бауадз æй... чысыл аулæфа!

Раздæхтæн мæ фæд-фæд æмæ æндæр ран сбадтæн. Мæнæ мæ дзаг хызынимæ фæстæмæ фæцæуын æмбырдмæ. Къæсæрыл лæууы Ирон театры актер Цихиты Мæирбег æмæ мæ фæрсы:

– Чызг, фæлæуу-ма, кæдæм цæуыс?!

– Мидæмæ... Æз ам уыдтæн, мæн иууылдæр зонынц...

– Æмæ дæ куыд зонынц, исты Аллæ Пугачева дæ?! О, рацу, æппæт адæмы уарзон...

Мæ фыд тынг уарзта газет «Рæстдзинад». Фæскуыст-иу куы 'рбацыд бæхуæрдоны быдырæй, уæд-иу бæх бафснайдта, йæхи-иу ныхсадта, йæ дзаумæттæ-иу аивта, æмæ-иу уæд нæ бинонтæ æрæмбырд сты. Немæ-

иу æхсæвæр бахордта, стæй-иу бафарста нæ мады:

– Марйа, абон газеттæ нæ уыдис?! Мæллæг, бакæс ма мын, цы фыссынц, цымæ... (Мæллæг мæн хуыдта.) Афтæ-иу арæх мæн кæсын кодта газеты, йæхæдæг нæ каст, уымæн æмæ каст фæцис æрмæстдæр дыууæ къласы. Мах истам бирæ газеттæ, фæрсгæ дæр-иу нæ бакодтой мæ фыды, афтæмæй-иу, куыд зындгонд халсаргуыстгæнæг, бригадир æмæ Коммунистон партийы уæнг, куыд агитатор, афтæ йын-иу рафыстой: газеттæ «Труд», «Известия»; журналтæ «Самообразование», «Политическое самообразование», «Агитатор»; районы газет «Размæ», газеттæ «Социалистическая Осетия», «Рæстдзинад»; сывæллæтты журналтæ «Мурзилка» æмæ «Ногдзау».

Газеты кусгæйæ, æппæтæй тынгдæр уæндыдтæн Хазбимæ. Арæх-иу мæ афарста:

– Зифæ! Цæй, куыд дæ?!

– Хуыздæрхъуаг ... – сабыргай-иу дзуапп радтон.

– Æмæ иууылдæр «хуыздæрхъуаг» не стæм, æви?.. Ма тыхс, фæлæ æдыхст дæр ма у... Архай! Архай, Зифæ!..

Исты æрмæг-иу куы бахастон, йæ цæст-иу рæдыдыл куы æрхæцыд, уæд-иу мын сабыргай бацамыдта бирæ цыдæртæ: растфыссынады æгъдæуттæ, стæй цæмæн афтæ дзурæм, цы бæрæг кæны иу кæнæ иннæ дзырд, уыимæ – цы амоны, æмæ афтæ дарддæр.

Мæ мадырвад Багаты Аврам йæ хъус дардта мæ куыстмæ, ме 'гъдаумæ. Куы хъуыдис, уæд-иу мын уайдзæф дæр бакодта. Исты рæдыд-иу мæ фысты куы ссардта, уæд-иу мын афтæ:

– Æркæс-ма ацы абзацмæ лæмбынæг, ницы рæдыд дзы уыныс?

– Æмæ дзы куы ницы уынын...

– Æй, тæхуды, ды цы скъола фæдæ...

Раздæр афтæ æнхъæл уыдтæн, зæгъын, кæд æцæг фæрсы, уайдзæфы хуызы не 'нхъæлдтон, «Кæцы скъола фæдæ?», зæгъгæ. Æмæ-иу ын уæзданæй загътон: «Елхоты 2-æм скъола!»

Стæй иухатт нал фæлæууыдтæн æмæ йын афтæ зæгъын:

– Амæй размæ-ма мæ куы фарстай!..

– О, фарстон... Тæхуды, зæгъын, уыцы скъолайы иугыццыл ацахуыр кæн...

Уæлдай рæдау æмæ мæм цæстуарзон ахаст уыд «Рæстдзинад»-ы редакцийы мæ хистæрты 'рдыгæй. Сæ алкæй кой нæ кæндзынæн. Фæлæ се 'ппæт дæр, таламæ донхæссæгау, мæн ахуыр кодтой лæмбынæг,

бæстон, зæрдиагæй фæллой кæныныл, мадæлон æвзаг уарзын æмæ уды рæсугъддзинадмæ тырныныл, цæмæй адæммæ уарзон, раст цæстæнгас дарон, царды аргъ кæнын зонон, æмбарон чи дæн, кæмæй дæн, цавæр адæмæй, цы у æгъдау, цы у æфсарм, цы сты хистæр-кæстæр, æппынфæстаг, цы у царды æцæг Рæстдзинад!

Иу хатт дын телефонæй тызмæгæй кæмæдæр сдзырдтон æмæ мын Багаты Аврам афтæ бакодта:

– Цыфæндыйæ дæр, æддагон куы æрбадзура, уæд сабырæй æмбарын кæн дæ хъуыды, лæмбынæг æм байхъус, тагъд ма кæн, цыфæндыйæ дæр мæсты ма кæн дзурæгмæ: чи йæ зоны, цы уавæры ис, цы кары…

1990 азы мæ Компартийы Цæгат Ирыстоны обком ахуырмæ арвыста Мæскуымæ Ломоносовы номыл университеты журналистикæйы факультетмæ… Уым дын нæ университеты уагъд цалдæр газеты федтон рекламæйæ. Куы сыздæхтæн Ирыстонмæ, уæд загътон, «Рæстдзинад»-ы дæр хорз сфидауид алы рекламæтæ. Æмæ нæм фæзынд ахæм хайад. Райдианты мæхи хъарутæй архайдтон: цæмæй ныффидар уыдаид уыцы ногдзинад. Мæхæдæг-иу, цы 'мбæлд, уый бафыстон искæй рекламæйæн.

1993 аз. Иу грекъаг ус фæсарæйнаг цырыхъхъытæ æмæ япойнаг магнитофонтæ уæй кодта. Сæ рекламæйæн æхца бафыста нæ кассæмæ. Кассир уыд Ситникова Таня. Рафыста квитанци. Æмæ уыд йæхимæ, квитанцийы амынд уыд иу мин сомы, цалдæр капеччы та, дам, дзы нæ уыдысты фыст. Æз уыцы æхцатæн ницы зыдтон…

Уыйадыл мæныл «гæртамисæджы» ном сæвæрдтой, æмæ мæ феддæдуар кодтой, æрдхæрæны æмæ мын табуйаг цы куыст уыд, рæхсгæ къахдзæфтæ тæлтæг зæрдæ æмæ уарзонæй кæдæм кодтон, уырдыгæй.

Уыцы бонты сау дардтон мæ фыдыл, йæ дыууиссæдзæм бонæй кæд рацыдаид нымад къуыри… Фæдзырдта мæм нæ сæйраг редактор, æз салам радтон:

– Дæ бон хорз!..

Ницы мæм сдзырдта, йæ кæсæнцæстытыл хæцы, куы иуырдæм, куы иннæрдæм рацу-бацу кæны:

– Ды цæмæн худинаг кæныс «Рæстдзинад» -ы газет?!

– Цы кодтон, цæмæй йæ худинаг кæнын?

– Адæм нæм дзурынц телефонтæй, æхцатæ, дам сæ исыс…

– Иу ма сæ мæ цуры зæгъæд, кæд æмæ дзы цæй охыл райстон, уый!

– Ацу ардыгæй! Дæ рекламæ дæр нæ нал хъæуы, стæй мын ам

бабуцайы ныхæстæ кæндзынæ…

Ай мæ сæрæн куы ницы зонын, уæд… Фыр мæстæй курдиат афыстон, цæмæй мæ куыстæй суæгъд кæной æмæ йæ сæйраг редакторы секретарь Малхъарты Зæлинæмæ радтон. Уый йæ бахаста хицауадмæ…

Дыккаг бон нал рацыдтæн куыстмæ. Аивгъуыдта æртæ боны. Æрбаминæвар мæм кодтой редакцийæ корректор Плиты Клавæйы:

– Куысты мын афтæ зæгъынц, сæйраг редакторыл, дам, тæрхондонмæ ма бахъаст кæн…

Мæ хистæр хо Фатимæ (дзæнæты бадæд), уæд куыста горæты центрон телеграфы. Мæ маст ын уыд тынг зын. Иумæ цардыстæм зæронд коммуналкæйы дыууæ гыццыл уаты, раздæр завод «Электроцинк»-ы æмдзæрæн уыд. Ныр нæ домынц, суæгъд, дам, кæнут уæ къуым, «служебный», дам, у… Æмæ ма ныр уыцы хабар нæ мастыл цæхх кæнæгау. Фатимæ мæгуыр Клавæйыл йæ пырх акалдта:

– Сымах цæй редакцийы кусджытæ стут?! Цъыфкалæнтæ кæнут… Худинаг уын фæуæд, худинаг!

Иу-фондз боны фæстæ редакцимæ мæ дзаумæттæм ссыдтæн, æмæ дын мæ дуармæ иу ус лæууы чырынтæ дарæсы, йæ сæрыл хъарм кæлмæрзæн. Зæгъын, ахæм уазал куы нæ у, уæд ауыл фыдих акодта, цыдæрхуызон мæм фæкаст, æвæццæгæн, рынчын у … Разынд уыцы грекъаг ус!

– Что вы еще пришли, что вы хотите?

– Я хочу попросить извинения, я больная, я не хотела… Но почему-то мне никто не звонил по объявлению… И я возмущалась, думала, что оно не вышло. И кому-то позвонила, я не знаю, мне кто-то ответил, что разберутся!..

– Эх, вы!.. Вы знаете, что натворили своим звонком?!

Сылгоймаг ныффæлурс, мæллæг хъæлæсæй афтæ:

– Можно, я сяду, я очень больная… Мне срочно нужны были деньги на лечение. Мне никто из покупателей не звонил, и я думала, что мое объявление не вышло…

Ныр уыцы змæст æмæ мæгуыр дуджы, цæвæг марæджы куы не 'взæрста, уæд кæй хъуыдысты йæ цырыхъхъытæ æмæ магнитофон ахæм аргъæй...

Ацыдтæн телеуынынад «Алани» -мæ. Литературон-драмон редакцийы сæргълæууæг Томайты Адæ мын афтæ, саразæм, дам, бадзырд æхсæз мæйы æмгъуыдмæ. Уыдзыстут, дам, æртæйæ, æмæ

уæ хуыздæр чи куса, уый, дам, кусгæйæ баззайдзæн. Мæнæн ахæм угагæвæрд мæ зæрдæмæ нæ фæцыд, фæлæ афтæмæй куыстон æмæ фондз мæймæ сарæзтон цалдæр равдысты, стæй ма иу фоторепортаж.

Ууыл мæ авд азы куыст газеты æгадæй фескъуыд…

Иубон нæхимæ æфснайгæ-æфснайын мæ сæр разылд, æрхаудтæн æмæ мæ рахиз къух асаст. Æфсæнвæндаджы рынчындон нæм хæрзæввахс уыд, æмæ уым зындгонд дохтыр Китаевамæ бацыдтæн. Цæмæй, дам, дын æй сæвæрон, уый тыххæй хъæуы гипс æмæ, дам, нæм нæй… Раздæхтæн, æмæ мыл тыргъы зонгæ заманхъуйлаг лæг амбæлд, Хадзыбатыр хуынд, уый хъуыды кæнын. Мæ тыхсты кой йын скодтон.

– Багъæц, æз дын тагъд æххуысы центрон клиникон рынчындонæй сдавон гипс…

Уайтагъд фæстæмæ мæ уæлхъус æрбалæууыд Хадзыбатыр æд гипс. Мæ саст къух мын Китаева сæвæрдта гипсы, 30 доллæры йын радтон… дыууæ мæйы, дам, бабыхс, стæй, дам-иу ногæй æрбацу мæнмæ. Уалынмæ дын мæм куыстæй дзурынц:

– Зифæ, зианмæ рацу, нæ хицауы бинойнаг фæзиан. Ацыдтæн…

Куыстæй кæй фæхауæггаг дæн ницæйы тыххæй, уый мын уыд царды стыр зæрдæдзæф, ме 'мбæлтты раз къæмдзæстыг, фæлæ мæхæдæг ницы æмбæрстон, кæй зондæй уыд, уымæн. Зæгъын, уый фæстæ, абон уа – райсом, рабæрæг уыдзæн. Мæ зæрдыл дардтон ирон æмбисонд: «Сыгъзæринып цыфæнды цъыф куы фæкалай, уæддæр ын къæвдатæ йæ цъыф æрæхсдзысты, æмæ та сæрттивдзæн»…

Мæ ныййарæг мадæн зын куы уа, зæгъгæ, мæ маст ныхъуырдтон, ницы йын загътон. Мæ сæрыхицау Руслан мæм хыл кодта:

– Кæд æхцатæ истай, уæд дын уæдæ цы фæвæййынц?

Ныффæрæзтон мастæн, ныр дæр алцæмæн фæразын, чи зоны, æмæ ма ноджыдæр цастæ фæразон, уымæн æмæ адæм хъулæттæ сты, семæ кусын æнцон нæу, ноджы ма мæн хуызæн тæнзæрдæ, æнцонæфхæрæн адæймагæн. Кусын та хъуыд æмæ ныр дæр хъæуы…

Ныр мæм нæ газеты раздæры кусæг, РЦИ-Аланийы сгуыхт журналисткæ Абайты Арбилянæ хаттæй-хатт æрбадзуры æмæ мæ фæфæрсы:

– Цæй, куыд дæ, кусыс ма?

– Кусын, уæдæ цы кæнон…

– Æниу дæ цы фæрсын, «Рæстдзинад»-ы къултæй дæу ничи фæхицæн кæндзæн…

Æз фæхъуыдытæ кæнын йæ ныхæстыл æмæ 'рцæуын ахæм хатдзæгмæ: «Тæхудиаг фæуой иуæй-иутæ! Æз бынтон æндæрхуызон куы дæн… Цæй зын у, æвæдза, уарзын! Зæрдæйæ уарзын… Ацы газетæй скастæн Дунесфæлдисæг, Дунедарæг, Дунерæвдауæг Стыр Хуыцаумæ ме 'мдзæвгæтимæ, ме сфæлдыстадимæ сыгъдæг зæрдæйæ, адæмуарзонæй, æнæбын цъæх арвмæ, Хуры артмæ, Стъалыты Гуыппармæ, Дуне дзыллæтæм, Кавказы хæхтæм, фæразон, уарзон, армы тъæпæныйас Фыдыбæстæ – Иу Ирыстонмæ! Базыдтон, федтон бирæ адæмты, бахызтæн азты æрфæнтæм; царды фурды уылæнтæ мæ цал хатты цавтой æмæ хастой куы иуырдæм, куы иннæрдæм, куы мæ-иу сæ быны ауæрстой, фæцæй-иу хуыдуг кодтон, уæддæр æнæнцой зæрдæйæ цардасинтыл цыдтæн, хызтæн; Урс Хохмæ цæугæйæ, фæлладтæн, фæкалдтæн-æрхаудтæн-иу æмæ та-иу уæддæр мæ уæрджытыл слæууыдтæн, сыстадтæн… Цард мын æнцонтæй нæ уыд.

…Царды къæпхæнтæ, асинтæ, уадтымыгътæ, æгъатыр гуылфæнтæ, алыхуызон адæм, уылæнтæ, уылæнтæ – кæцы дæ дзы кæдæм фехсдзæн, уый бæрæг нæу:

Цы у, цы, цард?! …
Цы мæ хъæуы мæн,
Адæм?
Цæуыл вæййы
Мæ тыхст, кæнæ мæ цин?
Æвæццæгæн,
Нæ банкъардзынæн æнцойад…
О, никæд, нæ:
Æдзæллæггад уынын…
У цард фæлгуыр,
Хъуагдзинæдтæ цас –
Сæ иппæрд кæнын
Алкæмæн – йæ хæс…

Æз дæн хæстон:
Мæ царды фæндаг тох у!
Мæ развæндаг –
Гуыргъахъхъ

Æмæ къуылдым.
Æз ыл цæуын,
Кæм та фæкæлын
Хохыл!
Фæлæ домбай туг
Зæрдæйæ цæвы.

Иннæ ахæм:

О, царды цин!
Дæуыл æз зарын,
Æмæ дæ амондмæ
бæллын!
Кæд мын зын у,
уæддæр мæ амонд,
Кæнæ та –
Ме сæфты къах у…

Рацыд мын чингуытæ мæхи фæлхасы руаджы: «Зарæг æмæ зарæг», «Цъæх райсомтæ», «Арвырон», «Хуры кафт»… Мæ ног «Арвы чызг»-æн уыд презентаци. Мемæ нæ куыстæй рацыдысты Цгъойты Хазби æмæ Багаты Аврам, дыууæйæ дæр урс хæдæтты, хæрзарæзтæй æмæ хорз равгимæ. Уыдон мын, дыууæ фидар урс базырау, ахæм ныфс уыдысты, æмæ мæхимæ, зæххæй цы уыдтæн, уымæй дыууæ хатты бæрзонддæр кастæн, мæ уæлмонц уагæй та – амондджын!

Презентацийы уыдысты бирæ адæм: зонгæтæ, фысджытæ, студенттæ, ахуыргæнджытæ, журналисттæ. Хазби йæ раныхасы загъта: «Мах иууылдæр зæххыл цæрæг адæм стæм. Хуыцауы ратгæ стæм, Уымæ кувæм æмæ Уымæй курæм царды хорздзинад. Фæнды мæ зæгъын, Ирыстоны сывæллæттæн ацы чиныджы фæзынд æхсызгон æмæ пайдайаг кæй уыдзæн, уый. Поэты ‘ргом æдзухæйдæр у уæларвмæ здæхт, уырдыгæй йын æрвон зæдтæ дæттынц сфæлдыстадон хъару æмæ тых.

Кæсут-ма чиныджы цъармæ. Цъæх арвæй сывæллæттæм æртахт Арвы чызг. Нарты кадджытæй ист Арвы чызг, ома, Хуыцауы чызг! Бакæсæм-ма Земфирæйы чиныджы фыццаг æмдзæвгæ:

Æрдз мын радта зарæг,
Æмæ кæнын хъал цыд.
Сарæзта мæ барæг,
Ахуыдта мæ балцы.

Нæй мын йемæ цудæн,
Систа мæ цъæх арвмæ,
Баленк кодтон фурдæн
Доны чызгау й ’арфмæ.

Уалдзæджы дзæнгæрæг
Æз мæ къухы скъæфын,
Зæрдæ риуы сцæрдæг –
Ирд Хурыл ныдзæвын!

Уыцы бон ма мæ чиныджы афæлгæсты æмбырдмæ чи бацыд, уыдонимæ уыд не ‘мкусæг Цъебойты Сергей. Уый загъта, зæрдиагæй кæй бакаст æмдзæвгæтæ, йæ зæрдæмæ тынг кæй фæцыдысты. Поэт Хæмыцаты Юри дæр раппæлыд мæ чиныгæй, уый размæ ма мын мæ чиныг «Зæриндаг»-ыл дæр ныффыста цыбыр уац.

Багаты Аврам, газет «Рæстдзинад»- ы æхсæнадон-политикон æмæ социалон-экономикон хайады сæргълæууæг, загъта: «Зифæйы сфæлдыстад у бирæвæрсыг æмæ хæдбындур, йе ‘мдзæвгæтæ сты мидисджын, æнцонæмбарæн, ис сæ бæлвырд хъуыды. Æмткæй райсгæйæ, мæ бон зæгъын у, кæй сбæздзысты астæуккаг скъолайы программæтæм бахæссынмæ, уæлдайдæр та – сабитæн рæвдауæндæтты».

Нафийы уарзон хо, филологон наукæты кандидат Джусойты Клавæ мын загъта, ме ‘мдзæвгæтæ, дам хаст сты Хуссар Ирыстоны райдайæн кълæсты ахуыргæнæн чингуытæм.

Æвæдза, цæй хорз у, лæджы къухы исты адæмы пайдайæн куы бафты, уæд уыцы æнкъарæн, æппынфæстаг, уыцы хорз хъуыддаг æгас нацийы фарнæн куы фæвæййы, уæд!

Уарзын æнæкæрон царды рæстдзинад, æгъдаухæссæг адæмы, мæ Фыдыбæстæ, цъæх кæрдæгыл сæумæйы ’ртах, бæрзонд Хуры скаст, сæууон цæхæр тынты хъæзт Сæнайы риуыл, цъæх-цъæхид митæй æмбæрзт хæхтæ, ирон зæлаив, уæздан æвзаг, Къостайы «Ирон фæндыр», Секъайы «Азау æмæ Таймураз», «Хонгæ кафт», «Нæртон

симд», ирон Хъæбатырты зарджытæ, ирон ныхас, дæргъæлвæст коцора цъæх хъæдтæ, нæ сæрвæттæ, дидинæгджын уалдзæг æмæ Стыр Цины – Уæлахизы Май, æдзард хæстонты цыртдзæвæнтæ æмæ Цæгатæй – Хуссармæ мæ зынаргъ, мæ уарзон, тæнзæрдæ Иу Ирыстон, мæ сатæг, бæгæныхуыз хъæу Елхот, мæ зынаргъ сыхбæстæ, мæ уарзон 2-æм скъола, мæ табуйаг райгуырæн хæдзар – зындгонд халсаргуыстгæнæг, Кировы районы Елхоты раздæры колхоз «Кавказ»-ы бригадир, Фæллойадон Сырх Тырысайы орденхæссæг, дзæнæтыбадинаг, мæ сомыгæнæн Фыд Бызыккаты Раждены фырт Владимиры (Ладойы) къæс!

Бузныг уын, мæ фæллад, æнæферохгæнгæ, уæздан æмæ алцымбарæг ныййарджытæ! Фыццаджыдæр, мæ сыгъдæгзæрдæ, фæрнджын æмæ фыдæбонджын Фыд, стæй алцымбарæг, алцыфæразон, цыкурайы фæрдгуыты хуызæн аст сывæллоны – аст чызджы Мад – Марйа (Багиан)… Дзæнæты бадут.

Бузныг, Уæлахизы табуйаг Уалдзæг, мæ сæрæй уын ныллæг кувын, æдзард хæстонтæ, уыдонимæ ме 'дзард фыдыфсымæртæ Бызыккаты Гигла æмæ Лентъо, мадыфыд, баба Багаты Дзамболат, уæлахизæрхæссæг фыдыфсымæртæ – Бызыккаты Гудзи æмæ Граф, хæсты милуангай ветерантæ! Уас, цъаммар хæсты ном фесæфа, дзыллæты æмæ уыдонимæ нæртон ирон адæмы тæригъæдæй…

Бузныг, «Рæстдзинад», мæ дыккаг хæдзар! Бузныг уæ ирон æгъдау, уæ узæлдæй, куырыхон зонд æмæ нæртон ахастæй, мæ уарзон газет «Рæстдзинад»-ы кусæг уарзон хистæртæ! Фарнамонд уæ райдзаст хæдзæртты, уæ кæстæрты хуртæй рухсзæрдæ, амондджын æмæ уæлахиз ут!

Цард æдзæстхиз Рæстдзинад у, рæстæгимæ баст. Рæстдзинад та æвæллайгæ тох у! Уыдон æнгом баст сты, æнæ кæрæдзи никуы уыдысты æмæ нæдæр уыдзысты…

75

КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ

1945–2020

ТЪЕХТЫ Тамерлан

БЕРЛИНМÆ – ДАМБАЦАИМÆ, БЕРЛИНÆЙ… РАКЕТÆИМÆ

Очерк

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæудыл 75 азы рацыд, фæлæ хъæбатыртæй бирæты тыххæй ныры онг æнæзындгонд хабæрттæ уæддæр арæх райхъуысы – архивтæ «дзурынц» Уæлахиздзауты фæдонтæн сæ фыдæлты сгуыхтыты тыххæй.

97 азы фæцард а зæххыл Ростовы йæ дыккаг райгуырæн бæстæ ссарæг Къадзаты Состыкк. Тлийыхъæукках Къадзаты Ильяйы фыртыл 10 азы цыд, афтæ бинонтæ Кировыхъæумæ ралыгъдысты. Хъыгагæн, 21 сывæллонæй хъысмæт цæрæнбон Состыкк æмæ йæ хойæ дарддæр никæмæн радта.

Мæгуыр æмæ æвадат царды уавæртæ, 14 азæй чысыл фылдæр кæуыл цыд, уыцы Состыччы «фæсырдтой» Кировыхъæуæй дæр. Куыд зынтæй бахæццæ цардагур Алагиры онг! Уыцы рæстæг транспортæн йæ кой дæр нæма уыд, æмæ хæцъил дзабырты фæраст дард фæндагыл. Йæ къухты фæллой фыццæгты фыццаг радта Джызæлдоны ГЭС-ы арæзтады бынатмæ фæндаг кæнынæн. Уым райдыдта хæринагуарæгæй кусын. Æниу цæй хæринаг — кусджыты сихор уыд дзулы къæбæр æмæ фыцгæ дон... Кæд уыцы рæстæг бирæ фыдæбæттæ бавзæрста, уæддæр сæрыстыр уыд, ахсджиаг арæзтад куыд «гуырд», уый кæй федта, уымæй.

Фæстæдæр йæ фæндаг ацыд Ленинградмæ, Мæскуымæ. Уым йе ‘мзæххонтæй бирæтыл æмбæлд. Уæдæ Ростовмæ куы

‘рцыд, уæд та йын ахæм хæлæрттæ ноджы фылдæр фæзынд. Саукусæгæй райдыдта фæллой кæнын «Сельмаш»-ы. Уæдмæ йын фадат фæци ацы заводы дзыллон дæсныйæдты скъоламæ ахуырмæ бацæуынæн, æмæ сси зырнæйзилæг. Куыд активон фæскомцæдисоны, афтæ йæ уайтагъд баивтой хæцæнгæрзтæ уадзæн цехмæ. Цæмæй зыдта 20-аздзыд лæппу, тагъд рæстæг йæ цард хæцæнгарзимæ ноджы æнгомдæр баст кæй æрцæудзæн, уый...

1935 азы Къадзаты сæрæнгуырды æфсадмæ акодтой. Службæ кæнын райдыдта Ростовы кавалерион полкъæй. Цыбыр рæстæгмæ салдатæй схызт дивизионы старшинайы онг. Дыууæ азы баслужбæ кæнгæйæ, æрыгон æфсæддон æрвыст æрцыд Краснодармæ, афицертæ цæттæгæнæн цыбыргонд курсытæм. Ростовмæ сыздæхт кæстæр лейтенантæй дзæвгар æнтыстдзинæдтимæ. Йæ хъару æмæ арæхстдзинадæй йæхи афтæ равдыста, æмæ йын ахуырты рæстæг бабар кодтой æрдзон æмæ хæцæнгарзæй æхсыны цæттæдзинадмæ цæст дарын.

Ныр йæхæдæг дæр тынгдæр сразæнгард ахуырмæ. Йæ сабибонтæ хæххон хъæуы арвыста, æмæ йе ‘ппæт ахуырад уыд цыппар къласы, уымæ йын скъоламæ цæуыны фадат уыд æрмæстдæр хурæфсæст бонты, æмæ афтæмæй цанæбæрæг зонындзинæдтæ райстаид. Уыйадыл кæстæр лейтенант Къадзаты Состыкк йæхæдæг йæхицæн ахуыргæнæг сси æмæ ма 1940 азы Мæскуыйы æфсæддон академимæ фæлварæнтæ дæр лæвæрдта. Йæхæдæг куыд дзырдта, афтæмæй архайдта фидар ныфсы руаджы, зонындзинæдтæ та йæм фаг нæ уыд. Уымæ гæсгæ академимæ нæ бахауд.

Фæлæ, царды цы ‘рцæуы, уый хорзырдæм асайы, зæгъгæ, дзæгъæлы нæ фæзæгъынц. Состыкк вагзалмæ æрцыд æмæ хъуамæ фæстæмæ Ростовмæ ацыдаид. Ам ын цавæрдæр майоримæ

ныхас куы бацайдагъ уаид, æмæ йæ уый сразы кодта Мæскуыйы физкультурон институтмæ бацæуынмæ афæлварынил.

Йе ‘рдзон цæттæдзинадæй куыствæлтæрд лæппу хъаст нæ кодта — 300 адæймаджы бæрц иумæ згъордтой æртæ километры дæрддзæгмæ, æмæ дæс хуыздæры номхыгъдмæ бахауд. Ленк кæнынмæ ницы уыйас сарæхст — хохы йын цæй цæугæдон уыд. Уыимæ, гимнастикæ æмæ спорты æндæр хуызты никæмæй фæстæдæр баззад æмæ афтæмæй сси ацы институты студент. Ам дæр та уайтагъд иннæты ‘хсæнæй бæрæг дарын райдыдта йе ‘взыгъддзинад æмæ ныфсæй. Къорды командирæй йæ æвæрынц, уый куы базыдта, уæд ратыхст, уырыссагау дзурын рæстмæ куы нæ зонын, уæд мын адæмы мæ бæрны цæмæн кæнынц, зæгъгæ. Уæвгæ йæм разамонæджы курдиат кæй уыд, уый йæ цардвæндагыл иу æмæ дыууæ хатты нæ рабæрæг, фæлæ уæлдæр бынæттæм никæд тырныдта. Хæсты фыццаг мæйты æрыгон лейтенанты артиллерийы батарейы командирæй куы æрвыстой, уæддæр, уыцы бынаты аккаг нæма дæн, зæгъгæ, не сразы. Сси сгарджыты дивизионы сæргълæууæг, архайдта Бресты цур тугкалæн тохты, уыд зындгонд «Катюшæты» дивизионы командыгæнæг. 249-æм фистæг æфсады дивизийы 792-æм полчъы рæнхъыты уæвгæйæ, схызт майоры онг. Йæ хæстон фæндаг ацыд æхсæз фронтыл. Мæскуыйы бын сæрмагонд дивизи, Ныгуылæн, Цæгат-Ныгуылæн, Калининградаг, Брянскы фронттæ, фыццаг Белоруссаг фронт (уæд йæ командæгæнæг уыд маршал Жуков). Фæстагмæ та уыд æстæм æфсады рæнхъыты. Йæ биографийы ис, раздæр дзурæн кæмæн нæ уыд, ахæм фактæ. Рейхстаджы онг тугкалæн тохтимæ кæй фæцыд, Империйы канцеляри кæй хуыдтой, уыцы бынат кæй бабæрæг кодта, уымæн æм æвдисæнæн баззадысты немыцаг картæтæ.

Уыимæ, хæстæн йæ кæрон нæма ‘рцыд. Берлины бын не ‘мзæххон æмæ йе ‘мбæлттæ райстой бардзырд сæ ных Японы ‘рдæм саразыны тыххæй. Цы бæрæг и, куыд рауадаид дарддæр Состыччы хъысмæт, фæндагыл, Новосибирсчы уæвгæйæ, куы нæ фæрынчын уыдаид, уæд. Йæ къæхтæ барæсыдысты æмæ дыууæ мæйы бæрц рынчындоны фæхуыссыд, стæй йæ æстдæс боны æмгъуыдмæ Хъырымы санаторимæ арвыстой. Уыйадыл Къадзайы-фырты фæстауæрцгонд тыхтæм аивтой æмæ, зæгъæн ис, æфсадæй уæгъд

æрцыд. Уымæ гæсгæ ма йæ дисæн кæрон кæм уыди, артиллерийы хайады хицау Гамов æм куы фæдзырдта æмæ йын бардзырд куы фехъусын кодта, уæд. Состыччы æрвыстой... фæстæмæ Берлинмæ! Йæ балцы нысан ын рæстмæ кæй нæ раргомчындæуыд, уымæ гæсгæ майор Къадзайы-фырт бамбæрста, цыдæр сæрмагонд, сусæггонд хæслæвæрдтæ йæм кæй хаудзæн, уый. Ноджы ма йæ цæстдарæг дæлбулкъоны бар куы бакодтой, уæд йæ хъуыдытыл дызæрдыг нал кодта.

Фæндагыл куыд æмæ цы уавæрты цæуын бахъуыд, уый хицæн ныхасы аккаг у. Транспорт хæрз стæм уыди, фистæгæй та кæд хъуамæ бахæццæ уыдаис. Цыдæр амæлттæй сарæхст, æмæ бацыд нысангонд 92-æм полчъы штабмæ. Куыд рабæрæг, афтæмæй йæ æрæрвыстой ацы полчъы сæрмагонд нысаниуæгады хайадмæ. Уый нæ, фæлæ ма йын йæ бæрны бакодтой йæхицæй уæлдæр æфсæддон цины уæвæг адæмы дæр, æмæ сси Стратегион нысаниуæгимæ ракетæты æфсады службæгæнæг.

Æмбырд кæнын райдыдтой ракетæ «ФАУ-2»-тæ. Куыстой, немыц ахст адæмы фæллойæ цы æмбæхст завод сарæзтой æмæ ныр не ʻфсæдтæн чи баззад, уым. Райдайæнты уал немыцы фæлтæрддзинадæй пайда кодтой, æмæ ракетæ цæттæгонд æрцыд. Гъе, фæлæ йæ ам, Германы, уæлдæфмæ суадзын тæссаг хъуыддаг уыдис – ничи зыдта, фыццаг фæлварæн куыд ацæудзæн. Ракетæ, зæгъæм, йæ нысангонд бынатæй фæиппæрд, уæд бирæ фыдбылызтæ æрхастаид. Уыйадыл бардзырд – фæлварæн куыстытæ æндæр бынатмæ аивын. Æмæ – ракетæ уæлдæфмæ суадзæн фæзы алыварс æртыгай километры дæрддзæгмæ зæххы бын ныгæд сæрмагонд бæндæнтæ, иунæг тел дæр дзы куыд нæ фæхъæуа, афтæмæй фæстæмæ скъахыны хæслæвæрд. Афицертæ, сержанттæ, салдæттæ æрзоныгыл кодтой, æмæ зæхх æнгуылдзтæй фæйлыдтой, цæмæй бæндæнтæ макуы аскъуыйой. Сарæхстысты, æмæ æппæт техникæ дæр сæ райгуырæн бæстæмæ раластой, цæмæй ракетæ сфæлварой уæды рæстæджы иунæг полигоны — Капустин Яры. Ам ракетæаразджыты бабæрæг кодта космонавтикæйы бындурæвæрджытæй иу – Сергей Королев. Уæд уый дзуапп лæвæрдта ацы ног хæцæнгарзыл. Йемæ уыдысты маршал Николай Яковлев æмæ ССР Цæдисы хъахъхъæнынады фидæны министр,

маршал Дмитрий Устинов. Адæм цы уæззау уавæрты цардысты æмæ куыстой, æрмæст уый дæр диссагæн дзуринаг куыд нæу. Кæрæй-кæронмæ æнæ арæн, æнæ ʻхгæд, фæлæ – тынг сусæггонд бынæттæ. Дивизионы командир Къадзайы-фырт ма комендантæй нысангонд дæр æрцыд, æмæ хъуамæ йæ дивизионы зæххыл æрцæрæг æппæт хицауады цур дæр уыдаид, сусæггонд объект дæр хъахъхъæдтаид. Ногæй та йыл æрæнцад æвæджиауы бæрнон хæс, æмæ та уый дæр йæ ахаст æмæ æвзыгъддзинадыл дзурæг уыд. Зноны хæстонтæ зындзинæдтæй нæ тарстысты, фæлæ сæм дон хæстæг кæй нæ уыд, хæринаг сæм арæх кæй нæ ластой, ам, тыгъд быдыры, уæд та судзгæ хурæй рæстмæ бафæсвæд уæвыны бар кæй нæ уыд, уый сæ куыд нæ тыхсын кодта…

1947 азы 18 октябры ракетæ «ФАУ-2» уагъд æрцыд уæлдæфмæ æмæ æрхауд, казахаг быдырты цы ран нысангонд уыди, уым. Уæд ракетæ æрмæст 300 километры дæрддзæгмæ атахт, фæстæдæры фæлварæнты та – 700 километрмæ. Ныртæккæйы техникон домæнтæм гæсгæ, уым уадиссагæй ницы ис, фæлæ егъау уыд политикон нысаниуæг – Советон Цæдис ракетæ суагъта Амырычы разæй, кæд ыл уый раздæрæй куыста, æмбæлгæ гæххæттытæ ма немыцы æвæрæнтæй дæр аласта, уæддæр.

Ныхас цы 92-æм полкъыл цæуы, уый биндурыл фæстæдæр сарæзтæуыд сæрмагонд нысаниуæгимæ бригад командыгæнæг Александр Тверецкийы разамындæй. Куыстой Новгороды бын æмæ, картæйыл нысангонд чи нæ цæуы, æндæр ахæм бынæтты. Капустин Яры та, Къадзайы-фырты архайдæй, цæттæгонд æрцыдысты кæстæр афицерты фыццаг фондз рауагъды. Сси полчъы командир, булкъон, фæлæ йын академийы уæлдæр ахуыргонддзинад райсынæн рæстæг нæ фæци, æндæра ноджы бæрнондæр бынæтты онг схызтаид.

Не ʻмзæххон, гвардийы булкъон Къадзаты Состыкк ма архайдта æндæр сусæггонд операцийы дæр. 1962 азы 30 адæймагæй, авд машинæйæ ифтонгæй, райстой хæслæвæрд — ракетæ, куыд ничи йæ фена, афтæмæй Украинæйæ Прибалтикæмæ аласын. Йæ зæгъын æнцон у, фæлæ 25 метры дæргъæн ракетæ афтæ дард сусæгæй ласæн куыд уыдис?! Цыдысты æхсæвыгæтты, боныгон сæ æнахуыр уаргъ æмбæхстой хъæдты. Арæх сæ рагацау калын хъуыд бæлæстæ,

æмæ-иу бынæттон хицауадимæ быцæутæ рауад. Сæ куысты мидис сын хъæргæнæн кæй нæ уыд, уымæ гæсгæ æмбæлыдысты æндæр къуылымпытимæ дæр. Зæгъæм, сгарджытæ фехъусын кодтой, ахæм æмæ ахæм хидыл ахиздзыстæм, зæгъгæ. Фæлæ йæм-иу цалынмæ хæццæ кодтой, уæдмæ-иу ыл райдыдтой... цалцæггæнæн куыстытæ. Уæдæ уым, хъæды, техникæ сонтæй исчи куы ‘рбахса æмæ, тынг бирæ æхца кæуыл хардзгонд æрцыд, уыцы ракетæ куы нал сбæзза, уымæй дæр тас куыд нæ уыд. Операци æнтыстджынæй æххæстгонд æрцыд, фæлæ уæдæй фæстæмæ æфсæддон разамонджытæ ахæм æнахуыр балц нал самидин кодтой.

Йæ 36 азы æнæзæрдæхудт службæйы дæргъы цардæн тæссаг хæслæвæрдтæ æхсарджын æфсæддон бирæ сæххæст кодта, фæлæ иу-æм сæ кой стæмхатт рауад, мæхи уд цы стауон, зæгъгæ. Уыимæ-иу арæх радзырдта, йæ хъысмæт ын цæхгæр чи фæивта, ахæм цау. 1943 азы сармадзанты батарейы командир Къадзайы-фыртæн разамынд дæттынмæ æрæрвыстой полчъы ног командиры. Уырыссаг булкъон фыццаг бонтæй фæстæмæ йæ зæрдæмæ нæ фæцыд. Бынтон рамæсты, сармадзантæ йæхирдыгонау равæрыны бардзырд ын куы радта, уæд. Тæвдтуг хохаг лæппу (ноджы ма физкультурон институты райста дыккаг къæпхæнтæ боксæй æмæ гимнастикæйæ) уыцы хъуыддаджы ныхмæ цæхгæр ныллæууыд. Уый уыдта, йæ командир гуымиры рæдыд кæй æруадздзæн, æмæ йын æй æмбарын кодта. Куы нæ саст, уæд ын йæ сæнтдзæф митæн ныххъуырд дæр радта...

Хæстон уавæрты ахæм хъуыддаджы тыххæй фехсыны тæрхон хастой, æмæ Къадзайы-фырты уавæр сæ хæрзтæй нæ уыд. Фæлæ сæм дыккаг бон тугкалæн тохтæ кæй æнхъæлмæ каст, уымæ гæсгæ куыддæр æгъдауæй ницы æфхæрд байиæфта. Ам, Брянскмæ бацæуæны, ахæм сгуыхтдзинад равдыста, æмæ ма йæ Советон Цæдисы Хъæбатыры ном райсынмæ дæттинаг дæр уыдысты. Гъе, фæлæ йыл ныр быцæуы фæстиуджытæ æртæфстысты — æфсæддон дисциплинæ халæгæн ахæм кадджын хæрзиуæг чи хъуамæ радтаид?! Йæ уæззау къух цы булкъоныл æруад, уый та уæдмæ фæци... немыцы фарс. Рæстдзинад бæргæ рабæрæг, фæлæ аивæн уæддæр ницæмæнуал уыд.

Хæсты быдыры Къадзайы-фырт æнæ фыдбылызæй нæ аирвæзт,

уыд цæф, йæ зæрдæйы сæрмæ хаста зды схъистæ дæр, фæлæ сæрæгасæй сыздæхт Ростовмæ. Сси Ростовы ракетон æфсæдты командон-инженерон училищейы зонадон-иртасæн хайады лабораторитæй иуы техник. 1992 азы йæ дыккаг инфаркт ныццавта, æмæ йын кусыны фадат нал уыд. Хъысмæты цæфтæ та йыл фæсхæст дæр бирæ ‘рцыд – се ‘нусон бынатмæ афæндараст кодта йæ бинойнаг æмæ йæ фырты.

Йæ хæстон сгуыхтдзинæдтыл дзурæг сты, алы рæстæг æй цы хæрзиуджытæй схорзæхджын кодтой, уыдон. Мæскуыйы бынмæ тохы архайыны тыххæй райста «Хъæбатырдзинады майдан», уыд æм Сырх Стъалыйы æмæ Сырх Тырысайы ордентæ, Польшæ суæгъд кæныны тыххæй майдан, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фыццаг къæпхæны орден... Хицæнæй зæгъын хъæуы Кутузовы æртыккаг къæпхæны ордены тыххæй. Уый лæвæрд цыд æрмæстдæр уæлдæр командон скондæн, фæлæ афицер Къадзаты Состикк дæр йæ аккаг сси, куыд вазыгджын сусæггонд операцийы архайæг.

2010 азы ацыд йæ зæххон цардæй «æртæ хатты ветеран». Афтæ йæ хуыдтой йæ хæлæрттæ, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты, Гæрзифтонг тыхты æмæ Ракетон æфсæдты ветеран кæй уыд, уымæ гæсгæ. Æфсæддонты ног фæлтæртæ хъомылгæнæг отставкæйы рацæуынæй фæстæмæ æдзух æмбæлыд курсанттимæ, æхсæнадон куыст кодта ветеранты организацийы. Уыцы рæстæг æм æрхатыдысты æфсæддон журналисттæ Валентин Гончаров æмæ Юрий Кононов хæстон уадтымыгъты тыххæй иучысыл исты уæддæр радзурынмæ. Кæстæрты хъомыладæн, сæ иузæрдиондзинадæн Фыдыбæстæйыл æнæмæнг хъæуынц уыцы хабæрттæ, зæгъгæ, уыцы зондахастыл лæудæй сразы.

...Цыдысты Мæскуыйы бынмæ тугкалæн тохтæ. Къадзайы-фырт службæ кодта Паддзахады æдасдзинады комитеты 249-æм дивизийы 792-æм артиллерион полчъы (фæстæдæры номдзыд 16-æм гвардейаг дивизи). Полкъæй фæхъуыд бирæ адæм, æмæ йæ фæфидар кæныны нысанимæ æрурæдтой хъæдмæ бацæуæн бынаты. Уалынмæ дын не ‘мзæххон ауыдта хæрзæрыгон афицеры. Йе ‘фсæддон дарæс – скъуыдтæ, йæ цонг ма æрмæст иу нуарыл хæцыд. Æрбауад æмæ загъта, цæмæй йын йæ нуар фæлыг кæна æмæ йын йæ цæф абæтта. Состикк фæцарæхст, куыд йæ бон уыд,

афтæ лейтенантæн баххуыс кодта æмæ йын медсанбаты ‘рдæм ацамыдта. Фæлæ дын лæппу гранат срæмудзынæй хъахъхъæнæн къæпсыр (чека) дæндагæй стыдта, цы къух ма йыл баззад, уымæй йæ нылхъывта æмæ фæстæмæ хъæдмæ, тохы цыренмæ, ныййарц. Уый фæстæ нал сæмбæлдысты. Уыцы хъæбатыр, æвæццæгæн, фæмард, фæлæ знагæн равдыста, цы адæмы хъæбул у, уыдоныл фæуæлахиз уæвæн кæй нæй.

…Йе ‘мтохгæнджытæй уæлдай ма хæсты рæстæг Состыкк балымæн бæхтимæ дæр. Сæ сармадзантæ уыдоныл ластой, æмæ уымæ гæсгæ. Иухатт сæм бæхтæ ‘рбарвыстой, æмæ дзы иу æппындæр æрмахуыр нæ кодта. Никæй бон ын ницы уыд, куыдзау дæндагæй лæбурдта, æрмæст æй не ‘мзæххон æркъаддæртæ кодта. Уыцы бæхыл тохы бацыд финнаг батальонимæ Смоленскы бын. «Бæхæн йæ къæхтæ фæцæф сты. Ставд цæссыгтæ йæ цæстытæй згъæлдысты, афтæмæй уæддæр мæ фæстæ нæмгуытæй къæвдайы бын бырыныл архайдта. Шоколад æвæрд мæм уыд уымæн, æмæ ма йын æй мæлæтдзаг цæфæй уæддæр куы радтаин…» – дзырдта хæстон.

Иннæ хатт та, Къадзайы-фырты æфсæддон хай, Кюстрины ‘рдыгæй Берлинмæ куы бырста, уæд хъуамæ цæугæдоны сæрты баластаид «катюшæты» дивизион. Цæмæй немыцы хæдтæхджытæ хид ма схæцын кæной, уый тыххæй йæ сапертæ «бамбæхстой» доны, 30 сантиметры бæрц æрфæны. Ракетæтыл дзуапдæтджытæ, сæ командиртæ сæ разæй, афтæмæй изæрдалынгты цыдысты уæззау техникæйы разæй, æмæ амыдтой æнæзынгæ хиды арæнтæ. Афтæмæй сæ нысан, Зееловы бæрзæндтæм, бахæццæ сты. Уыцы рæстæгæй ма ныхъхъуыды кодта, советон салдæттæ Берлины цæрæг хуымæтæг адæмæн – сылгоймæгтæн, зæрæдтæн, сывæллæттæн – куыд æххуыс кодтой. Гитлеронтæ сын дзырдтой, уæлахиздзаутæ лæгхортæ кæй сты, фæлæ уыцы ныхæсты мæнгдзинад бирæтæ сæхиуыл банкъардтой.

Ракетæты æфсады службæйæ та радзырдта иуæй худæджы, иннæмæй та – адæмы уæды рæстæджы гæвзыкк уавæртæ æвдисæг хабар. Цæвиттон, Капустин Яры хойраджы службæйы хицау сылгоймæгты картоф æвзарынæн баххуырста – æндæр гæнæн нал уыд, æмбийын байдыдта. Уыдон цалдæр боны куыстæн сæ мызд

æрдомдтой, фæлæ хицау йæхи ницызонæг скодта. Сылгоймæгтæ уæддæр сæхион домынц. Хицау дын телефоны хæтæл фелвæста æмæ дзуры: «Мæскуы! Мæскуы!» «Аппарат сæйраг горæтимæ баст нæ уыд, æмæ дисы бафтыдтæн. Кæсын, дарддæр цы уыдзæн, уымæ», – загъта Къадзайы-фырт. Хицау та уæддæр хъæр кæны: «Мæскуы! Мæскуы! Чызг, дæ хорзæхæй, Кремлимæ нæ баиу кæн! Кремль? Кремль у?» Сылгоймæгтæ æнæхъæнæй дæр хъустæ фестадысты. «Сталинмæ дзурын! Дæ бон хорз, æмбал Сталин! Мæнæ нæм Капустин Яры цы адæм ис, уыдон æфсадæн йæ фæстаг хæлаф раласынмæ хъавынц». Цæй æхца æмæ ма цæй цыдæр! Сылгоймæгтæ Сталины ном куы айхъуыстой, уæд штабæй лидзынмæ фесты.

Сталины «æрдхордæн» та политикон хайад æфхæрд ныххуырста. Ахæм уавæрты арæзтæуыд, Америчы фæндиаг чи нæ фæци, уыцы хæстæфхæрд, фæлæ тыхджын æмæ адæмыл аудæг паддзахад. Уыцы арæзтадмæ сæхи сæрмагонд æвæрæн бахастой Къадзаты Состыччы хуызæн зынгзæрдæ патриоттæ…

ЦЫРЫХАТЫ Михал

МАСТИСÆГ

Поэмæ

Æрцыд тыхджын къæвда. Йæ фæстæ
Тæмæнтæ калдта арвыл мæй.
Ныссабыр æхсæв. Кæмттæ, фæзтæ
Æмхуызон баисты фынæй.
Æнхъæвзта арвыцъæх сæ сæрмæ,
Сæ фын сын хъахъхъæдта Æрфæн...
Æрмæст æхсæрдзæнты сæр-сæрмæ
Хъырныдтой суадæттæ фæлмæн...
Ам рагæй нал фендæуыд адæм,
Нæдæр дзы фосы дзугтæ хызт,
Фыццагау нал цыдысты ардæм
Колхозон фæсивæд фæскуыст.
Фæлæ дзы уыцы ’хсæв кæцæйдæр
Зæронд лæг уазæгау фæзынд,
Æмбæхсти кæлдымты цæмæйдæр,
Куы та-иу доны былтыл зылд...

Ызнаг куы ‘рбабырста нæ Ирмæ,
Нæ зæххыл хæсты арт куы ссыгъд,
Уæд уый дæр хъæубæстимæ иумæ
Æнафон тар хъæдмæ фæлыгъд,
Ныллæууыд карз тохы фæндагыл,
Нæ зæххæй бахордта уый ард:
Кæдмæ нæ фæтых уæм ызнагыл,
Уæдмæ йæ кæрддзæмы йæ кард
Кæй нæ нытътъысдзæни æгадæй,
Кæй исдзæн тугдзыхтæй йæ маст...
Ныр дæр хуыссæгхъуагæй, фæлладæй
Йæ зонгæ æрдузтæм фæраст...
Ызнагмæ ардыгæй цæст дарын

Æрцыди зæрондæн фæдзæхст.
Æмæ ныр доны былтæ сгары,
Кæны йæ кадджын хæс æххæст...
Уый къардиуы æхсæвæр хордта,
Рæстæггай й’ алывæрстæм каст.
Йæ рæзты дон, фынк калгæ, згъордта,
Тызмæг уыд уылæнтæн сæ хъазт.
Лæбурдтой алырдæм гуылфæнтæй.
Зæронд лæг мæйрухсмæ уыдта:
Мæстыгæр, абухгæ уылæнтæй
Æддæмæ донласт лæг тыдта.
Йæ ныфс, йæ уæнгты хъару асаст,
Æмæ-иу доны бын фæци...
Зæронд лæг карз уылæнтæм акаст,
Ыстæй сæм баппæрста йæхи...
Æрцахста донласты уæндонæй
Æнæнцой уылæнты æхсæн
Æмæ йæ рахаста уый донæй,
Фæлмæн ын бакодта хуыссæн:
Йæ кæрц ын байтыдта йæ быны,
Йæ уæлæ – сау уæйлаг нымæт...
Æмæ йын иу дуры рæбыны
Уый бонмæ хъахъхъæнæг лæууыд...
Куы ’рбакаст хурзæрин нæ хæхтæм,
Куы бахудт хуры тынтæм æрдз,
Цъæх дари дидинæгджын рæгътæ
Куы скодтой хуры тынтæй кæрц,
Дзæбæх куы райдыдта бон худын,
Куы стынг и Галæгоны хъазт,
Уæд донласт райдыдта æмбудын
Йæхи, зæронд лæгмæ ыскаст...
Йæ зæрдæ риуы тынг ысхоста,
Фæкодта сонт хъæр: «О, мæ фыд!
Цы уад, цы къæвда дæ æрхаста,
Æви ныл исты фыд æрцыд?..»

Зæронд лæг донласты ныхасмæ
Æвиппайд цавд дурау фæци,
Ыстæй уæд кæрдæгыл йæ фарсмæ
Æруагъта сабыргай йæхи.
Æмæ дын райдыдта уый дзурын:
– Зæгъ-ма, мæ хур, кæцæй дæ ды?
Æви дæ ’рфæндыд фурды сурын,
Цъæх-цъæхид денджызты хæтын?
Зæгъдзынæн дын: кæмдæр ам хæхты
Ис рагон хъæу, йæ рæзты дон
Тындзы æгæрон фæзтæм рæгътæй,
Йæ зарæг ын фæлтæры ком.
Уым уæзæгыл ыстыр тулдз зайы,
Цъæх дары кæрдæгæй йæ цур,
Йæ бынмæ адæмы фæсайы,
Куы ныккæсы сæрдыгон хур...
Гъе уыцы тулдзы бын дæ федтон:
Уыд бирæ хъæубæсты дæ кад.
Уæдæй нырмæ цыдысты азтæ,
Зынгæ фæурсдæр и дæ сæр...
– О, мæнæ диссаг! Диссаг мæнæ!
Цæй рæдау разынди хъысмæт!
Бæллыдтæн рагæй ацы фендмæ,
Дæ мæт мæ бахордта, дæ мæт!
Куыд аивтай? Кæй къухы ныхтæ
Дæ цæсгомыл ныууагътой фæд?
Цы дымгæтæ, цы карз тымыгътæ
Дæу хастой а зæххæй фæсвæд?
– Æз даргъ таурæгъ нæ уарзын царды,
Цыбыр ныхас фæуæд æгъгъæд:
Нæ мæ фæндыд, цæмæй цъæх арты
Æз искуы ссардтаин мæлæт.
– Цыбыр дзырдæй, æвирхъау хæсты
Дæ кардæн базгъæлди йæ ком?
Æмæ адзал райсыны бæсты

Æрхастай фидисæн дæ ном?..
– О, чи зоны... кæй фæнды цардæй
Фæхицæн уæвын сонтæй, зæгъ?
Æвзонг уды æдзæм, æдзардæй
Куыд хъуамæ баурома зæхх?
Зæронд лæг сыстади æнкъардæй,
Хъуыдытæ кæнынил фæци:
«Мыййаг, кæд а лæппу мæнгардæй
Фыдбонты хъахъхъæдта йæхи?»
– Мæ фырт!..
– Дзур, хъусын дæм, зынаргъ фыд,
Æз абон, цингæнгæ, дæумæ.
– Дæ хуызæн къулбадæг куыд уæнды
– Ысдзурын, фыд, зæгъгæ, мæнмæ!
– Ныббар мын... Къулбадæг нæ уыдтæн,
Ды зоныс, сабийæ дæр æз...
Мæхæдæг къулбадджытыл худтæн...
– Фæлæ нæ бафыстай дæ хæс!
Æз та... Æнхъæл уыдтæн, ды хæсты
Кæй дæ... Цæмæн фæлыгъдтæ, дзур?
Куы ’мбæрзы сау фæздæг нæ бæсты
Æмæ куы талынг кæны хур...
Ызмæлæг нал баззад нæ хъæуы,
Фæцыди тохы гуылфмæ хъæу,
Тæппуд! Мæн ахæм фырт нæ хъæуы,
Дзæгъæлы схъомыл кодтон дæу!
Нæ хъæуыл калм æртыхст... Дæ хæдзар
Ныккалди, сау фæнык ныцци.
Фæмард уæззау тохы дæ хæлар,
Цъæх арты басыгъди гыцци.
Нæ кæрты нал худынц дæ хотæ...
Дæ мад дæр байсæфти кæмдæр...
Ды та нæ исыс маст лæгхортæй...
Фæлыгъдтæ, бафснайдтай дæ сæр.
Кæд дæ нæ фæндыди дæ бартыл

Цытимæ амæлын хæсты,
Уæд ныр дæ сау мæлæт мæ кардыл
Ыссар, мæ иунæг хъæбул, ды...
Зæронд лæг кæрддзæмæй ысласта
Тызмæгæй рагон болат кард,
Йæ фырты сæрмæ йæ фæхаста,
Нырттывта хуры тынтæм дард...
– Фæлæуу! Ды хабæрттæ нæ зоныс...
Нытътъысс йæ кæрддзæмы дæ кард. –
Нырма дæ бахъæудзæн...
– Цы хоныс
Ды бæстæ уæй кæнын, мæнгард?
– Мæ фыд! Ды ацы бон дæ фырты
Дзæгъæлы азымджын кæныс...
Æууæнд мыл, карз тохы быдырты
Ыскодтон кад æмæ намыс
Нæ бæстæн... Худинаг мæ сæрмæ,
Нæ, ма тæрс, не ’рхастон, мæ фыд!
Бырстон æз карз тохы цæхæрмæ,
Фæлæ мыл иу бæллæх æрцыд:
Уæззау фæцæф дæн иубон тохы
(Ызнаг ма размæ бырста уæд),
Æмæ нæзы бæлæсты къохы
Æмбæхстон тугдзыхтæй мæ фæд.
Хæст адард и... Уым тугæрхæмттæй
Тыхст бонтæ арвыстон, мæ фыд.
Ыстæй мæ дудгæ арф хъæдгæмттæй
Фæсабыр ме ’взонг туджы цыд.
Цæмæй тыхгæнджытæ уацары
Джебогътæй ма «рæвдауой» мæн,
Гъе уый тыххæй æз сау мæйдары
Мæ къохæй араст дæн. Кæдæм?
Тырныдтон ног, æндæр нысанмæ
Зымæгон тъæнджы мæйы æз,
Зыдтон, мæ Райгуырæны размæ

Кæй нæма бафыстон мæ хæс.
Кæм хуыссы тар фынæйæ бæстæ,
Кæм вæййы адæймаг æдас,
Æгомыг тар хъæды бæлæстæ
Кæм кæнынц сусæгæй ныхас,
Кæцы ран арвы рæсугъд цъæхы
Ныгъуылынц сау къæдзæхтæ арф,
Цы ранмæ уари дæр нæ тæхы,
Кæм у уæлдай сыгъдæгдæр арв,
Цъæх тымыгъ цæстытæ кæм къахы,
Кæм пиры урс æврæгъты уад,
Уым иу ран, сау айнæджы дагъы,
Нæ партизантæн уыд бынат...
Æз уырдæм бафтыдтæн куыддæртæй,
Фæстагмæ се ’мхæстон ысдæн
Æмæ-иу тар æхсæв хæцынмæ
Æдзухдæр се ’мхуызон цыдтæн...
Уæд иубон мастисæг цыдыстæм,
Ыстынг ис иу горæты хæст,
Æгæрон не знæгтæ уыдысты,
Æртиссæдз махонтæ – æрмæст.
Изæры талынгтæй уым бонмæ
Хъуыст дардмæ хотыхтæн сæ хъæр...
Æз иу ран ахаудтæн уæлгоммæ,
Æруæззау къодахау мæ сæр...
Куыддæр æрызгъæлдысты уæнгтæ,
Ныссабыр бæстæ, æмæ арв
Æрбатар... Туджы малы змæнтгæ
Æз уынджы бафынæй дæн тарф.
Дыккаг бон иу чысыл хæдзары
Хуыссыдтæн сынтæджы æнцад.
Æгомыг, сатæгсау мæйдары
Мæ уæлхъус ацæргæ ус бадт.
Мæ уæззау цæфтæ-иу мын баста,
Зылди мæм хи мадау æдзух,

Йæ комы-комдзæгтæй мæ хаста,
Æппын мæ никуы уагъта цух.
Дзырдта мын алы бон æнкъардæй:
«Дæ фаг дзæбæхдзинад кæм ис,
Фæлæ-иу ма сфæлмæц мæ цардæй,
Мæ уды хай фæуа дæ низ...
Кæд искуы афонмæ мæнæн дæр
Мæ иунæг ахæм ран хуыссы,
Мыййаг, кæд искæйы хæдзары
Дæуау æнкъардхуызæй кæсы...
Кæд искуы уымæ дæр мæн хуызæн
Æндæр мад зилæнтæ кæны,
Кæд тугæй уымæн дæр йæ хуыссæн
Ысхъулон... Искуы кæд мæлы...
Æниу, цæй... Ма риссæд дæ зæрдæ,
Дæхицæн мацæмæй кæн зын.
Куы ’рхуыссой карз тохы цæхæртæ,
Уæд-иу мæм искæд бон фæзын.
Мыййаг, кæд, чи зоны, мæ дарæг
Куынæуал сыздæха мæнæн,
Уæд-иу мын бауром мæ хъарæг,
Уæд-иу мын бабæзз ды фыртæн...»
Æмæ фæндзæм мæй цыд йæ рады...
Ныллæууыд рагуалдзæг, фæхъарм,
Рæвдыдта хурзæрин фæллады,
Æвæрдта сидзæртыл йæ арм.
Цъæх-цъæхид адардтой нæ фæзтæ,
Æрттывта дидинæг дзæбæх.
Æфтыдтой ног сыфтæр бæлæстæ,
Парахат улæфыди зæхх.
Згъордтой суадæттæ нæ рæгътæй,
Фæлæ сæ нæргæ зарды хъæр
Нæ хъуысти карз тохы гæрæхтæй.
Æмæ уæд иу фæлмæн изæр
Хæрзæбон загътон уæд «мæ мадæн, –

Фæцыдтæн тар æхсæв... Кæдæм?
Тыгъд быдыр, тар хъæдтæ мæ бадæн
Уыдысты, о мæ фыд, мæнæн...
Бынтон ныддæвдæг дæн, ныддæвдæг,
Æз нал зыдтон, хæринаг циу,
Фæлæ уæддæр сыгъди мæ риу
Фыдгултæй маст райсыны артæй...
Тызмæгæй ацы дон кæм хъазы,
Кæм нæры арф адаг йæ зардæй,
Уым иу чысыл хъæуæн йæ разы
Æркодта знаджы штаб йæ бынат
Æд æфсад иу хъуынтъыз изæр.
Гъе уым ысфæнд кодтон фæстаг хатт
Лæгдзинад равдисын æз дæр:
Нæуæгæй бабастон мæ цæфтæ
Æмæ къуызæг лæгау æнцад
Фæззыгон уаргæ тар æхсæвты
Фæхастон хиды бынмæ фаг
Фителтæ, минæтæ... Куы ’рцыди
Цыппæрæм тасхæссæг изæр,
Нæртон, тыхджын къæвда куы цыди,
Куы калди арвы ирд цæхæр,
Хуыссыдтæн доны был... мæ хъустыл
Егъау рæмыгъды хъæр фæцыд...
Мæнæн та цæстысыг мæ рустыл
Æркалди... Цины цæссыг уыд.
Уыди ыстыр фæдис... Фæстагмæ
Тызмæгæй сарæзтон мæ бырст
Лæгмарты тугæйдзаг лæгæтмæ,
Æмæ чысыл хæдзар ныррызт...
Фæзынди сау фæздæг йæ сæрмæ,
Æрттывта арты рухсмæ дон...
– О, мæнæ диссаг, кæд дæ фыды
Фæливыс ацы бон, мыййаг...
– Нæ, багъæц, сайы дæу дæ хъуыды,

Æз дзурын тынг æцæг хъуыддаг,
Æмæ мæм байхъус, цæй, кæронмæ…
Бынтон куы баххæст и мæ хæс,
Гъе уæд æрдæгсыгъдтытæй донмæ
Мæхи куы баппæрстон, куы, æз...
Цы ’рцыди, уый фæстæ, æвдисæн
Дæхæдæг уыцы цауæн дæ...
Ыскæ ныр ахæм зын дæхицæн:
Фæцу, мæ зынаргъ фыд, æмæ
Мæ номæй хъæубæсты æмбырды
Салам æппæт æмгæрттæн зæгъ...
Ныууадз ам, доны был, дæ фырты,
Æмæ йæ барæвдауа зæхх...
Сырх хæцъил раласта йæ ронæй,
Цыдæр зæгъын ма йæ фæндыд,
Фæлæ йæ сæр æнцад æруагъта
Цъæх нæууыл дидинджыты ’хсæн...
Йæ фыд ыл ирд цæссыг æртагъта,
Ыстæй йæ сабийы хуызæн
Йæ къухтыл systa, джихæй касти
Фæллад фæлурс цæсгоммæ ’нцад.
«Цымæ сырх хæцъилы цы баст и, –
Нæ бæстæн цыт, нæ бæстæн кад?!»
Фыд загъта ’мæ йæ ризгæ къухтæй
Ысуагъта хæцъилæн йæ баст
Æмæ дзы ауыдта æваст
Йæ фырты ордентæ рæсугъдæй.
Ыстæй ма тугæйдзаг гæххæтты
Чызджы къам фондз хатты тыхтæй,
Хид, тугæй хъулæттæ æппæтæй
Æмæ йæ иу кæрон сыгъдæй...
– Сафирæт, – загъта фыд æнкъардæй, –
Уыдтæ мæ чындзаг ды кæддæр,
Фæлæ куы байсæфтæ æдзардæй
Æнафон карз хæсты ды дæр.

Бецау... Цы ранмæ дæм фæхæссон
Мæ фырты рухс номæй салам,
Кæй цæстысыгтæй дын æрæхсон
Уæззау, зын фæндагыл дæ къам?..
Нырхæндæг фыд æмæ йæ фыртыл
Ныддæлгом. Сау мигъты дзыгуыр
Æрттивгæ диссаджы быдыртыл
Йæ пæлæз бамбæрзта æмыр.
Кæмдæр æддæуæз арв ныннæрыд,
Цæхæр ныккалдта. Барызт зæхх.
Зæронд лæг фестъæлфыд, ыслæууыд...
Ыставд æртæхтæй уарыд зæгъ...
Бæзджын, хъуынтъыз æврæгъты ’хсæнты
Йæ фæттæ калдта тынгдæр арв...
Фыд фырты сау уæйлаг нымæты
Хæзнайау батыхта уæд арф.
Йæхæдæг сыстад æмæ ’нкъардæй
Фæздæгджын быдырмæ ныккаст, –
Кæцæй хъуыст хотыхты хъæр дардæй,
Кæм цыд æгъатырдæрæй хæст,
Кæм бырстой не ’фсæдтæ фыдгултæм,
Кæм баруад дидинæгджын фæз,
Нæ цытджын бæстæйы хъæбултæ
Кæм фыстой кадимæ сæ хæс...
Зæронд лæг барызти фыр мæстæй,
Ыссыд йæ дæндæгты къæс-къæс...
Йæ риумæ балхъывта йæ фырты,
Йæ иунæг уарзон фырты фыд
Æмæ нæ тар хъæды рæбынты
Йæ партизанты къордмæ цыд...

НОГ ÆМДЗÆВГÆТÆ

БУТАТЫ Ритæ

ЦАРДВÆНДАДЖЫ АСИНТÆ

МÆ ХЪУЫДЫТÆ

Сæумæрайсом мæ рудзынгæй
Нæ комы 'рдæм кæсын,
Мæ рухс хъуыдыты дзыгуырæй
Мæ рæнхъытæ бийын:

Уæлладжыргом, Фыдыуæзæг,
Цы фарн дæ ис, цы тых!
Дæуæй рухс у мæ цардвæззæг,
Дæу ныфсæй дæн хъæддых.

Нæ дзыллæйæ сæрыстыр дæн,
Сæ хæрзтæм сын бæллын.
Мæ сыхбæстæн, мæ хъæубæстæн
"Æнтыстджын ут!" зæгъын.

Мæ цин æмæ мæ хъыджы бон
Мæ алыварс лæуут,
Æз дæр-иу уæ кæм бахъæуон –
Фæхабар-иу кæнут!

Бæрзондылбадæг, кувын дæм:
Дæ къух-иу уæд рæдау,
Æнæвгъауæй, о, курын дæ,
Фарн Иры зæххыл тау!

ХЪЫСМÆТ

Хъысмæт мæ рохуаты нæ уагъта,
Æхсыст йæ цуайнаджы мæ уд.
Куы-иу мыл базыртæ æрсагъта,
Куы мын мæ хъизæмæрттыл худт.

Йæ уазал узæлдæй-иу зæрдæ
Æнахуыр судзгæ рыстæй рыст.
Æрхауон, мауал сыстон, зæгъгæ,
Уæд хъуыстон уды хъæлæс: «Сыст!»

Æмæ цыдтæн, лæгæрстон размæ,
Тырныдтон хуыздæрты рæгъмæ.
Ызгъордтой дугъон бæхтау азтæ,
Мæ кары бацыдтæн уæдмæ...

Хъысмæты равзаргæ кæнонтæй
Цæнгæтау сфидар и мæ уд.
Ныртæккæ нал кæудзынæн сонтæй!
Цъæхснаг нæу раздæрау мæ худт...

Фæлæ нæ сызнæт и мæ зæрдæ,
Хатырхъом, уарзынхъом ма у.
Æмæ æхсæст кæнын мæ хæстæ,
Хуыцауæн зæрдиагæй – табу.

ФЫН

Мæ цардуалдзæг чызджы хуызы
Мæ мидфынмæ фæзынд,
Мæ алыварс тæргайхуызæй
Йæ къахфындзтыл æрзылд.

Ӕрбадзырдта мæм: «Уагæры
Кæдæм лыгъдтæ мæнæй?
Цы раны дæ, цы уавæры?..
Дæ сæры сау хил нæй!

Сырхуадул уыдтæ, худæнбыл,
Дæ цæстыты – цæхæр!
Дзырдтон дын: Фидæн – хауæн был!
Нæ мæм хъуыстай уæддæр...»

Ӕрбабон, æмæ фехъал дæн...
Цы амоны мæ фын?
Тæлтæг уалдзæджы уайдзæфтæн
Цы у мæ бон зæгъын?

Уый не 'мбары, мæ хъæбултæн
Кæй у мæ уд нывонд.
Ӕнæвгъауæй сыл байуæрстон
Мæ уынд æмæ мæ конд.

Мæ зонд æмæ мæ хъаруйæ
Сæ сабидуг – рæвдыд,
Сæ фæндæгтæ мæ табуйæ –
Рæсугъд æмæ æвыд.

О, цардуалдзæг, æрвон фынау
Мæ хъæбулты æрцæр!
Сæ фæндæгтыл хæрдгæ тынау
Рæсугъд фæндтæ æвæр.

ЗАЛЫМТÆ

Арв нæ зыны мигътæй,
Зæххыл апырх марг.
Залымты фыдмитæй
Сыскъуындзæни цард.

Исынц нын нæ бартæ,
'Фтауынц ныл фыдниз.
Баззадыстæм, уастæн,
Дæлимонты 'вджид.

Скадджыни гæртамхор,
Кусæг лæг – æгад.
Цъаммар уæвын абон
Хорзыл у нымад.

Залымты фыдæхæй
Дун-дуне хъæрзы.
Абоны æлдæрттæй
Хæйрæг дæр тæрсы.

Фæсдзæуинтæ дардыл
Айтыгътой тынтæ,
Сдзырдтай, цы, дæ бартыл! –
Къалати цæттæ.

Сафдзысты нæ радæй, –
Абон уый уынæм.
Кадмæ бæлгæ, 'гадæй
Хауæнмæ цæуæм.

Гъей-джиди, уæлæрвтæ!
Раздзог нын кæм уа?
Чи 'мбара нæ фæндтæ,
Ахæм лæг куыд уа.

Арв нæ зыны мигътæй,
Зæххыл апырх марг.
Залымты фыдмитæй
Ма сыскъуынæд цард!

МÆ ИРЫСТОН

Мæ Ирыстон, фыдæлты зæхх,
Ды аргъуан дæ мæнæн!
Дæ хъæбул уон, дæ дугъон бæх,
Æнæ дæу нæй цæрæн.

Сыгъдæг зæдбадæн рухс кæмттæй
Дæу сфæлыста Хуыцау,
Дæуæн радта йæ хорзæхтæй
Сæ ахсджиагдæр – Æгъдау.

Хуыцауимæ лæгæй-лæгмæ
Иронау дзырдтой нарт !
Æгъдауыл æвæрд уагимæ
Бæрзонд хастой дæ кад.

Мæ Ирыстон, æнкъарыс æй?
Сæ фæдон дæн æз дæр!
Мæ хатдзæг нæу сæрызондæй,
Уый туг дзуры фылдæр.

Мæ рагфыдæлты туг-тæгтæй
Дæ удыл баст –мæ уд.
Нæ хъаст кæнын мæ хъысмæтæй,
Æрмæст мын у цæрдуд.

Æрмæст дæ алы комы дæр
Ирон зарæг нæрæд,
Ирон дзыллæ кæддæриддæр
Дæ цæрайæ цæрæд!

НЫЙЙАРДЖЫТÆ

Ныййарджытæ, нæ уидæгтæ,
Сымахæй хорз у цард,
Кæмæн ма стут, тæхудиæгтæ,
Хæрæнт уæ номæй ард!

Ныййарджытæ, нæ дадзинты–
Уæ уды рухс, уæ туг.
Нæ цардвæндаджы асинтыл
Цырагъдартæй лæуут.

Сымахæй –рæсугъд сабидуг,
Ныфсы мæсыг –уæ уарзт,
Зæххон хуыцæуттæ басгуыхут,
Куы нæм фæкæсы маст.

Уæ зонд æмæ уæ хъаруйæ
Нæ цардуалдзæг –рæсугъд,
Дунейы фарн уæ табуйæ
Нæ зæрдæтæм хæссут.

Ныййарджытæ – ныфстауджытæ,
Нæ цæрайæ цæрут,
Уæ халассæр хъæбултæн дæр
«Мæ къонатæ» кæнут.

Ныййарджытæ – нæ уидæгтæ,
Дзæбæхæй нын цæрæнт!
Кæмæн ма сты, тæхудиæгтæ,
Сæ номæй ард хæрæнт.

УАРЗТЫ ДЗЫРД

Дæ дзыхæй иу хатт уарзты дзырд куы схауид,
Мæ зæрдæ фестид дидинæгдон уæд.
Рæсугъддæр дзы цы дидинæг æрзаид,
Йæ къусчы 'рцæуид уыцы дзырд æвæрд.

Рæвдаугæ йæ сæууон æртæхы наин,
Дæ удæн дын дзы саразин дзæнæт.
Цæрæнбонты йæ уарзты хъармæй тавин,
Мæ удæгасæй не ссарид мæлæт.

Нæ цардамонды кувæндон дзы скæнин,
Ды та дзы уаис зæдтимæ æмсæр.
Ирон фæндыры зæлты йæ нывæрин,
Ныффæдзæхсин ын: зарæджы мын цæр!

Дæ дзыхæй иу хатт уарзты дзырд куы схауид,
Мæ зæрдæ фестид диднæгдон уæд,
Пæр-пæргæнгæ дзы уарзты зæд æрбадид,
Йæ фынгыл уаид дидиндзарв æвæрд.

ТÆХУДЫ

Тæхуды, сабидугмæ аздæх,
Кæм уыд ныйяарджытæ мæнæн.
Тæхуды, азты сæрты атæх,
Кæм калдта уды рухс тæмæн.

Мæ мад, мæ зæххон зæд, тæхуды,
Мæ русыл куы андзæвид дæ арм,
Тæхуды, фехъус ма дæ худын,
Тæхуды, банкъар ма дæ хъарм.

Мæ фыд, мæ ныфсы мæсыг, уастæн!
Дæ фæрцы базырджын уыдтæн...

Тæхуды, 'рзил фæстæмæ азтæ,
Хъæуы мæ фидар уæхск ныр дæр.

Фæлæ нæ комы рæстæг зилын,
Нæ халы царды цалх йæ фæтк,
Æмæ мæ зæххон хæстæ фидын,–
Кæд уаид арфæйаг мæ фæд.

ЦÆМÆНДÆР

Цъæх уалдзæг мæ риуы цæмæндæр
Йæхицæн ыскодта бынат!
Фæсиды мæм,худгæ, кæдæмдæр,
Мæ уд мын нæ уадзы æнцад.

Йæ хæрздæфæй срог кæны уæнгтæ,
Æрбайсæфынц хъыг æмæ маст.
Кæддæры æнæаипп сæнттæ
Ысног вæййынц зæрдæйы æваст!

Æмæ та цæмæндæр, цæмæндæр
Æрбайсæфы азты æргъом.
Фæтæхын та, оххай, кæдæмдæр,
Фæхуды мæм амонд æргом.

Æнкъарæнтæ стых вæййынц зондыл,
Ысног вæййы зæрдæйы уарзт!
Хъысмæты æгæнон кæнонтыл
Мæ хъуыдытæ нал вæййынц баст.

Фæлæ та... Æрбаздæхын балцæй,
Фæкæны йæ кæнонтæ цард:
Фæлвары мæ кард æмæ арцæй,
Мæ бæллицтыл бандзары арт.

Гъе уæддæр цæмæндæр, цæмæндæр,
Цъæх уалдзæг мæ риуы цæры!
Фæсиды мæм, худгæ, кæдæмдæр,
Мæ уд мын дзæнæтмæ тæры.

ИРЫСТОНÆН МÆ КУЫВД

Уæлладжыргом – мæ авдæн,
Хъæриуы хох – мæ фыд,
Мæ фæлмæнзæрдæ мадæн,
Ирыстонæн, – мæ куывд.

Дæ цъититы рæбынæй
Æлутон дон кæлæд,
Дæ дыргъдæттæй, дæ хуымтæй
Фæрныг тыллæг цæуæд!

Дзырддзæугæ уæд дæ хистæр,
Дæ кæстæр уæд цыргъзонд,
Фæрнæйдзаг уæд дæ къæсæр,
Дæ дзыллæ уæд æмзонд.

Фыдрын æмæ бæллæхæй
Дæу бахизæд Хуыцау.
Дæ къæбæр æмæ цæххæй
Æххуысхъуаджы рæвдау.

Дæ байзæддæгты кадæй
Дæ сæр бæрзæндты хæсс,
Æнтыстджынæй, цытджынæй
Æнусты сæрты кæс!

* * *

Мæ тыхст сахат Поэзийы дуар хойын
Æмæ сæркъулæй къæсæрыл лæууын...
Мæхицæн дзы ыстыр кад æз нæ домын,
Мæ рыст зæрдæ мын барæвдау, зæгъын.

Цæссыгкалгæмæ хъæстытæ фæдзурын,
Ысуадзын дзы мæ зæрдæйы тыппыр.
Фæндагмæ дзы мæхицæн Рухс фæкурын,
Куыннæ суа зæрдæ знæт æмæ æмыр.

Дæ фæскъæсæр мæ ма ныууадз, фæзæгъын,
Æрми-æрм демæ саккаг кæн цæуын,
Дæ фарн мæ кæд нæ бауадзид фæкæлын,
Мæ уд кæд уаид базырджын, тыхджын...

Поэзимæ мæ уды хъыгтæ хъарын,
Æууæндын ыл – мæ ахсджиагдæр бæллиц.
Уæд алчидæр йæ комулæфтæй хайджын,
Поэзи у нæ удварны къæбиц!

ЦÆРИАТЫ Валери

УАРЗОН ЗАРÆГ

* * *

Нæ цæхæрадон – ног куысты къæсæрыл,
Йæ фæрныг зæхх – сæууон хурæй рæвдыд.
Фыццаг кæрдæг æсхæцыдис йæ сæрыл.
Æрцыд æнæ дæу, уалдзæг та, мæ фыд.

Бæзджын дидинæг ракалдтой бæлæстæ,
Сæ алварс кау – æхсæры уисæй быд.
Фæлидзы суадон, уайсадгæ, мæ рæзты,
Йæ сæрты хид – дæ къухтæй конд, мæ фыд.

Нæ зæронд хид мæ зæрдæйæн æхцон у.
Ныр дæр ма уайы цæстытыл дæ цыд.
Фæскуыст изæр дæ хидæйдзаг цæсгомыл
Куыд-иу дзы 'скалдтай уазал дон, мæ фыд.

Ныр дæр ма уайы раздæрау мæ хъустыл
Дæ райдзаст мæ уæздан ныхас, мæ фыд.
Фыццаг хатт ацы хиды сæр йæ русыл
Дæ сæрдасæн куы авæрдта дæ фырт...

ДЫУУÆ БÆЛАСЫ

Рæсугъд æмæ мыдыбындзджын дыргъдоны
Дыууæ бæласы рæзыдысты иумæ.
Æлвæста сæ фæлмæн дымгæ йæ риумæ,
Рæвдыдта сæ сызгъæрин хур æхцонæй.

Æстыхстысты кæрæдзиуыл бæлæстæ,
Сæ уидæгтæ, сæ къалиутæ, сæ удтæ.
Нæ уыди уыцы бæлæстæй рæсугъддæр!
Æнæ дисæй-иу ничи цыд сæ рæзты.

Фæрæзтой иумæ хъызт æмæ тæвдæн
Кæрæдзийæн æнцой æмæ ныфсæн.
Сæ сæрмæ-иу гыццыл зæрватыкк зарыд.

Бæлæсты риуты уарзты рухс сыгъди.
Сæ иу мыдхуыз, тæнцъар кæрдо уыди,
Сæ иннæ та сырхфарс фæткъуы куы разынд.

ТÆРККЪÆВДА

Сау мигътæ знаджы æфсадау æрбабырсынц,
Скъæры сæ комы 'рдæм фосдзугау уад.
Мæргътæн сæ цинæйдзаг зарджытæ нал хъуысынц,
Бæстæ нытталыг ис, бæстæ нынкъард.

Сау арв æвиппайды ферттывта хъамайау,
Знагæн йæ фæтæн риу агуры раст.
Бæстæ нынннæрыди, банкъуысти зæххы цъар,
Карзæй тæрккъæвда ныккалда æваст.

Дурлæсæн фезмæлыд, тас у йæ азарæй,
'Фсæн фаттау сау дуртæ донмæ тæхынц.
Стонынц æнусон бæлæстæ сæ бындзарæй,
Тарстæй сæ лæгæтты сырттæ лæууынц.

Згъоры лæбурæгау ивылд дон сау хохæй,
Раст цыма дунейыл рацыд зындон.
Арв æмæ зæххы æнæрæнцой карз тохæй
Гуыры æнусон тох! Нæй йын кæрон...

Зилгæ æрра дымгæ 'руагъта йæ базыртæ.
Мигъджын къæвдайæн йæ кæрон æрцыд.
Дардæй æрбайхъуысы арвнæрын хохсæртæй,
Змисджын цæугæдæттæн коммæ – сæ цыд.

Дуне ӕрсабыр и, мӕргъты зард райхъуысти!
Зӕххыл та ралӕууыд цин ӕмӕ рад.
Хуры зӕрин тынтӕй сау айнӕг барухс и,
Бӕстӕ ныррӕсугъд и, худы та цард!

* * *

Тӕхынц та хъарм бӕстӕтӕмӕ мӕргътӕ,
Зынынц фӕрдгуыты халау дардӕй.
Сӕ сӕрмӕ – урс къуыимбил ӕврӕгътӕ,
Сӕ бынмӕ – раг фӕззӕг ӕнкъардӕй.

Сӕ тахт – рӕсугъд ӕмӕ сӕрибар
Тӕссаг ӕмӕ дӕргъвӕтин балцы.
Тыгъд базыртӕ ӕндонау – фидар,
Цӕттӕ сты бафӕразын алцы.

Фӕтӕхынц мадӕлтимӕ ‘взыгъдӕй
Фыццаг хатт дард балцмӕ лӕппынтӕ.
Ӕвзарынц хъал ӕмӕ цӕрдӕгӕй
Ӕмбӕлццон дымгӕйыл сӕ тыхтӕ.

Хӕссынц гыццыл зӕрдӕты арфы
Ыстыр, ӕнӕкӕрон уарзт мӕргътӕ.
Кӕйдӕр ӕнӕзонгӕ цъӕх арвы
Мысдзысты райгуырӕн уӕлӕрвтӕ.

Фӕлӕ та ралӕудзӕни уалдзӕг,
Фӕстӕмӕ ‘рбаздӕхдзысты мӕргътӕ.
Ӕмӕ та райхъуысдзӕн сӕ зарӕг,
Зӕлдзӕни райдзастӕй нӕ хӕхты.

Мыйййаг, куы нал ӕртӕхой мӕргътӕ
(Хуыцау нӕ бахизӕд фыдохӕй).
Сӕ чысыл ахстӕттӕ нӕ зӕххыл
Куы баззайой ӕнусмӕ рохӕй,

Куы нал хъуыса сӕ уарзон зарӕг,
Ныххус уыдзӕни уӕд нӕ дыргъдон.
Ӕмӕ куы нал ӕрлӕууа уалдзӕг,
Нӕ цардӕн байсысдзӕн йӕ суадон.

ЦӔРГӔСТӔ

Дурджын комы сӕрмӕ знӕтӕй
Зилынц стыр дыууӕ цӕргӕсы.
Ризы сау айнӕг сӕ мӕтӕй,
Дымгӕ тарст хъӕрӕй ӕмбӕхсы.

Цыма сты цӕттӕ мӕлӕтмӕ,
Хауынц фатау зӕхмӕ арвӕй.
Ӕмӕ ногӕй та фӕстӕмӕ
Стӕхынц рухс тыгъдады арфмӕ.

Комы, дурты 'хсӕн фӕлмӕцы
Уыцы цӕргӕстӕн сӕ лӕппын.
Уый йӕ базыртыл ысхӕцы,
Хъавы арвы цъӕхмӕ стӕхын.

Абон ахстонӕй фыццаг хатт
Сонт лӕппын-цӕргӕс фӕхицӕн.
Ӕмӕ хуры бын йӕ бынат
Хъуамӕ бацахса йӕхицӕн.

'Рбадтис мад-цӕргӕс йӕ цуры,
У ӕнӕкӕрон йӕ сагъӕс,
Цыма тарст лӕппынӕн дзуры:
"Схӕц дӕхиуыл, дзиба, ма тӕрс".

Лӕппын цин кӕны йӕ мадыл,
Мӕ йӕ дӕлармы ӕмбӕхсы.
О, цӕйбӕрц хъӕрутӕ царды
Мады уды тавс ӕрхӕссы?!

Хоны цъиуы мад йæ фæстæ,
Схæцыд базыртыл, ныууасыд.
Æмæ хохнарæджы астæу
Цæргæс комы арфы бацыд.

Лæппын базыртæ æсцагъта,
Риуы 'рбамбырд кодта тыхтæ.
Кæс, æртæ цæргæсы тахтмæ
Хур дæр ракастис æврæгътæй.

* * *

Джульбарс уыд, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг майдан «Хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй» кæмæн радтой, уыцы хъайтар куыдз. Уыд рæмудзæнтæ сгарæг службæйы кусæг Волкац Динæйы куыдз. Знаджы нæмыгæй фæстагмæ уæззау цæф фæцис. Джульбарсы Уæлахизы Парадмæ Иосиф Сталин рахæсын кодта йæ кителыл.

Уæззау цæфæй йæ рахастой Сырх Фæзмæ.
Йæ риуыл арфæйы майдан зындис.
Сæрдыгон къæвда уарыдис сæ сæрмæ,
Йæ фæстæ 'фсæддон полчъытæ цыдис.

Уæззау тохы уыд раззæгтимæ иумæ,
Хæстон фæндæгтыл фондз азы фæцыд.
Уыд Польшæйы, ныххæццæ ис Берлинмæ,
Домбайау уый фыдгулты ныхмæ цыд.

Ызнаджы эшелонтæ уый рæмыгъта,
Йæ зæрдæ уыд мæлæтдзаг тохтæм зыд.
Æмæ-иу фаг куы нал кодтой йæ тыхтæ,
Уæд-иу дæндагæй йе знæгтыл хæцыд…

Цытджын æмæ ыстыр парад Сырх фæзы,
Хæстон æмæ фæллад салдаттæй дзаг.
Ныфсхаст Советон адæмæн сæ фæрцы
Æрцыдис сырд Фыдыбæстæйæ знаг.

Цæуынц Сырх фæзыл 'фсæддонты ранхъытæ,
Цæгъды хъæрæй хæстон оркестр марш.
'Мæ немыцаг тырысаты бызгъуыртæ
Зынынц æппæрстæй Мавзолейы раз.

Уыдис бæрзонд хæс хистæр офицерыл,
Сырх фæзы астæу, адæммæ æввахс,
Уый хаста Сталины лæвар кителыл
Хъæйтар куыдзы, йæ хæстон ном – Джульбарс.

АИВАД, КУЛЬТУРÆ

ÆМГАРЫ МЫСГÆЙÆ



Хистæр кары журналкæсджытæ зæрдиагæй æрымысынц, «Мах дуг» æрвгъуыз цъары мидæг куы цыд, уыцы рæстæг. Уый уыд 80-æм азты. Разæй – хæхтынгæс дамгъæтæй фыст «Мах дуг».Раст сыл цыма урс-урсид мит рауарыд, уыйау сыфтæй зæрдæмæ рог уддзæф скъæфтой. Сæ автор уыд Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат, курдиатджын архитектор Гуыбаты Зауыр.

Зауыр райгуырд Алагиры 1941 азы. Каст фæцис И.Е. Репины номыл Ленинграды аивæдты академийы И.И. Фоминайы æрмадз. Бирæ азты дæргъы фæкуыста Цæгат Ирыстоны институт «Севосгипрогорсельстрой»-ы. 1982 азæй 1987 азмæ уыд Дзæуджыхъæуы сæйраг архитектор. Уыцы рæстæг сфидар кодтой нæ республикæйы сæйраг горæты генералон пълан дæр.

Зауыр уыд Дзæуджыхъæуы нывкæнынады училищейы фыццаг ахуыргæнджытæй иу. Арæх архайдта дунеон архитектурон конкурсты. Суанг студентæй дæр ссис Æппæтцæдисон конкурс «Партизаны трех областей»-ы уæлахиздзау. Бахъомыл кодта архитекторты бирæ фæлтæртæ.

Йæ курдиат, зæрдæйы сыгъдæгдзинæд, цардмæ æмæ адæммæ уарзондзинад Зауыры разæнгард кодтой ног æнтыстытæ æмæ сфæлдыстадон уæлахизтæм.

Бæргæ, Хуыцау-иу нæ хуыздæрты уæлæуыл фылдæр цæргæйæ куы ныууадзид. Зауыр ацы аз 16 июны ацыд йе 'цæг дунемæ. Йæ бирæ хæлæрттæ сæ зæрдæйы рис æрбарвыстой нæ журналмæ...

ЗÆРДÆЙЫ ХЪÆДГОМ

Гуыбаты Зауыры рагæй зыдтон, ахуыр дæр Ленинграды Аивæдты академийы иу рæстæг кодтам. Хæххон-металлургон институты архитектурæйы кафедрæ куы байгом, уæд æз, куыд кафедрæйы разамонæг, банымадтон мæхицæн ахсджиаг хæсыл кафедрæмæ æрбахонын Ирыстоны хуыздæр архитектортæ, хуыздæр нывгæнджытæ æмæ скульпторты. Фыццаг кæмæ бахатыдтæн, уый уыдис Зауыр. Уыцы аз мын не сразы ис – йæхи бæрнон куыстæй йæ не 'вдæлдис, фæлæ дыккаг аз сразы æмæ нæм зæрдиагæй ахуыргæнæгæй фæкуыста суанг йæ царды фæстаг бонтæм.

Зауырмæ бирæ алыхуызон курдиæттæ уыдис – архитекторы дæсныйад куы нæ райстаид, уæд уыдаид зындгонд нывгæнæг, скульптор, кæнæ артист. Спорты дæр никæмæй дæлдæр æрлæууыдаид. Фæлæ зæгъын хъæуы, Зауырæн æрдзæй цы курдиат лæвæрд уыд, уымæн йе 'мбис дæр нæ раргом – нæ абоны дуджы архитектурæйæн æмбæлгæ аргъ раттæг нæй, уый та æрмæст Ирыстоны нæ, фæлæ æппæт Уæрæсейы бæллæх у.

Иугæр Академийы кой скодтон, уæд бафиппайон, уыцы рæстæг уым стыр къорд кæй уыдыстæм: ахуыр дзы кодтой, абон Ирыстон сæрыстыр кæмæй у, ахæм ирон лæппутæ: Саккаты Эльбрус, Хетæгкаты Хъазбег, Бедойты Шалва, Челæхсаты Магрез æмæ иннæтæ. Уыдоны æмсæр Зауыр дæр, ирон æгъдау равдисынмæ та кæддæриддæр уыдис фыццаг. Алы æгъдауы дæр йæхи æвдыста хорз хистæрæй. Зауыр цы хъуыддаджы бацыдаид, уым æнкъард кæнынмæ никæй æвдæлд.

Хъыгагæн, абон немæ нал ис. Цы бæстæм ацыд, уыцы бæсты хорзæх æй уæд.

АЛЫККАТЫ Руслан,
архитектор, профессор

МÆ ИУЗÆРДИОН ХÆЛАР ÆМÆ ЦÆДИСОН

Зонгæтæ, æмбæлттæ, лымæнтæ, хионтæ. Бирæ сты мæ алыварс. Сæ иуæй иннæ зынаргъдæр… Фæлæ мын уæддæр Зауыр куыддæр æндæрхуызон, хиондæр цыма уыди..

Куыд базонгæ стæм, кæм æмæ куыд фембæлдыстæм, уымæн абон дæр ницы зонын.

Фæлæ цыма æдзухдæр иумæ уыдыстæм… Дыууæ- æртæ азы кæстæр мæ уыд, фæлæ уый дæр нæ хатыдтон. Æз Зауырæй æнæгъдау ныхас, уæлæнгай хъуыды никуы фехъуыстон.

Афтæ рауад, æмæ цыдæриддæр стыр цыртдзæвæнтæ скодтон, уыдонæн сæ архитектор æдзухдæр уыд Зауыр. Фидарæй зæгъын: æмавтортæ уыдыстæм, æмхъуыды. Уый фæрцы та æз уыдтæн кæддæриддæр ныфсджындæр.

Чырыстонхъæуы цы стыр цыртдзæвæн ис, уый саразыны бар, къамисы хъуыдымæ гæсгæ, æрхауд мæнмæ. Фæлæ мын æй куы бахæс кодтой, уæд Зауырæн загътон, иумæ райдайæм кусын, ай хъуамæ стыр комплекс суа, зæгъгæ. Бавнæлдтам цæдисонæй. Афтæ уыд, университеты цы цыртдзæвæн ис, ууыл кусгæйæ дæр. Афтæ уыд, Цæгат Ирыстоны медицинон академийы кæрты цы цыртдзæвæн ис, уый саразыны хъуыддаг дæр.

Пысылмонхъæуы цы мемориалон комплекс ис, уый арæзтмæ Зауыр стыр æвæрæн бахаста. Цы фæзуат æрцахста цыртдзæвæн, уымæн йæ бындурон фæнд дæр рацыд Зауырæй. Цы проект сарæзта, уый уыд стыр сгуыхтдзинад.

Йæ рæстæджы Тедеты Павел тынг разыйæ баззад ацы комплексæй. Равдыста йæ æппæт бæстæйыл цалдæр хатты! Иухатт нæ хъæумæ ахуыдта. Алагиры хицауад, колхозы хицауад нын арфæтæ, лæвæрдтæ фæкодтой. Стæй нын фехъусин кодтой, нæ куыст нын Къостайы премимæ кæй æвдисынц, уый.

Мах æмхъуыды, æмкуыст куы нæ кодтаиккам, уæд уыцы преми дæр нæ райстаиккам!

Мæ цæстытыл та ауади, Дæллаг Санибайы уæлмæрдты æфсымæрон ингæны цыртыл куыд куыстам, уый… Цæрджытæ-иу æрæмбырд сты, диссагмæ кæсæгау-иу нæм кодтой. Цыма уыцы цырт абон Зауыры ном дæр хæссы, афтæ мæм кæсы…

Иурæстæджы «Мах дуджы» редакци бахæс кодта Зауырæн журналы æддаг цъарæн йæ хуыз фæхуыздæр кæнын, националондæр куыд уа, афтæ. Дзырд «Мах» уыд цъитиджын хæхты æнгæс! Мæнмæ гæсгæ, тынг аив уыд. Асæй дæр, хуызæй дæр!

Хæрз æрæджы та телефонæй афтæ баныхас кодтам: зæгъын, цыдæр фæлтæрддзинад нæм ис, æмæ, цæй æмæ та нæхи бафæлварæм, нæ дыууæ дæр ахъуыды кæнæм æмæ къуырийы фæстæ аныхас кæндзыстæм…

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ

УÆЛАРВМÆ ФÆНДАГ

РЦИ-Алайы Национ наукон чиныгдоны байгом æрыгон къамисæг Сæбанты Валерийы куыстыты равдыст. Хъыгагæн æй йæхæдæг нал федта. 6 июны æрцыд æвирхъау хабар: Цъæйы комы хохы сæрæй рахауд æмæ фæмард. Цыдис ыл 24 азы. Йæ ист къамтæн ын аивадиртасджытæ скодтой стыр аргъ. Æвдыста Ирыстоны æрдз, уæларвон тыгъдады цымыдисаг фæзындтытæ, стъалыты рæсугъддзинад. «Фæндон мын нæу Ирыстоны туризм рапарахат кæнын хъуыддаг. Уымæн æмæ хæхты рæсугъддзинад фæкъахыр кæндзысты, адæм ныронг нæма сахуыр сты, куыд æмбæлы, афтæ æрдзыл ауæрдын» – дзырдта йæ хъуыдытæ æргом Валери.











Ома, нæ Хуссарæй нæ Цæгаты 'хсæн цы тъунел ис, уый сæрмæ нысан сæвæрæм, дыууæ Ирыстонæн иугæнæг символ куыд уа, афтæ! Мæ сæрыл ма цы хъуынтæ ис, уыдон арц сбадтысты, иу хъуыды нæм куы разынд, уæд уый базонгæйæ! Хъыгагæн, куыстмæ нæма бавнæлдтон… Мыййаг мын йæ саразын куы бантыса (ныр архайын эскизыл), уæд дзы Зауыры ном ссардзынæн! Цалынмæ уон, уæдмæ Зауыр дæр мемæ уыдзæн!

ДЗБОЙТЫ Михал,
УФ-йы сгуыхт æмæ РЦИ-Аланийы адæмон нывгæнæг

УХОДЯТ ЛУЧШИЕ…

Я не могу говорить о Заурбеке Губаеве, человеке большого таланта и мудрости, в прошедшем времени.

В моем сердце он жил, жив и будет жить, пока я сам живу.

Очень жаль, что из жизни уходят такие талантливые люди как в архитектуре, искусстве, науке, так и в педагогике.

Познакомились мы в 1958 году, на 1-ом курсе художественно-графического отделения нашего Педагогического училища. Стремились познать азы и секреты изобразительного искусства.

Заур Губаев, Маркмен Езеев и некоторые другие выступали и в спортивных мероприятиях за честь училища. И вот после окончания Художественной Академии в г. Ленинград на родину вернулся Дзантиев Юрий – талантливейший художник и великолепный педагог. Мы – студенты педучилища – потянулись к нему: Казбек Хетагуров, Заур Губаев, Мельниченко А. и другие. Дзантиев Ю учил нас многому, часто вывозил в с.Кобань, учил писать этюды...

На 3-ем курсе по комсомольским путевкам отправились на целину.

Заур и там показал себя надежным другом.

Я, Заур и Маркмен отправляли в газеты «Социалистическая Осетия» и «Растдзинад» зарисовки, юмористические рисунки о студенческой жизни на целине.

По окончании училища меня и Губаева направили в Суриковский Институт, но нас не допустили даже до экзаменов, как слабо подготовленных. Вернувшись домой, мы стали готовиться с удвоенной энергией. Вторая попытка была успешной: Заур поступил на архитектурное отделение Академии. Я же стал студентом Высшего

художественно-промышленного училища им В.И. Мухиной. В эти годы учились в Академии на живописном отделении Эльбрус Саккаев, Казбек Хетагуров, Шалва Бедоев, Магрез Келехсаев, Радик Асаев и Костя Калаев.

А со мной учились Габараев Феликс, Цогоев Эльбрус, Мундиров Валентин, Плиев Валерий, Дзуцев Валерий, Бедоев Виктор...

Члены осетинского землячества города Ленинград часто собирались. Заур Губаев был организатором почти всех мероприятий. По сравнению с другими республиками Северного Кавказа по количеству студентов, обучающихся в вузах Ленинграда, Осетия занимала ведущее место. В общей сложности нас было более 100 студентов. Как правило, на банкетах студенты сидели за отдельным столом, украшением, всегда, был Казбек Хетагуров, который великолепно пел осетинские героические песни. Зал аплодировал, просили повторить. Седовласые старшие произносили тост за большое будущее молодого поколения.

По окончании Академии вернувшись домой, Губаев работал в Проектном институте. Долгое время был главным архитектором города. Он – автор многих проектов. Работал преподавателем в художественном училище. Долгое время работал на архитектурном отделении в ГМИ. В Кабардино-Балкарии был объявлен конкурс на мемориал погибшим в ВОВ. Мы с Зауром решили принять участие в нем. Подали 2 проекта и заняли 2 и 3 места.

1 место не присудили никому.

Бывшие студенты с большой теплотой вспоминают его. Многим из них он дал хорошие знания и направил в мир архитектуры.

Свежесть мысли, ясность ума, оригинальность в решении поставленной задачи – вот характерная черта Заурбека Губаева.

ГАГОЕВ Таймураз,
Заслуженный деятель культуры РСО-Алании и РФ,
Член Союза Дизайнеров РФ

ЦÆРДЗÆН МÆ ХЪУЫДЫТЫ, МÆ ЗÆРДÆЙЫ…

Лæг йæ царды базонгæ вæййы алыхуызон адæймæгтимæ. Уыдонæй йын дзы иутæ свæййынц уæлдай хæстæгдæр, царды мидæг хæлæрттæ кæй хонæм, ахæмтæ. Уыдон кæд бæрцæй бирæ нæ вæййынц, уæддæр се

'хсæн разынынц зæрдæйæн, удæн уæлдай адджындæртæ, адæймагæн ныфсы хос чи свæййы...

Ахæм мæнæн уыдис Гуыбаты Хазбийы фырт Зауырбег.

Базонгæ стæм 1959 азы. Уæд иумæ ахуыр кæнын байдыдтам уæды кадджын Ирон педагогон училищейæн йæ аивадон-графикон хайады. Зауырбег – Алагирæй, æз та – Хъарман-Сындзыхъæуæй. Æмдзæрæны дæр иу уаты цардыстæм. Нæ цæхх æмæ кæрдзын рæдауæй дих кодтам.

Зауырбегæн уайтагъд рабæрæг сты йæ хорз миниуджытæ: уæздан, хæдæфсарм, æмгарджын, æуууæнкджын… Уæдæ аивады фæндагыл дæр йæ тæккæ фыццаг къахдзæфтæй фæбæрæг ис, æрдзæй йын стыр курдиат лæвæрд кæй ис, уый. Ахуыр кодта æнтыстджынæй.

Зауырбегимæ хæларæй цæрын уыдис æнцон, æнæсайд, æнæхин, æргомдзырд, хорз удыконд ын кæй уыдис, уымæ гæсгæ. Уыдис, мæнæ æцæг ирон хæдзарæй, æгъдауджын бинонты 'хсæнæй рацæугæ, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, гъе, раст ахæм лæппулæг.

Ахуыры азты-иу Зауырбегимæ алыхуызон уавæрты дæр куыд нæ бахаудыстæм. Училищейæн йæхи мидæг, æмдзæрæны, нæ сахары алы рæтты уæвгæйæ, этюдтæ фысгæйæ, колхозтæ, совхозтæн хор æфснайынæн æххуысты рæстæг, Казахстаны зæрæстон зæххыты куыстыты бонты…

Педагогон училище фæуыны фæстæ нæ дарддæры ахуыры фæндæгтæ æфсады службæ, стæй царды æндæр фæзилæнты Зауырбегимæ иуцасдæр рæстæг кæрæдзийæ фæхицæн сты.

Æмæ та уæд, æвдайæм азты тæккæ райдианты, Ирыстонмæ куы æрыздæхтыстæм, уæдæй фæстæмæ, суанг мæнæ йæ адзалы бонмæ нæ хæлардзинад хастам сыгъдæгæй, царды кæрæдзийæн кæмдæрты æмæ цæмæйдæрты ныфс уæвгæйæ.

Бæргæ… Фæлæ… Охх, ацы æгъатыр низ…

Иттæг хорз адæймаг фæхъуыдис Ирыстонæй, бинонтæй, хæстæджытæй, хæлæрттæй… Иттæг хорз æмæ дæсны архитектор фæхъуыдис канд Ирыстонæй нæ, фæлæ Уæрæсейы архитектурон æхсæнад æмæ культурæйæ дæр.

Зауырбегимæ нæ алы фембæлд дæр мæнæн уыдис бæрæгбонау. Нæ хъуыдытæй, нæ хабæрттæй кæрæдзийæн цы дих кодтам, цы дзырдтам, уыдон – æууæнкæй. Ноджы ма йæ æз ме сиахс дæр хуыдтон, уымæн, æмæ йæ Хуыцауы лæвар Галинæ у ме 'мхъæуккаг. Канд хæлары нæ, фæлæ ма мын тугхæстæджы ад дæр кодта...

Сæрыстырдзинад æмæ цин хастой Зауырбегæн Ирыстоны, ирон адæмы, стæй хицæн адæймæгты æнтыстдзинæдтæ царды алыхуызон къабæзты. Уæдæ дзы маст цæуыл кодтаид, ахæм цаутæ дæр куыд нæ уыдис. Уæлдайдæр, – уартæ кæдæй нырмæ! – ацы æбæрæг, æнæсæрфат, æгъатыр, рæстдзинад къæхты бын кæм фæци, уыцы ныры царды гуылфæнты рæстæг, кæд æмæ адæймаг æвæрд у ахæм уавæры, æмæ хъуамæ хъуыды кæна æрмæстдæр йæхи удыл, йæхи сæрыл…

Зауырбег уыдис курдиатджын æмæ куыстхъом архитектор. Цы бæрнон бынæтты куыста, уым уыдис арæхстджын разамонæг. Рæстаг зондыл хæст. Арæзта царды ахадгæ архитектурон хъуыддæгтæ, хæрзиуджытæ, кадджын нæмттæм нæ бæлгæйæ, нæ тырнгæйæ.

Бирæ цыдæр хорз хъуыддæгтæ ма сарæзтаид Зауырбег, бæргæ, куыд архитектурæйы, афтæ царды æндæр фæзилæнты дæр… Йæ ‘ппæт хъуыдытæ, фæндтæ, нывæстытæ царды уагъд не ‘рцыдысты, фæлæ йын цы бантыстис саразын, уыдон та баззадысты æмæ цæрдзысты, уыдзысты йæ фæстæ йæ хорз ном арфæйагæй мысынæн.

Стыр бузныггады аккаг рауадис Зауырбегæн йæ цард…

Хорз цот схъомыл кодтой йæ бинойнаг Гæлинæимæ (Магкайон): Ингæ, Сослан, Иринæйы. Хæрзаудæн сыл кæнæд, йæ фæндиаг уæд сæ дарддæры цард, сæ алкæй хъысмæт дæр.

Арæх вæййы афтæ, æмæ, мæ зæрдæ истæмæй рухс, кæнæ та æнкъард куы вæййы, уæд мæ фæфæнды фембæлын, мæ удæн фæндон чи у, уыцы хæлæрттæй искæимæ, цæмæй йын зæгъон мæ цин, мæ хъыг… Гъе уыцы хæлæрттæй иу уыд Зауырбег.

Куыд бузныг æмæ дзы разы уыдтæн нæ уал азы хæларæй царды, афтæмæй йæ сурæт, йæ ном баззайдзысты, цæрдзысты мæ хъуыдыты, мæ зæрдæйы, мæ уды, а зæххыл мæхæдæг кæдмæ цæрон, уæдмæ…

Рухсаг у, Зауырбег!

ЕЗЕТЫ Марклен

* * *

Заурбека Хазбиевича Губаева я знаю более 45 лет, как человека с твердым характером, убежденным в своей правоте и по отношению к друзьям, к обществу, и к своей профессиональной деятельности. Это сильная личность. Будучи председателем Союза Архитекторов, ему удавалось многое, что сегодня вспоминается с огромным интересом: это и выставки проектов на витринах по проспекту Мира, в

библиотеках, в городах республики и за ее пределами. Он был одним из основателей и прекрасным педагогом художественного училища и архитектурного факультета в СКГМИ. Работы его студентов отличались конкретикой и главное оригинальностью.

Профессия архитектора требует внимательного подхода к месту назначения любого объекта. К решению данного вопроса Заурбек подходил очень серьезно, давая обоснование по каждому вопросу, иногда довольно спорному. У каждого творца обязательно должно быть свое мнение, свой подход к решению любой проблемы, даже бытовой. И оно у него было твердое. Это говорит о том, что он был настоящий гражданином. С ним интересно было не только спорить, соперничать, но и проводить застолье, что сплачивает в любых мероприятиях людей разных возрастов и профессий. Когда секретарь райкома партии Фидаров Казбек Японович спросил: кого бы рекомендовать на должность министра культуры, я не раздумывая назвал фамилии Губаева и Дзантиева. Для меня лично Заурбек стоит в одном ряду с известными заслуженными архитекторами России Тамарой Михайловной Бутаевой, Анатолием Исаковичем Бтемировым, Заалом Георгиевичем Казбековым. Народные художники Осетии, которые учились в Ленинградской Художественной Академии с гордостью вспоминают студенческие годы проведенные вместе с ним. Осетия должна гордиться своими сыновьями, а Правительство по достоинству относиться к талантливым людям. Заурбек Хазбиевич Губаев несомненно достоин присвоения ему посмертно звания народного архитектора Осетии.

КОЗЫРЕВ Руслан



МОЙ УЧИТЕЛЬ

Человек, который научил правильно видеть, созидать и чувствовать красоту.

Человек, который подходил к чистому листу, ставил точку и вел линию, которая рождала интересный, самобытный и ни на что не похожий проект. Сразу. С первого раза! Это удивительно!

Человек, у которого на любую ситуацию всегда была история из жизни. Смешная. Умная. Интересная. Своя!

Человек, с которым всегда было о чем посмеяться. Редкое чувство юмора. Очень жизненное, с аристократичной подачей.

Как-то он задумчиво сказал: представляешь, я помню, как выкладывали булыжниками у нас дорогу по улице, а сейчас сижу и чирикаю тут что-то в компьютере (смеется)...

Родился в Алагире, в простой семье, а учился в одном из сильнейших вузов Санкт– Петербурга (Ленинграда). После окончания вернулся, собрал группу. Проектировали в масштабах города, выигрывали крупные конкурсы, занимались частными объектами. Появились творческие мастерские, создали Союз архитекторов. Далее – кафедра архитектуры в ГМИ.

Потом, я – студент и защита диплома по реконструкции всей набережной реки Терек – продолжение задумки по развитию Сухого Русла. Была убеждена в правильности и уникальности этого проекта, поэтому очень удивилась, что его не начали строить сразу на следующий день после вручения диплома! Дальше – опыт в мастерской.

Бесценный опыт!

Мне всегда везет с Учителями.

В мастерской любила перебирать архив и изучать, что и как было сделано или не сделано, зарисовки, проекты в «в стол», идеи, эскизы. Просто огромное количество проектов: от генерального плана развития городов и районов до общественных зданий, жилых домов и частной архитектуры, городского ландшафта и малых форм, предметного дизайна и интерьеров.

Мэтрам с одинаковым мастерством дано проектировать города, лепить вазоны или ковать эксклюзивные изделия. Доказано им и всеми именитыми архитекторами мира. Каждый из проектов хочется рассматривать и вникать. В них много мысли.

Много энергии.

Много силы и веры в прекрасное!

Человек, который звонил, чтоб узнать, как дела и поделиться мыслями. Мысли – это нескончаемый поток идей, как улучшить, изменить, дать новую жизнь, создать, реализовать! Бесконечный творческий потенциал и энергия.

Завидно? Мне – да!

Последний проект, который он рисовал – концептуальный концертный зал на месте всеми нами «любимой», позорной стоянки автомобилей в центре города, где раньше был киноконцертный зал Октябрь. Пока я восхищенно слушала и рассматривала эскизы о красивом будущем, улыбка медленно сползала с лица и, казалось: « ну нет, никогда не достигнуть уровня Мастера!»

Это была наша последняя встреча.

Презентация так и осталась наполовину распечатанной на рабочем столе...

И если не получилось поставить памятник на Аллее Славы, это не значит, что не достоин. Это значит – он, Заур, никогда не гнался за регалиями, наградами и орденами.

Надеюсь, будет улица, сквер или парк им. Губаева Заура Хазбиевича.

Человек – пример для меня в профессии. Внутренний ментор.

И очень честный к своему таланту Творец.

Низкий поклон.

Хаза КУЛОВА

* * *

Заур – талант от Бога, творческая личность с необычайной харизмой, человек, от общения с которым становишься богаче и чище.

Я горжусь, что общался с ним на протяжении всей учебы и до последних его дней. Для меня его уход – большая потеря. Осетия потеряла замечательного сына.

Абдулах БЕРСИРОВ,
Республика Адыгея, Майкоп

* * *

Известие об уходе Заура потрясло меня до глубины души.

Оно вырвало меня из мелочной ежедневной суеты и понесло в воспоминания: мы познакомились 53 года назад...

Наше первое знакомство произошло в Бородулино под Любанью, куда нас послали на «картошку» после зачисления на 1 курс архитектурного.

Тогда я сразу поняла, каким необычным, особенно для моей молодежно-ленинградской среды, был этот парень.

В нем было столько спокойного достоинства, уважительного отношения к окружающим и просто взрослого поведения в разных жизненных ситуациях, что я, самоуверенная ленинградская девчонка, оказавшись рядом, робела и терялась, чувствуя себя в свои 17 лет мелкой дурочкой.

Заур естественно и необсуждаемо стал нашим лидером и спокойно принял на себя все соответствующие обязанности: присматривал за адекватностью 17, 18, 19-летних, регулировал конфликты, следил за справедливостью распределения трудовых повинностей, общался с колхозными начальниками – бригадирами этой нашей «картошки».

Сейчас может показаться невероятным, но на своей «картошке», в 80 км от Ленинграда, мы были сами по себе, без нянек и наставников, что и запустило процесс сплачивания нашего студенческого коллектива, в котором Заур сразу занял (и сохранил на долгие годы) место лидера, обладающего абсолютным и непререкаемым авторитетом.

Постепенно, в ходе совместного обучения и приближения к диплому, возрастная разница сводилась к нулю, но моральный авторитет Заура оставался прежним.

Для меня серьезным уроком на всю жизнь стали его готовность и умение жестко отстаивать человеческое достоинство – как свое, так и своих друзей.

Мы знали и уважали его привязанность к семье и родным местам.

Его профессиональный успех был для меня естественен, само собой разумеющийся.

Уверена, что Заура будут помнить очень долго.

Наталья МАЧЕРЕТ,
студентка архитектурного факультета ИЖСА
им. И.Е.Репина в 1967 – 1973 гг.

* * *

Печаль, боль, любовь. Неотвратимая утрата. Наше содружество стало меньше на одного архитектора – Заура. В дружеских отношениях, сохранившихся со студенческих времен на десятилетия – большая заслуга нашего товарища, старосты курса Заурбека Губаева. Он всегда был внимателен к собеседнику, действия его были осмысленны, речь неторопливо убедительна. Пререкаться было бессмысленно. Заур был прав. Годы учебы не всегда были легкими и безоблачными. Но была мечта – получить образование архитектора в художественном вузе, где выпускают штучных специалистов (из 60 поступивших лишь 40 стали дипломированными архитекторами). Иногда приходилось подрабатывать – быстро сколачивалась бригада однокурсников и в свободное от учебы время, зачастую ночами, с шутками выполнялась «халтурка», но на высоком художественном уровне.

Были и учебные курсовые работы на бригаду – так нас 8 студентов обмеряли Казанский собор во главе с Зауром. Выполнялись кроки, а затем план собора вычерчивался на двухметровых подрамниках. Работать с Зауром было надежно, и успех был гарантирован. Срабатывала продуманная организация – кто-то обмеры выполнял, кто-то вычерчивал, кто-то обводил тушью.

О целеустремленности Заура говорит начало его архитектурной деятельности задолго до окончания института, когда на защиту диплома он вышел с конкретным проектом для своего города. Тесное общение во время учебы, проживание в общежитии, совместный досуг – все это сдружило и сплотило нас. И чувство студенческого братства не покидает нас – выпускников института живописи, скульптуры и архитектуры им. И. Г. Репина 1973 года. Память о Заурбеке – в наших сердцах. Память о Заурбеке – в сердцах родных и близких.

Светлана ВОЛКОВА,
Санкт–Петербург

* * *

Среди множества фотографий, сохранившихся у меня со студенческих лет есть одна, которая мне кажется совершенно особенной и наполненной глубоким смыслом. Только что закончили четвертый курс. Июнь, и мы – на строительной практике в карельском поселке Бородинское. Всем курсом строим двухэтажный жилой дом на восемь квартир. На фотографии нас трое: Заур Губаев, Алик Берсиров и я. Кто сделал эту фотографию я, честно говоря, не помню. Скорее всего, это Саша Маслов. Он был негласным фотолетописцем нашего дружного

курса. В любом случае огромное спасибо тому, кто запечатлел этот момент. Мы трое идем на стройку. Идем по рельсам. Идем по шпалам. Это – кратчайший путь к цели. Идем, и каждый о чем-то сосредоточенно думает. Если внимательно всмотреться в наши молодые лица, то становится совсем нетрудно прочитать мысли.

Они выбрали свой путь. Они уже идут по нему и они уже почти архитекторы. Путь предстоит большой. Он ведь не заканчивается этой первой в их жизни стройкой. Как они по нему пройдут? Какие удачи, успехи и потери их ждут?

Не стало Заура. Он был моим другом. С тех студенческих пор и до последних дней. Я его очень любил. Мы все его любили. Он был душой курса. Старше большинства из нас. Мудрее. Был очень талантливым человеком и художником. А как он замечательно шутил и смеялся. А как он любил. А как…

Но теперь его нет. Это невозможно себе представить.

Я опять всматриваюсь в наши молодые лица.

Олег ХАРЧЕНКО,
Санкт-Петербург

Гамид Гамидовы номыл мавзолей Дагестаны. Архитектортæ – ГУЫБАТЫ Зауыр æмæ Александр РАСПОПОВ, скульптор – ХÆДЗАРÆГАТЫ Аркади

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

ТАУТИАТЫ Лидæ

ÆРТÆ УСГУРЫ

Аргъау

Раджы уыдаид, æви афтæ раджы дæр нæ уыдаид, фæлæ цард иу лæг йæ хурæнгæс чызгимæ. Чызг ахæм тынг зæрдæмæдзæугæйæ дæр уыд хивæнд. Райдзаст уалдзыгон бон лæг цæхæрадоны архайдта. Сæ кæртмæ 'рбацыдысты æртæ лæппуйы, лæг йæ куыст фæуагъта, уыдон æм дзурынц:

– Мах æй фехъуыстам, дæ хæдзары, дам, ис диссаджы хорз чызг, гъемæ демæ куы бахæстæг уаиккам, уый нæ фæнды…

– Æмæ уый хæххон дымгæйы хуызæн хивæнд куы у! Йæхи йын бафæрсын хъæуы, – загъта фыд.

Лæг хæдзармæ йæ чызгмæ бацыд æмæ йын афтæ зæгъы:

– Мæ къона! Нæ кæрты 'ртæ лæппуйы, иуæй дзы иннæ лæгдæр æнгæс. Кæмæн дзы ратдзынæ разыйы дзуапп? Æркæстытæ ма сæм кæн аивæй…

Чызг рудзынгæй акаст, йæ зæрдæ сæ барухс: ахæм гуырдтæ уынгæ дæр никуы фæкодта. Зæгъы йæ фыдæн:

– Æртæйæ дæр зæрдæ агайынц.

– Æмхуызонæй дæ хъæуынц мойæн?! – рамæсты фыд.

– Ацæудзынæн дзы хицæнæй кæцымæфæнды дæр, фæлæ мæн хъæуынц æртæйæ дæр! – уыд чызджы цæхгæр дзуапп.

Лæг бирæ фæсагъæс кодта, цы зæгъа лæппутæн, уый нæ зоны, стæй рацыд æмæ сæм дзуры:

– Мæ чызг у иттæг сæрæн, алæмæттаг рæсугъд, фæлæ цъаммар хивæнд: уе 'ртæ дæр æй хъæут. Кæрæдзимæ сфыдæх уыдзыстут. Фæлтау фæцæут амондагур Терк-Турчы бæстæм.

Лæппутæ кæрæдзимæ фæрсæгау бакастысты.

Уæд сын фыд афтæ:

– Æмбарын уæ, мæ чызг фæцыд уæ зæрдæмæ, фæлæ афтæ: ссарут ын ахæм ирæд, цы зæххы цъарыл нæй. Кæй къухы уæ бафта, уымæн ратдзынæн мæ чызджы.

Лæппутæ сæ сæртæй ныллæг акуывтой лæгæн æмæ фæраст сты балцы ирæдагур. Алчи дæр сæ цыд йæхи фæндагыл, агуырдта, бæстыл чи нæй, ахæм исты лæвæрттæ, фæлæ сæ ничи ницæуыл хæст кодта. Кæм дурджын фæндæгтыл, кæм цъымараты фæрахау-бахау кодтой. Сæ маст сæ хъуырмæ схæццæ, фæлæ уæддæр сæ ныфс нæ саст.

Иуахæмы фыццаг усгур сæмбæлд зæронд лæгыл.

– Дæ бон хорз, лæппу, – багуым-гуым кодта уый. – Нæ мæ балхæнис айдæн? Æмæ дын къаннæг кæсæн равдыста лæппумæ.

– Мæн дæ кæсæн кæцырдыгæй хъæуы?! Æз ирæдагур рафтыдтæн мæ уарзон чызгæн. Ноджы ахæм лæвар, æмбал кæмæн нæй зæххы цъарыл, – мæстыйæ йын загъта лæппу.

Зæронд бахудæгау кодта.

– Ссардтай йæ уæдæ, мæ лæппу: ацы айдæн хуымæтæг нæу – куы йæм ныккæсай, уæд дзы уысммæ фендзынæ, кæй дæ фæнда, уый.

Тынг бацин кодта лæппу. Райста кæсæн æмæ лæгæн радта æхцатæ, цас дзы агуырдта, уыйбæрц.

Цас рæстæг нæ рауадаид, Хуыцау йæ зонæг, афтæ та дыккаг лæппу дæр сæмбæлд уыцы зæронд дадайыл.

– Лæппу, низтæ, хъæдгæмттæ дзæбæхгæнæн дон мæ нæ балхæнис?

– Мæн дæ дон мур дæр ницæмæн нæ хъæуы. Æз ахæм лæвар агурын, ссарæн кæмæн нæй зæххы къорийыл.

– Ацы дон суанг мард дæр райгас кæндзæн!

Лæппу, цингæнгæ, райста чысыл дурын æмæ йын бафыста, цас дзы домдта, уыйас.

Æртыккаг лæппу бынтон бастад, бафæллад. Денджызы змис былгæрæттыл уæнтæхъил, сæргуыбырæй фæцæуы. Йæхи доны баппарыны онг сси раст. Æвиппайды фæкомкоммæ денджызы астæу стыр асыкмæ. Уылæнтæ асыкк былгæронмæ 'рбахастой, чысыл дуар дзы фегом, æмæ дзы уыйбæрц адæм рахызт, æмæ сын банымайæн дæр нæ уыд. Фæстагмæ дзы рахызт иу зæронд лæг. Уый дæр та лæппуйæн афтæ:

– Лæппу, дардæй фæндаггон дæ, уый дыл бæрæг дары. Фæлæ мын нæ балхæнис мæ асыкк?

– Цы кæнын дæ зæронд асыккæй, дæлæ дын æндзарыны сугтæй уæлдай куы ницæмæн бæззы, – дзуры йæм мæстыйæ усгур. – Æз ахæм лæвар агурæг дæн мæ уарзон чызгæн, æмбал кæмæн нæй дунетыл.

– Уæдæ ды мæ асыккæй хуыздæр ницы ссардзынæ, – загъта зæронд. – Мæ асыкк ленк кæны доны, тæхы уæлæрвты, тындзæгау цæуы зæххыл, цæсты фæныкъуылдмæ дæ бахæццæ кæндзæн, кæдæм зæгъай, уырдæм.

Баныхас кодтой, æмæ лæппу балхæдта æрдхæрæны асыкк, цы 'хцатæ йæм уыд, уыдонæй.

Цас рæстæг рацыд, йæ бæлвырд ын чи зоны, фæлæ уалынджы æртæ лæппуйы фембæлдысты. Ракодтой кæрæдзийæн сæ хабæрттæ. Фыццаг сæм æвдисы йæ кæсæн. Ахæм, дам, лæварæн сымахæй никæй къухы бафтыд.

– Мæ лæвар та уымæй диссагдæр у, – зæгъы дыккаг усгур æмæ сæм æвдисы чысыл дурын æвдадзы хосимæ.

Уæд сын æртыккаг усгур æнæвгъау æппæлы йæ асыккæй.

Быцæу сын бацайдагъ. Уæд фыццаг усгур фæхъæр ласта:

– Мæнæ ма акæсут мæ айдæны æмæ дзы фенат нæ Хуыцауы лæвар чызджы.

Æртæйæ дæр æркастысты кæсæнмæ æмæ æртæйæ дæр зæрддзæфтæ фесты: чызг хуыссыд сынтæджы æнæзмæлгæ æмæ æнæулæфгæйæ.

– Мард у! – фыццаг усгур ныккуыдта.

– Ма ку! – сабыр æй кæны дыккаг усгур. – Мæ дзæбæхгæнæн суар æй фервæзын кæндзæн.

– Цалынмæ мах уырдæм хæццæ кæнæм, уæдмæ йæ баныгæндзысты æмæ йын ницыуал феххуыс уыдзæн дæ мардæгасгæнæн хос дæр.

– Цалынмæ хур йæ бынатмæ хæццæ кæна, уæдмæ мах уым балæудзыстæм! – загъта асыччы хицау.

Багæппытæ кодтой асыччы хуылфмæ, æмæ уый уадау атахт хæхты сæрты.

Мæнæ сæ зонгæ кæрт.

Чызджы фыд æрдиаггæнгæ сæ размæ рауад:

– Нал ис, нал, уæ амонды хай, мæ царды ныфс!

Лæппутæ уыциу цыдæй уатмæ бауадысты. Хæрзæфснайд хуыссæны æнæулæфгæйæ хуыссыд боны хур, æхсæвы мæй чызг. Дыккаг лæппу йын йæ ных айсæрста йæ донæй.

Чызгæн йæ цæстытæ байгом сты, рабадæгау кодта, стæй рахызт сынтæгæй æмæ бацыд йæ фыдмæ, йæ хъæбысы йæ ныккодта:

– Уыныс, баба, æз раст уыдтæн. Мæн адон æртæйæ дæр дзæгъæлы

нæ хъуыдысты, æртæйæ дæр мын баххуыс кодтой. Ныр мын, баба, иу афæдз æмгъуыдмæ рæстæг ратт. Æз равзардзынæн ацы æртæ лæппуйæ иу, æмæ уый уыдзæн дæуæн æвæджиауы сиахс, мæнæн та – агургæ æмæ æнæаргæ мой. Иннæ дыууæ лæппуйы та – нæ уарзон æфсымæртæ. Уыдон æй æмбарынц, иу чызгæн æртæ хæдзары чындз кæй нæй уæвæн, уый, æмæ мын бахатыр кæндзысты.

Стæй цæуыл у, уæвгæ дæр, нæ мæт! Нæ хъæуы мæнæй рæсугъддæр, уæздандæр чызджытæ – хæрх. Ме 'фсымæртæ равзардзысты сæхицæн, зæрдæйы фæндиаг амондджынæй кæимæ фæцæрой, ахæм къæйттæ.

Куыд дзырдта чызг, хъуыддаг тæккæ афтæ рауад.

Рацыд афæдз, уæлхох быдыртæ дидинæгæй снывæзтой æмбисонды рæсугъд гауызтæ. Фыд йæ чызгимæ цы хъæуы цард, уым скодта бæркадджын æртæ чындзæхсæвы.

Чызг йæхицæн æртæ лæппуйæ кæй равзæрста цардæмбалæн, уый та дæхæдæг бамбар, ацы аргъау кæсæг…



ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

ЦГЪОЙТЫ ХАЗБИ

(1940)

Цгъойты Федыры фырт Хазби райгуырд 1940 азы 10 октябры. 1959 азы каст фæци Алагиры районы Ногхъæуы астæккаг скъола. Æртæ азы дæргъы куыста Цæлыччы-фырты номыл колхозы æмæ завод «Электроцинчы».

1970 азы каст фæци Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты филологон факультет æмæ кусын райдыдта газет «Рæстдзинад»-ы редакцийы. Уыд кæстæр литературон кусæг, бæрнон нымæрдары хæдивæг, 1983–2009 азты – сæраг редакторы хæдивæг, ныртæккæ – литературæйы хайады сæргълæууæг. Йæхи равдыста дæсны журналистæй, хъæппæрисджын разамонæгæй, сфæлдыстадон æгъдауæй арф хъуыдыгæнæгæй, йæ хъуыддагыл æнувыд адæймагæй. Газет «Рæстдзинад»-ы йæ сæйраг куыстæй уæлдай уыд газет «Фыдыбæстæ»-йы бæрнон нымæрдар, газет «Стыр Ныхас»-ы редактор.

Цгъойты Хазби у Цæгат Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæг, УФ-йы Журналистты цæдисы уæнг, УФ-йы Фысджыты цæдисы уæнг, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат.

Хазби у курдиатджын фыссæг æмæ журналист, йæ ном зындгонд у ирон кæсæгæн. Йæ рецензитæ, критикон уацтæ, радзырдтæ, новеллæтæ мыхуыргонд цæуынц Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны газеттæ æмæ журналты. Хицæн чингуытæй рацыдысты йæ радзырдты, наукон уацты фынддæс æмбырдгонды.

Мыхуыры рацыдысты йæ чингуытæ: «Ирон æмбисонды хабæрттæ», «Геродот» (Ирыстоны ивгъуыдмæ историон балц), «Цæвæг марæджы не 'взæрста», «Арвы дуар», «Ирон мифологи æмæ цардыуаджы дзырдуат», «Æгъдау – царды мидис», «Ирон царды æгъдæуттæ», «Уæлахизы сидзæртæ».

ЦГЪОЙТЫ Хазби

УÆЛАХИЗЫ СИДЗÆРТÆ

Цыбыр уацау

Арын дзы мæ зынгхуыст фыд,
хæстон лæг Федыры рухс ном

ÆНÆНХЪÆЛÆДЖЫ УАЗÆГ

Ох-хай! Охх, мæнæ мæ цы фын фæлыгъд!» – ныууынæргъыдтон æз нæ, фæлæ мæ уд. Уыцы æнæхайыр дзыгъал-мыгъулмæ хъал радæн, фæлæ, цы уыд, уый базонын дæр мæ нæ фæнды – мæ цæстытæ нæ гом кæнын: кæд ма ногæй афынæй уаин, мæ фын йæ фæччитæй ацахсин æмæ, мæ цард-цæрæнбонты кæмæ бæллыдтæн, уый та фенин æмæ йæ бафæрсин:

– Баба, кæд нæм æрыздæхдзынæ?.. Нæ цæстытæ дæм æнхъæлмæ кæсынæй куы ныуурс сты…

Фыццаг хатт æй федтон фыны, фыццаг хатт мæм бахудт йæ мидбылты. Фæлæ дзургæ ницы скодта. Æрмæст мын йе стыр армытъæпæн мæ сæрыхъуынтыл къæбуты 'рдæм рæвдаугæ фæлмæн æруагъта. Уый мæнæн ахæм æхсызгон уыд, æмæ йæм сдзурын нал сфæрæзтон: йæ цъæх цæстытæм ын кастæн æмæ кастæн. Уыдон мæм худтысты æмæ худтысты. Цалдæр алыхуызон къамы нæм дзы баззад, алы ран дæр дзы йæ къæбæлдзыг бецыкк бæрæг дары, фæлæ йæ фыны нæ бафиппайдтон. Æрмæст ын рацахстон йæ цæстæнгас æмæ йæ цинелы фæччитæ. Куы мæ фæуагъта æмæ тагъд-тагъд къахдзæфтæй куы фæцæуæг, уæд ын дымгæмæ цæргæсы базыртау фæйлыдтой. Æз æм ныхъхъæр кæнынмæ хъавыдтæн:

– Баба!.. Кæдæм цæуыс?.. Мах дæм ныр хæсты фæстæ æхсæзæм аз æнхъæлмæ куы кæсæм!..

Фæлæ мæ дзых бамыр, байгом кæнын мын нал куымдта… Æмæ дын стæй – ацы æнамонды дзыгъал-мыгъул.

Райхъал дæн, фæлæ мæ уæддæр нæ фæнды мæ цæстытæ байгом кæнын, боны рухс фенын. Суджы лыггагау хъæццулы бын дæргъæй-дæргъмæ хуыссын, улæфын дæр мæм нæ цæуы. Цымæ дзыцца та кæм ис?! Йæ уынæр нæ хъуысы. Уый раджы сысты æмæ дурын пецы арт бандзары, стæй хæдзары зылдтытыл афæстиат вæййы. Ныр дæр скъæты кæнæ кæрты, æвæццæгæн, истытæ архайы. О, фæлæ Фæрдыг æмæ Таму та кæм сты? Ацы дзыгъал-мыгъул сæ нæ райхъал кодта?

Цыппарæй дæр иу хъæдын сынтæджы хуыссæм. Таму кæстæр у, æмæ йæ дзыцца йæ фарсмæ къулы 'рдыгæй хуыссын кæны. Мах та Фæрдыгимæ – дæлфæдтæм. Æз – къулы 'рдыгæй, Фæрдыгæй кæстæр дæн, æмæ мын фынæйæ рахауынæй тæрсы. Кæд, мыййаг, уый дæр сыстад æмæ дзыццайæн æххуыс кæны. Æдзухдæр йæ мийы йæ фарсмæ ис, хонгæ та йæ фæсæфсин кæны. Дзыцца куысты ис, исты хъуыддаджы фæдыл районмæ ацыд кæнæ зианмæ, Фæрдыг йæ бæсты æфсины митæ кæны, æфснайы, махæн цума кæны. Мах дæр нæ мæгуыры бон зонæм: куы нæ базмæлæм, уæд нын нæ куыстытæ чи бакæндзæн, ничи нын ницы ратдзæн. Уымæн æмæ алчидæр тыхцæрдтытæ кæны. «Сæ мæгуыры хъиутæ хæрынц», – афтæ фæзæгъы дзыцца. Йæ зæрдæ балхæныны тыххæй мах æртæйæ дæр фæразæм. Æнæ уый дæр йæ цæссыгæй йæхи арæх æхсы. Исты хъуыддæгты куы стыхсы, сæ бакæнын йæ бон куы нал вæййы, уæд нæ даргъ бандоныл æрбады, æмæ йæ хъарæг фемæхсы. Мах æй зонæм: баба хæстæй куы сыздæхтаид, уæд нæ кæуид. Уымæн æмæ ныр уый куыстытæ дæр дзыццамæ хауынц. Йæ фæйнæ фарс æрбадæм æмæ мах дæр йемæ фækæуæм.

Афтæмæй нæ иухатт не 'рвадæлты ус Анычкæ æрбайййæфта æмæ дзыццайæн алывыдтæ фæкалдта. Мах æм тынг фæмæсты стæм. Фæлæ дзыцца йæ сæрыл рахæцыд: «Уый мæ йæхицæн ницы агуры. Уымæн йæ лæджы 37-æм азы Сыбырмæ ахастой, æмæ уый дæр дыууæ лæппуйы æмæ иу чызг сидзæртæй фæхаста. Махæн ма паддзахад цыдæр капеччытæ фиды, уымæн та йæ цот кулаччы «хъыбылтæй» бахъомыл сты. Зынтæн фæразын хъæуы, адæймаджы уд зæххыл ис – æргуыбыр æм кæн æмæ йæ сис».

Фæстаг ныхæстæ æз хорз нæ бамбæрстон æмæ йæ афарстон: «Дзыцца, уд та циу? Зæххыл цæмæн ис, кæд адæймаджы у, уæд?» Уый нæ æртæйæ дæр йæ хъæбысы æрбакодта æмæ загъта: «Мæ хъæбултæ, зонут æй, ацы царды æнцонæй ницы ис! Æнæ фыдæбонæй, цæттæйæ адæймагмæ ницы хауы, куы йæм æрбахауа, уæд та йæ фарсыл нæ бахæцдзæн. Змæлын хъæуы, кусын; ахуыр кæнын, цæмæй дæ фыдæбоны бæркад фылдæр уа. Зæхх, æргуыбыр æм кæнын, барæвдауын æй уарзы, æмæ дын уæд уый дæр аккаг дзуапп ратдзæн. Æмæ разы уыдзынæ дæ бакуыстæй, дæ цардæй. Аргъ дын уыдзæни адæмы æхсæн, æмæ дæ уд райдзæн, цæрын

дæм цæудзæн. Уымæн æмæ уд у адæймаджы цардыл хæцæг. Фенæн ын нæй, фæлæ мæнæ æз мæ хъысмæтыл куы фæкæуын, уæд мæ уд фæкæуы, скъолайы уæ ахуыргæнджытæ кæнæ сыхæгтæ куы раппæлынц, уæд та цин фæкæны. Æмæ æз дæр схъæлдзæг вæййын. Уæ фыды фæдзæхст æххæст кæнын мын кæй æнтысы, уый мын мæ тыхыл тых бафтауы».

– Хуысгæ ма кæнут, – æвиппайды айхъуыстон дзыццайы хъæлæс, – æмæ мæ хъуыдытæ фескъуыдысты. – Мæнæ ма ракæсут, цы уазæг нæм æрбацыд.

Уазæджы æфсарм нæ иууылдæр нæ хуыссæны рабадын кодта… Фæлæ уаты æцæгæлон куы ничи ис…

– Мæнæ, мæнæ… пецы раз, – дзуры дзыцца, – Бедра куы сфæлдæхта, уæд уый хъæрмæ дæр нæ райхъал стут?

Дурын пецы раз, зырзырзыргæнгæ, лæууыд ногзад уæрыкк.

– Дзыцца, уазал ын у, – дзуры Фæрдыг. – Æри-ма йæ, æз æй хъæццулы бын бакæнон.

– Фæрдыг, нæ! Ницы йын уыдзæн. Уадз æмæ уал хъарм пецы раз схус уа. Уый фæстæ иууылдæр дæу нæу!.. Йæ мад мын зайгæ-зайын амард. Уалдзæг нал кæны, холлагхъуагæй смæллæг æмæ… Нæ хъуджы æхсырæй йæ схæсдзыстæм.

Уыцы хуыцаубоны райсомæй фæстæмæ нæ урс къæбæлдзыг Уæрко ссис нæ бинонтæй фæндзæм. Фæрдыг æй йæ хъæбысæй дæлæмæ дæр нæ уагъта. Уый дæр ыл сахуыр, æмæ-иу кæрты къуымты дæр йæ фæдыл зылд. Æхсæв-иу куы æрхуыссыдыстæм, уæд æм-иу сынтæгмæ сгæпп ласта. Фæлæ йын æй дзыцца йæ фарсмæ хуыссын никуы бауагъта. Дзырдта-иу ын:

– Æгæр æй дæхиуыл ма ахуыр кæн, дæ хъæбысмæ йæ ма ис. Смыдул уыдзæн.

– Дзыцца, мыдул та цы у? – афарстон æй æз иуахæмы.

– Мыдул кæны карчы, бабызы, хъазы, гогызы цъиу, стæй уæрыкк æмæ сæныкк дæр. Дæ къухты, дæ хъæбысы сæ куы дарай, уæд сын сæ рæзгæ уæнгтæ æлхъивыс, рæзын сæ нæ уадзыс. Æмæ уыдон къаннæджытæй баззайынц.

Дæрдтыл хъуыды кодта уæд дзыцца. Уæрыкк цæмæй байрæза, стырдæр суа, ууыл уыд йæ мæт. Уый мах базыдтам æрмæстдæр фæззæджы ʻрдæм, августы мæйы. Уæдмæ та уал цард йæ цыды кой кодта. Æмæ-иу фæсахсæвæр иумæ куы бакъорд стæм, уæд дзы раздæрау алы æхсæв дæр домдтам аргъау кæнæ исты цымыдисаг

хабар ракæнын. Алы æхсæв дæр нæхи фæдзæхстам Стыр Хуыцау æмæ Бынаты бардуагыл. Хæйрæджыты кой кæнын нæ нæ уагъта. Уыдон, дам, раздæр адæмимæ иумæ цардысты. Æмæ сæ рæстагæй царын нæ уагътой, сайдтой сæ. Уæд сæм Хуыцау смæсты æмæ сæ фæтары кодта. Æргом ма цæуын сæ бон у æрмæст æхсæвыгон талынджы. Æмæ уæддæр сæ кæнон нæ уадзынц – адæмæн фыддзинад кæнынц, сæ бакуысты бæркад сын скъæфынц, истæмæй «нал», кæнæ «нæй» куы фæзæгъынц, уæд. «Къæрцхъус сты, æхсæвыгон дуæртты, рудзгуыты хуынчъытæй фæхъусынц, æмæ сæ кой куы скæнай, уæд сын уый æфсон у фыдбылыз ракæнынæн. «Сæ кой ма кæнут æхсæвыгон!» – ныффæдзæхста нæ дзыцца. Райсомæй та нæ уасæгойæ тæрсын кодта. Дзырдта нын-иу: «Хъæуы цæргæйæ райсомæй хъуамæ хурыскастыл æмбæлай. Ирон адæммæ ис ахæм æмбисонд: «Сыхаг сыхаджы хурыскастæй раздæр фены». Сывæллæттæ та хъуамæ, уасæгой цалынмæ нæ ныууаса, уæдмæ сыстой. Науæд сæ уасæгой фæсайдзæн. Куы фæуасы, уæд куыд фæдзуры, уый зонут: «Дидтут, дидтут, фынæйы дзæкъулы ма мæм сдæттут!» Уый дæр кæддæр адæймаг уыд, сывæллонæй йæхи ницæмæй тыхсын кодта, ницæуыл сахуыр æмæ маргъ фестади.

– Дзыцца, уый та куыд, радзур-ма нын æй, – æрхатыдыстæм æм иуахæмы. Уый нын загъта:

– Изæры нæ куыстытæ куы бакæнæм, уæд.

Æмæ нын фæсахсæвæр радзырдта:

«Хорз, æфсармджын æмæ фæрныг хæдзары бахъомыл рæсугъд, гуырвидауц, зæвæттæм дзыккуджын чызг. Бинонты уарзон, мады хъæбысы хъомылгонд. Ницæмæй йæ фæлмæцын кодтой. Суанг ма йын йæ даргъ сæрыхъуынтæ дæр йæ мад фаста æмæ быдта.

Буцхаст, æнæрцæф чызг йæ чындздзон кармæ куы бахæццæ, уæд йæ амонд хорзæй ссардта. Йæ мойы хæдзары бæрцæй цалдæр боны куы ацард, уæд йæ сæр цæхсын æрымысыд. Тæвд дон, хуырх æрцæттæ кодта йæ уаты. Йæ сæр цæхсадта, фæлæ йæ даргъ, зæвæттæм сæрыхъуынтæ куыд ныффаса, уымæн ницы амал ардта. Сæры астæуæй сыл сæрвасæн æруадзы, æмæ йын уæхсчытæй дæлдæр нал комы, сæрыхъуынтæ ныссуйтæ сты. Уырдыгæй дæлдæрты сæм бавналы, æмæ та чысыл дæлдæр сæрвасæн сæрыхъуынты ныссæдзы. Йæ даргъ сæрыхъуынты раиваз-баиваз, ратон-батон кæны æмæ схъуырдухæн, фæлæ сын сæ ныллæгъз кæнынæн ницы фæрæз ары. Сфæлмæцыд сæ. Цы ма сæ фæкæна уыцы хуызы?! Раст сыл хæсгард æрбауадз æмæ сæ уæхсчытæй

дæлæмæ ахауын кæн, уыцы фæндон дæр æм фæзынд. Фæлæ йæ мадæй нæ бауæндыд. Стæй йæ мойæ, æфсинæй дæр æдас нæ уыд. Йе 'нæбон уавæрæй йæ зæрдæ суынгæг, æмæ хæкъуырццæй кæуын райдыдта.

Уыцы рæстæджы йæ хицау къæлæтджыны бадт тыргъы. Йæ чындзы хъынцъым йæ хъустыл æруад, æмæ йæм уаты рудзынгæй аивæй бакаст. Уый хуыссæныл ныддæлгом æмæ кæуы. Йæ æрдæгфаст сæрыхъуынтæ йын бафиппайдта æмæ бамбæрста, йæ куыды сæр цæуыл у, уый. Тыргъты, йæ лæдзæгæй къупкъупгæнгæ, иннæрдæм рацыд, йæ чындз æй куыд фехъуыстаид, афтæ, стæй ныхъхъæр кодта:

– Гъе, уæлæ фыййау! Дæ фос дæле уæлæмæ раздах! Дæле уæлæмæ! О, о! Дæле уæлæмæ.

Чындз райдианы йæ хицауы къæхты уынæр æмæ лæдзæджы къупп-къупмæ йæ кæуын фæуагъта, уырдыг алæууыд. Стæй йын йæ хъæр ныхас куы айхъуыста, уæд йæ уаты рудзынгæй хохы фахсыл йæ цæст ахаста, фæлæ дзы фосы рæгъау не суыдта æмæ ныхъхъуыды кодта, хицау кæмæ дзырдта, ууыл. Йæ зонд æрцахста, фыййауы æфсон уымæ кæй дзырдта, чызг, дæумæ дзурын, чындз, ды йæ бамбар. Ома, сæрыхъуынтыл уæлейæ дæлæмæ нæ, фæлæ дæлейæ уæлæмæ фасгæ ссæуын хъæуы, уый. Афæлвæрдта сæ, æмæ йæ зæрдæ барухс.

Йæ даргъ сæрынхъуынтæ фаст æмæ дыууæ дзыккуйы быд куы фесты, уæд та йæ сагъæстæ сæ быны скодтой, ныр ма мæ хицауы раз цы цæсгомæй æрлæудзынæн, афтæ æгуыдзæгæй æцæгæлон хæдзары куыд цæрдзынæн, зæгъгæ. Йæ тыхсты хъуырынарæгмæ куы сси, уæд, лæгъстæ кæнгæ, скуывта:

– О, Дунескæнæг, ме сфæлдисæг Хуыцау. Зæххыл цыдæриддæр ис, уый – Дæ фæрцы. Мæ тыхсты мæ иунæгæй ма ныууадз. Æфсарм мæ ацы къæсæрæй ахизын нал уадзы, мæ хицауы раз фæхудинаг дæн, æмæ мын адæймагæй цæрæн нал ис. Тæхгæ маргъ мæ фестын кæн!

Чындзы скуывд Хуыцаумæ фехъуыст. Фæтæригъæд ын кодта æмæ йæ Уасæгой фестын кодта. Маргъ уаты гом рудзынгæй ратахт, тыргъы ма ногæхсад дзаумæттæ ауындзæн бæндæныл абадт. Хицау ын йе скуывд фехъуыста æмæ базыдта, йæ чындз Хуыцауы фæрцы тæхгæ маргъ кæй фестад, уый. Йæ чындзыл æнувыд уыд, ауындзæн бæндæнмæ ма йæм батагъд кодта, ацахсон æй, атæхын æй ма бауадзон, зæгъгæ, фæлæ маргъ йæ цæстыты раз ныппæррæст ласта æмæ атахт. Йæхи хæрдмæ systa æмæ ма йæ хицаумæ бауасыд: «Ыхы-ыхы, нæ хицау! Нæ мæ æрцахстай, нæ хицау!» Æмæ ма абон дæр Уасæгой уыцы ныхæстæ

фæлхат кæны йæ уасты, гакк-гукк, гакк-гукк кæнгæ. У уыцы чызгау рæсугъд, схъæл, уæздан, фæлæ, йæхицæн ахстон дæр чи нæ кæны, иу бынат чи нæ хъарм кæны, ахæм маргъ. Æгæрмæгуыр, æйчытæ дæр æфтауы иннæ мæргъты ахстæтты. Уыдон ын сыл къуыртты фæбадынц, цъиутæ сæ рауадзынц æмæ йын сæ схъомыл кæнынц. Чызгæй йæ къух уазал доны дæр куыд нæ тъыста, маргъæй дæр у ахæм. Ис ын дзыккутау даргъ къæдзил».

Дзыццамæ алцыдæр нымад уыд: æхсæв-боны алы афонæн дæр ын зæдтæ æмæ дауджытæ уыд. Уæлдай тынгдæр йæ зæрдæ дардта Уастырджийыл. Баба хæстмæ куы ацыд, уæд ын фыр нывонд дæр скодта. Мах æй нæ хъуыды кæнæм. Таму ма гуыбыны уыд, мах та Фæрдыгимæ цыппар æмæ дыууæаздзыдтæ. Йæхæдæг куыд дзырдта, афтæмæй æртæ хæбизджыны скодта, сыхаг зæронд лæгмæ фæдзырдта. Фыры скъæтæй кæртмæ ракодта, æмæ зæронд лæг нывондагыл Уастырджийы фарн бафтыдта.

Уæд ма хæхбæсты цардыстæм. Бабамæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, нывонд фыр сегъау, иу фæззæг æй бирæгътæ фæсвæд хизæны бахордтой. Дзыцца арæх мæт кодта, йæ бахъахъхъæнын йæ бон кæй нæ бацис, ууыл. Уый, дам, хорзы нысан нæу. Йæ ныфс ын бынтон асаста йæ касинкæйы сæфт. Бабайы æлхæд дзаума. Æмæ йын æй чи адавта, уый йæ сау куы сахорид, цæмæй йын æй дзыцца мауал базыдтаид. Дзыцца йæ бæргæ базыдта, фæлæ йæ сау ахуырстæй кой дæр нал скодта.

Алцæмæй дæр нымд кодта, алцыдæр æм нымад уыд. Исты хорз хабар-иу хæстонтæй куы фехъуыста, уæд нын-иу æй изæрæй æнæмæнг радзырдта.

– Зонут, дæлæ Арыхъхъы рæгътыл иу хъæуæй фарон цы хæстон ссыд, уый, дам, суанг Германы зæхмæ бахæццæ, – дзырдта нын-иу æхсæв, – æмæ, дам, Берлины стыр хæстыты агъоммæ иу мæйрухс æхсæв, кæрдæгыл уæлгоммæ хуысгæйæ, бæллиццаг хъуыдытæ кодта: «Ехх, цымæ ма Ирыстоны сæрмæ иу ахæм мæйрухс æхсæв фендзынæн?» Фендзынæ, зæгъгæ йæм куы æрбайхъуысид ныхас. Лæг рабадт, æмæ йæ разы лæууы урсзачъе зæронд лæг. Фæгæпп æм ласта, фæлæ лæг цыдæр æрбаци. Уый Лæгты дзуар уыд, мæ уд йæ нывонд фæуа. Уый фæрцы лæг хæстæй æрыздæхт сæрæгасæй. Табу йын уа! Мах дæр нæ зæрдæ ууыл дарæм.

– Дзыцца, хохæй цæмæ ралыгъдыстæм, – фæрсын æй æз, – баба куы æрыздæха, уæд нæ кæм агурдзæн? Ам цæрæм, уый цæмæй базондзæн?

Стæй, нæ фехъуыстай, иу хъæумæ фæндагыл, дам, æхсæвыгон иу хæстоны бирæгътæ куы бахордтой. Нæ хохаг хъæумæ фæндагыл хъæд ис?

– Ис дзы, ис, мæ хъæбул. Фæлæ районы зонынц, мах уым кæй нал цæрæм, æмæ йын ардæм бацамондзысты. Ардæм горæтæй æнцон æруайæн у. Иу хъæуы сæрты хизын æй бахъæудзæн. Æндæр нæ…

– Æмæ мах дæр нæ зæрдæ кæуыл дарæм, дзыцца, уымæн йæ ном цæуылнæ дзурыс? – фæрсы йæ Фæрдыг. – Лæгтæ куывдты куы фæзарынц, уæд æй уыдон хъæрæй куы дзурынц.

– Уый Лæгты дзуар у, табу йын уа, мæ чызг. Уыдонæн йæ ном дзурын æмбæлы, фæтчы. Сылгоймæгтæ та дзы нымд кæнынц. Ды дæр ын йæ ном макуы зæгъ. Табуйаг у. Уый фæрцы нæм кæд уæ фыд сæрæгасæй æрыздæхид. Бынтон сидзæрæй бахъомыл. Нæ фыды рæвдыд федта, нæ – мады. Фыды ‘рдыгæй уын нæ нана ис, нæ – дада. Йæ мад, дзидзидай ма куы уыд уæ фыд, уæд амард. Æмæ йæм æй чырынмæ куы бахастой, уæд дзы дзидзи æркуырдта. Ахæм æнæмбаргæ ма уыд. Йæ ныхасмæ адæм нырдиаг кодтой, æмæ уæд уый дæр ныккуыдта. Устытæ йæ йæ фыдыфсымæр Голойы бинойнаг Дзестелонмæ алæвæрдтой. Загътой йын: «Мæнæ дын дзидзи…» Ома, абонæй фæстæмæ кæй æвдживд уыдзынæ, уый. Æмæ йын йæ мады файнусты уæдæй фæстæмæ йæхи сывæллæттæ дæр «Дзидзи» хонын райдыдтой. Сывæллон цы хъусы, уый дзуры. Мæн дæр Голотæ «чындз» хонынц, æмæ мæм сымах дæр фылдæр «чындз» куы дзурут.

Уæ фыды уын Голотæ хи хъæбулау бахъомыл кодтой, мæн, стæй ма сымах дæр уыдон куы рæвдауынц. Фæлæ ахуыр йæхи хъару æмæ зондæй скодта. Ахуыргæнæг ссис. Царды цынæ фыдæбон бавзæрста, æвæццæгæн, ахæм нæй. Æмæ ма йын уый та хæст… Цас рæсугъд фæндтæ æмæ хъуыдытæ йæм уыд, цас! Мæ фæрстæ йын фехæлой…

Куыд тынг æнхъæлмæ каст дзыцца бабамæ хæсты быдырæй, тыгъды зæйæ!.. Нæ йæ уырныдта йæ адзал. Кæд Уæлахизы бонæй фондз азы рацыд, уæддæр ма йæм æнхъæлмæ каст.

Æнхъæлмæ йæм кастыстæм мах дæр. Алы æфсæддоны фæстæ дæр-иу кæсгæйæ баззадыстæм. Æхсæв нæ куыдз кæуылдæр тынг рæйы, уæд-иу нæм, баба кæд хæстæй сыздæхтийы хъуыды фæзынд, æмæ иу æхгæд рудзгуыты хуынчъытæй æддæмæ кæсынил фестæм.

Дзыцца уарзта бабайы кой кæнын. Йæ царды алы фæзынд дæр ын бæлвырдæй зыдта æмæ дзырдта. Мах та йæм хъусынæй не ‘фсæстыстæм. Уый ныхæстæй базыдтам, цъæхдзæст кæй уыд, бæрзондгомау, йæ сæрыхъуынтæ нæдæр сау уыдысты, нæдæр бур, æгъдауыл хæст, – уæлдайдæр хистæрты æмæ сылгоймæгты раз. Ноздджынæй йæм никуы æрбацыд. Бæрнон. Колхозы сæрдарæй дæр æй уымæн равзæрстой. Æмæ, дам, хъæздгуытæй иу хъæр кодта: «Мæ кæрцы зæрæдты чи схъомыл, ныр мын уый хъуамæ хицау уа!» Фæлæ йæ адæм уарзтой, хъуыддаджы лæг кæй уыд, уый тыххæй æмæ йæ сæхицæн сæрдарæй равзæрстой.

САУ ГÆХХÆТТ

Дзыцца фарста алы хæстоны дæр йæ бæлццонæй. Нæ федтон, нæ фехъуыстонæй дарддæр никуы ницы дзуапп фехъуыста. Фарста хъæусоветы æххæсткомы сæрдары, йæ фарст бахæццæ æфсæддон комиссарадмæ дæр. Æмæ нæм иуахæмы комиссарадæй æрбахастой йæ сау гæххæтт.

Мах скъолайы уыдыстæм. Скъолайæ хæдзармæ фæндагыл нæ хъустæ дардæй ацахстой дзыццайы кæуын, æмæ нæ цыд фæтагъддæр кодтам. Хæдзары йæ цалдæр усы сабыртæ кодтой. Дзыцца нæ куы ауыдта, уæд нæ йæ хъæбысы æрбакодта æмæ тынгдæр нырдиаг кодта:

– Нал ис уæ фыд, мæ хъæбултæ! Мæ арт бауазал, йæ зынг ахуыссыд! Абон ын йæ сау гæххæтт æрбахастой. Ныр ма куыд цæрдзыстæм?!. Бындурзылд фæуа Гитлер, хæст рауадзæг. Сидзæргæсы ном мыл куыд æнцонæй æрбадт. Уæ нывонд фæуон, фыды рæвдыдæй æнæ хай куы фестут!..

– Сау гæххæтт дæр алы хатт раст нæ рауайы. Дæхиуыл фæхæц, дæхи фæхъæбæр кæн дæ сывæллæтты раз, – æрхатыд æм сыхы устыты хистæр Нуца. – Уæлæ Комгæроны иу бинонтæм дæр сау гæххæтт бахастой, стæй цасдæры фæстæ сæ хæстон фæзынд.

– О, о! – йæ ныхас ын ацахста Сона. – Тохы, дам куы бацыдыстæм, нæмгуытæ их уарæгау куы кодтой, уæд, дам, мæ алыварс хæстонтæ цагъды кодтой. Мæнæн та, дам, мæ хъусы чидæр дзырдта: «Размæ цу! Размæ цу!». Æз дæр цыдтæн æмæ уацары бахаудтæн». Америкæгтæ нæ суæгъд кодтой.

Дзыцца ныхъхъус. Сау гæххæттыл фæдызæрдыг, æвæццæгæн. Æмæ удæгас адæймагыл кæуын нæ фæтчы. Йæ зæрдæ-иу куы æрбауынгæг, уæд-иу, йæ цæссыгтæ сæрфгæйæ, ацы хъуыды иу æмæ дыууæ хатты нæ загъта.

Нæ! Нæ фæндыд дзыццайы, бабайы сæфты хабар æцæг рауайа, уый. Цæмæдæр ма æнхъæлмæ каст. Фарста йæ фыды, хистæрты, хæстонты. Рæстæг цыфæнды зын дæр дзæбæх кæны, кæд носæй баззайы, уæддæр. Æмæ ма фæззæгмæ æнхъæлмæ каст. Уæдмæ хорзæй куы ницы фехъуса, уæд ын сфæнд кодта хæрнæджы фынг æрæвæрын, стæй та хистытæ кæнын. Ныууадз уыцы хъуыды, дæлæ уал дæ сидзæртæм æркæс, зæгъгæ йын дзырдтой чидæртæ. Фæлæ бабайы хъуагæй дзыццайы хъуыры къæбæр нæ хызт. «Ныр кæд уæ фыды раз Мæрдты бæсты ницы ис, æмæ искæй рухсаджы хаймæ æнхъæлмæ кæсы… Мах та ам нæ гуыбынтæ æфсадæм, – йæ уынаффæ рахаста махмæ дæр. – Уæ зæрдæтæ мыл ма фæхудæнт, мæ хъæбултæ. Мæнæн мæ амонд мæрдтæм йемæ ахаста. Зын, тынг зын мын у ацы хъуыддаг бакæнын. Фæлæ æндæр гæнæн нæй. Уæ фыды раз истæмæй аххосджын, къæмдзæстыг уон, Мæрдты бæсты исты хъуаг уа, уый мæ нæ фæнды. Йæхæдæг дæр мыл ахæм æнувыд, иузæрдион уыд. Ехх, цы зæгъон хъысмæтæн!..» Æмæ арф ныуулæфыд…

Цы йын загътаиккам мах та, нæ бон цы уыд. Йæ уынаффæ нын уыд иумæйаг. Уæлдайдæр нæм бабайæ сау гæххæтт куы æрбахастой, уæдæй фæстæмæ йын авгау æрхауынæй тарстыстæм. Мады æмæ фыды бынаты дæр нын уый куы уыд, æмæ йæ цумайæн «нæ» зæгъын дæр нæ фæрæстам.

СИДЗÆРТÆ

Бабайæ нæм сау гæххæтт куы ссыд, уæдæй фæстæмæ ныл сидзæрты ном абадт. Уæлахизы сидзæртæ. Ома, Уæлахиз ныл æрцыд, фæлæ сидзæртæй. Афтæ хуыдтой, йæ фыд хæсты кæмæн фæмард, уыдоны. Ныр мах дæр… Цыдæр капеччытæ дæр нын фидын райдыдтой. Фæлæ раздæрау цардыстæм нæхи фыдæбон æмæ дзыццайы цæгаты æххуысы фæрцы. Нæ егъау цæхæрадон нын-иу галтæй бахуым кодтой. Къæпийæ йын-иу йе дынджыр фæзгъæртæ ныллыстæг кодтам – похцийы фаг бæх кæнæ гал кæм уыд – æмæ дзы-иу байтыдтам нартхор, хъæдур, ныссагътам картоф. Сæ тыллæг – хæрынæн, хъæллæгъ та – нæ хъуг æмæ фыстæн зымæг холлагæн. Хосгæрст кæм уыди, стæй нын æй чи ныккарстаид. Мæнæуы ссад стæм уыд æмæ нын адджинагæй уæлдай нæ уыд, нартхоры кæрдзынæй фæлмæцыдыстæм. Уæливыхтæ – æрмæстдæр бæрæгбæтты. Уыцы рæстæг фæзынд, æвæццæгæн, ахæм ныхас: «Цæхæраджын – футæгæй, бахордта йæ сусæгæй». Футæгæй уыд нæ хъæрмхуыпп дæр æмæ дзыхы ад нæ кодта.

Зын, хъизæмайраг цардæй цардысты адæм фæсхæст азты. Фæлæ кæрæдзи фарсмæ балæууынмæ æвзыгъд уыдысты. Кæрæдзийыл æууæндыдысты, гомдуарæй цардысты. Пайдайы фæдыл нæ цыдысты, фæлæ æгъдауыл кодтой алцыдæр. Сидзæргæсмæ йæ тыхсты фæкæсын лæгдзинадыл нымад уыд. Дзыцца-иу быдыры айдагъ хъæрмхуыпп куы бахордта, йæ дзулы карст махæн куы æвæрдта, уæд-иу æрыгæттæй ахæмтæ дæр разынд, махæн йæ хай чи рарвыста.

Æппæты тынгдæр фæсхæсты хъызт зымæгты уазалæй фæлмæцыдыстæм. Æрдæгарæзт хæдзары цардыстæм, æмæ дзы дурын пецы хъарм бирæ нæ лæууыд. Колхоз адæмæн радгай ласта суг галтыл, бæхтыл. Махæн дæр. Фæлæ нын колхозы ласт нæ фаг кодта. Æмæ-иу сугхъуаг куы кодтам, уæд нæ разы райсомæй цал хатты æййæфтам бричкæйы фæстæ сыфцæй ласт хъæды лыггаг, уал хатты нæ рæвдыдтой сæ уды хъармæй. Хатт-иу æй зонгæ дæр нæ бакодтам, чи йæ æрласта, уый.

– Чи хъуамæ уыдаид? Уæ мадыфсымæр кæнæ йæ хæлæрттæй исчи, сæ сæрыл хаст фæуон, – загъта нын-иу дзыцца, æмæ-иу æй лыг кæнынмæ, фадынмæ февнæлдтам иумæ.

ФÆРДЫГ БÆЛЛÆХЫ БАХАУДТА

Фæрæзтам алцæмæн дæр. Æрмæст нын Фæрдыг куы фæрынчын æмæ рынчындонмæ куы бахауд, уæд мæ ныфс цыдæр фæци. Алыхуызон хъуыдытæ мæ хордтой: исты йыл куы æрцæуа, мыййаг, æмæ баба хæстæй куы æрыздæха, уæд æй нæ агурдзæн?.. Мæ кæуынцзæг мын-иу мæ хъуыр ахгæдта, афтæмæй згъордтон талынджы колхозы правленимæ машинæ агурæг, цæмæй йæ тагъддæр рынчындонмæ аласой. Æмæ кæуылты? Хæйрæгбадæн фæрсаг уынджы. Хæйрæг нæ, фæлæ мыл уæйыг куы фембæлдаид, уæддæр дзы нæ фæтарстаин. Лæфлæфгæнгæ бахæццæ дæн бынатмæ. Хъахъхъæнæгæн бамбарын кодтон мæ цыды сæр. Кæрты, шофыртæй быдырæй чи æрцыд æмæ йæ машинæ чи æвæрдта, ахæмæн хъуыддаг куы бамбарын кодта, уæд уый уайтагъд фæраст. Афарста мæ, кæм цæрут, зæгъгæ, æмæ мæ йæ фарсмæ абадын кодта.

Хъуыддаг та рауад афтæ: Фæрдыг цумамæ рæвдз уыд, кæд ыл

нырма дыууадæс азы йеддæмæ нæ цыд, уæддæр. Уыцы изæр дæр та йæм сыхæгты лæг фæдзырдта, мæ цæстытæй рæстмæ нæ уынын дыууæизæрастæу æмæ ма мын мæ цырагъы фæтæген ныккæн, зæгъгæ. Хæстон лæг уыд, цæфтæй сыздæхт, лæдзæджы æнцæйтты цыд. Уыцы изæр йæ цардæмбал кæмдæр уыд æмæ æрæгмæ цыд.

Фæрдыг изæрдалынгты цырагъ судзгæ баййæфта æмæ дзы фæтæген афтæмæй кодта. Цырагъ йæ къухтæй æрхауд, фæтæген ыл спырх йæ цæнгтыл, йæ цæсгомыл, æмæ йын сæ арты æвзæгтæ ацахстой. Гъæ, мæ хæсгæ мæрдтæ, зæгъгæ ма хæствæллад лæг фæхъæр кодта, йæхи йыл баппæрста, йæ цинелы йæ атыхта. Фервæзын æй кодта, фæлæ йæ районы дохтыртæм ласын хъуыд йæ сыгъдтытæ дзæбæх кæнынмæ. Мæ хъустыл ныр дæр ма уайынц дзыццайы хъæрæджы ныхæстæ: «Сау бон мыл акодта. Фæлтау æм мæхæдæг куы суадаин. Мæ чызджы мæхи къухтæй арты баппæрстон», – æмæ та-иу йæ уæрджытæ æрхоста.

Машинæйы нæхимæ фæндагыл, Фæрдыгыл хъуыдытæ кæнгæ, мæ зæрдыл цæмæдæр гæсгæ æрбалæууыд, дзыцца нын дыгоппон маргъы тыххæй цы таурæгъ ракодта, уый.

Дыгоппон, дам, раздæр чызг уыд. Авд æфсымæры кæстæр æмæ ма уымæй дæр иунæг хо. Буц уыди мад æмæ фыдæн. Уæлдай буцдæр та – йе ‘фсымæртæн. Æрхъæцмæ йыл нæ хъæцыдысты, чи йæ тынгдæр барæвдауа, уыыл алчидæр архайдта. Æфсымæртæ-иу цыфæнды тых куыстæй здæхгæйæ дæр, хъуыды кодтой сæ хойы зæрдæ барухс кæныныл. Хиконд хъазæны хорзæй, чындзытæй, рæсугъд тыччытæй æмæ æндæртæй дзаг уыд йæ хуыссæны алыварстæ. Уалдзæджы зæгъай, хосгæрсты афон – цы хуыздæр, хæрздæфгæнагдæр дидинæг хастой сæ хойæн. Дидинджытæй-иу ын рæсугъд сæрдзæгтæ сбыдтой. Уæдæ цы халсары, хæринаджы, дыргъы хорз ахæра, цы рæсугъддæр дзаума скæна, уый уыд сæ мæт.

Иу ныхасæй, зæрдæхъæлдзæг, уæнгрог æмæ рæвдыдæй рæзыд авд æфсымæры буц хо. Фæлæ йын цæрын бирæ нæ бантыст. Иу æнамонд бон кæрты хъазгæ-хъазын фæкалд, йæ сæр дуры тигъмæ бахаста, маргъау йæ тыбыртæ ацагъта æмæ йæ уд систа. Мад, фыд æмæ йæ авд æфсымæры, цы фыд сыл æрцыд, уый уæз æвиппайды нæ бамбæрстой, стæй йæ сæ удтæй, сæ зæрдæтæй куы банкъардтой, уæд сæхи марынмæ æрцыдысты, зæхх сын нæ урæдта сæ хъыг. Фыдохы бон сæ хуры тыныл уæлмæрдты

сыджыт ныккалой, уый сæ бон нæ уыд, æмæ сæ кæуын, сæ еу-додой марой арвы кæрæттæм хъуыст. Сыхъуыст уæларвмæ Хуыцаумæ дæр. Сфæлмæцыд сæ дзыназынæй æмæ Уастырджийы рарвыста, ныццу æмæ базон, куыд сын фæрогдæр кæнæм сæ рис. Уастырджи æртахт зæхмæ, уавæр федта æмæ Хуыцауы раз балæууыд. Загъта йын: «Зонын æй, де 'вастæй дунейыл ницы цæуы, фæлæ æгæрон у сæ хъыг, сæ уарзондæр адæймаджы буар сыджыты бын фæкæной, уый ныфс æмæ хъару сæм нæй. Исты æрхъуыды кæн, дæ хорзæхæй». Уастырджийы лæгъстæ ныхас бахъардта Хуыцаумæ, æмæ авд æфсымæры иунæг хойы уд фестын кодта маргъ. Уæлмæрды мæрддзыгой адæмы цæстыты раз йæ табæтæй стахт. Адæмы сæрмæ цалдæр зылды æркодта æмæ йæ коцора фæпæлæхсар-фæпæлæхсаргæнгæ атахт. Маргъ та – ахæм дыгоппон рæсугъд маргъ, – æрдзы рæсугъд хуызтæ æрæмбырд кодта йæ систыл.

Мæрддзыгой æмырæй, сабырæй аззад, стæй кæйдæр ныхас райхъуыст: «Уый йæ уд у, маргъ фестад æмæ атахт». Адæм сæ æгуыппæгæй феуæгъд сты, сæ рис фæрогдæр, æмæ, ныхас кæцæй райхъуыст, уый алчидæр йæхимидæг агуырдта. Чызджы баныгæдтой. Æмæ уыцы бонæй фæстæмæ баззад ахæм хъуыды: чызг куы амæлы, уæд йæ уд фесты тæхгæ маргъ Дыгоппон. Уалдзæджы-иу мæргътæ хъарм бæстæй тæхын куы райдыдтой, уæд-иу ахæм зианджын бинонтæ æнхъæлмæ кастысты сæ мард чызджы уды фæзындмæ. Хæдзармæ æвваxс къалиуыл-иу Дыгоппон куы абадт, уæд-иу йæ ныййарæджы хъарæг дардмæ хъуыст, мæнæ нæм мæ зынгхуыст чызг Дыгоппоны хуызы æртахт, йæ зæрдæ ныл нæ ивы, зæгъгæ.

Уæд тынг тарстæн Фæрдыгæн. Дзыцца та йæхицæн бынат дæр нæ ардта. Дохтыртыл дæр не ‘ууæндыд. Адæмон хостæ агуырдта йæ сыгъдтытæ бадзæбæх кæнынæн. Устытæ йын ныфсытæ æвæрдтой. Иу та йын дзы афтæ куы зæгъид:

– Гъе, мæ хо, фыд амæла, мад, йæ хъæбул уæ макæмæн амæлæд.

– Уый та дын афтæ цæмæ загъта? – фæрсын æй иуахæмы. – Цæмæн хъуамæ амæла мад кæнæ фыд? Махæн баба немæ куы уаид, уæд куыд хорз уаид. Никæмæ хæлæг кæниккам. Уæртæ Биботæн сæ фыд иу къахимæ хæстæй сыздæхт, æмæ дзы йæ лæппутæ куыд буц сты, уый зоныс?

– Зонын, зонын, дæ нывонд фæуон. Уыцы усæн йæ лæппу гыццылæй

цæугæдоны бахауд æмæ амард. Хъæбул ын фыд æмæ мады зынæй уæззаудæр кæй у, уый йæ уд бавзæрста. Æмæ йæ цæмæй æз ма бавзарон, уымæ мын куывта.

– Дзыцца, æз дæуæй фылдæр никæй уарзын. Дæхæдæг нын куы фæдзурыс, адæймагмæ мадæй æввахсдæр ничи ис. Стæй, дам, мады цæф рисгæ дæр нæ кæны.

– Раст дæ раст, мæ хъæбул. – Тамуимæ нæ йæ хъæбысы æрбакодта. – Хъусут-ма, мады цæфы тыххæй уын цы радзурон. Иу лæгæн, дам, йæ ус амард. Баззад ын иунæг æнахъом лæппу. Фыды йæ куыстæй уый хъомыл кæнынмæ не 'вдæлд. Æмæ иуцасдæры фæстæ дыккаг ус æрхаста. Лæппу фыдыусы нæ бауарзта æмæ фыддæрадæн митæ кодта. Ус æм-иу куы рамæсты, уæд-иу æй рацъыкк кодта. Æмæ уый усæн йæхи зæрдæмæ дæр нæ цыд.

Уæд æм иуахæмы лæппуйы мад фыны рацыд æмæ йын зæгъы: «Дæхи ма 'фхæр. Мæхи аххос у, иунæг уыд, æмæ йæ скъулбадæг кодтон. Мады цæф нæ риссы, мæнæ дын мæ къух æмæ-иу æй уымæй цæв».

Ус фыр тыхстæй фехъал. Æмæ уыцы æхсæвæй фæстæмæ лæппумæ йæ къух нал систа, цыфæнды фыдуаг ми-иу куы кодта, уæддæр. Лæппу дæр æрсабыр.

Ацы хабар уын цæмæн радзырдтон. Мад æмæ фыд цотæн адджын сты. Уыдонæй адджындæр та мад æмæ фыдæн – сæ цот. Гъе ныр, уæ фыд кæд уæлæуыл ис, – йæ фесæфтыл уæддæр не 'ууæндыд дзыцца æмæ мах дæр, – уæд цæры, уæ уындмæ бæлгæйæ. Кæд нал ис… – йæ зæрдæ ауынгæг. – Кæд нал ис, уæд уæм цæудзæн уæ фынты. Марды аудындзинад, дам, дзуары аудындзинадæй къаддæр нæу. Æмæ нын æнæмæнг Фæрдыджы сдзæбæхæн аххуыс кæндзæн. Ууыл æууæндут! Ныр та ацæут уæ урочытæ скæнут. Æз нæ хъуг радуцон.

Фæрдыг рынчындонмæ куы бахаудта, уыцы изæрæй фæстæмæ дзæвгар фенкъарддæр стæм. Мысыдыстæм æй æртæйæ дæр. Кæд ын тæссаг ницæмæй уыд, уæддæр æм нæ зæрдæ 'хсайдта, мæт ыл кодтам, немæ кæй нæй, æцæгæлон адæмимæ æхсæвиуат кæй кæны, уый тыххæй. Æхсæвæры фæстæ-иу уайтагъд хуыссынмæ фестæм. Дзыцца-иу, йæ хæдзары зылдтытæ цалынмæ фæци, уæдмæ нæ хуыссыд. Мах та æнæ уый хуыссæг нæ ахста, æмæ нæм-иу загъд кодта, бафынæй ут, райсом уæ скъоламæ раджы стын хъæуы, зæгъгæ.

Уыцы æхсæв дæр та нæ хъуыддаг афтæ рауад. Æмæ нæм куы сзагъд кодта, уæд æм Таму фæрæвдз:

– Дзыцца, Дыгоппон чызг æцæг уыд?

– Кæс-ма, кæс, уый дæр Дыгоппоны хъысмæт æнцад нæ уадзы, – ахъуыды кодтон мæхимид. – Мæнæй дыууæ азы кæстæр у, ныхасы арæх нæ балæууы, фæлæ йæ Фæрдыджы уавæр мæнау сагъæссаг хъуыдыты бафтыдта. Алы хъуыддаджы дæр разæй фæуынмæ та йыл базыртæ базайы, фæсте аззайын йæ сæрмæ нæ хæссы. Æдзухдæр иумæ у нæ цард, нæ ахуыр. Скъоламæ куы бацыдтæн, уæд уый дæр фæндыд. Фæлæ фондзаздзыды чи исы ахуырмæ. Афæдз бафæрæзта хæдзары бадын. Ме 'рбацыдмæ-иу æнхъæлмæ каст, уынгмæ рудзынгæй кæсгæйæ. Урочытæ ахуыр кæнын, уæд ис мæ фарсмæ. Йæ фарстытæй-иу сфæлмæцыдтæн. Фæлæ, зæгъæн ис, уый дæр фыццæгæм къласы ахуыр кодта мемæ. Кæсын, фыссын базыдта, арифметикæйыл фæцалх. Дзыцца йæ уыдта, зыдта æмæ йын, хъазгæйæ, афтæ бакодта: «Уæд та дæ æхсæзаздзыдæй фæззæджы скъоламæ раттин». Таму уыцы ныхасыл тынг бацин кодта – бауырныдта йæ. Йе 'ргом ноджы тынгдæр аздæхта ахуырмæ.

Дзыццайæн дæр ма цы гæнæн уыд, æмæ йæ сæрды скъоламæ цæттæ кæнын райдыдта.

– Æмæ дын æй айсдзысты, айсдзысты – æхсæзаздзыдæй скъоламæ нæ исынц, – бамбарын ын кодта иуахæмы нæ сыхæгты ус Гоцъион. – Стæй йæ цы фыдæбонæй марыс? Хæхбæстæй ацы аз чи æрлыгъд, уыдоны цотыл дæсгай азты онг цæуы, æмæ семæ иу къласы куыд баддзæн?

Таму дын уый фехъуса: йæ кæуын фемæхст æмæ йын басабыр амал нал уыд. Дзыцца йæ æрбахъæбыс кодта æмæ йын афтæ:

– Ма ку, ма, мæ зæрдæдарæн. Уæ фыдыхо райдайæн скъолайы директоры мыггагмæ у чындзыцыд, горæты цæры, æмæ йæм уыимæ сæхимæ лæгъстæмæ бацæудзыстæм.

Дзыцца æцæгдæр афтæ бакодта. Нæ фыдыхо Тамуйы йæ зонындзинæдтæй куы афарста, уæд уый дæр семæ акодтой. Хæстон лæг уыд директор, йæ иу къах – хауд, дыууæ лæдзæджы æнцæйтты цыд. Йæ ус – уырыссаг. Æвæццæгæн, госпиталы хуысгæйæ, кæимæ базонгæ, ахæм. Нæ фыд хæстæй нæма ссыд, уый куы базыдта, стæй ма Таму кæсынæй, фыссынæй, нымайынæй йæхи хорзæй куы равдыста,

уæд æй йæхимæ ныффыста æмæ загъта: «Фыццæгæм сентябры йæ скъоламæ æрбакæн, ай цæттæ скъоладзау куы у!»

Таму ахуырмæ тынг разæнгард уыд, сыгъдæг фондзтæ иста. Фæлæ йын фыццаг аз скъоламæ, дард нæм кæй уыд, уымæ гæсгæ, зын цæуæн уыд. Уæлдайдæр, митджын хъызт зымæг скодта, æмæ-иу райсомы арф миты нæ фæрæзта. Уый тыххæй нæ дзыцца иунæджытæй скъолайæ фæстæмæ дæр нæ уагъта. Иумæ уыд нæ фæндаг дыууæрдæм дæр. Райсом миты та дзыцца дæр – немæ. Таму ныр æртыккæгæмтæм цæуы, фæлæ уæддæр скъоламæ æмæ фæстæмæ дæр иумæ здæхæм. Раздæр куы рацæуы, уæд мæм кæртæй рахизæны æнхъæлмæ фæкæсы. Æмæ не 'мбæлттимæ иумæ хъазгæ-худгæйæ нæхимæ сфардæг вæййæм. Райдзаст хъарм бон искуы-иу хатт колхозы дзулфыцæнып нæ фæндаг ракæнæм. Нартхоры кæрдзынæй сфæлмæцыдыстæм. Ам та ахæм хæрзад дзул фыцынц, æмæ йæ тæфæй дæр бафсæдæн ис. Сæ рудзынг сын бахойæм, æмæ нæм уайтагъд ракæсынц. Кæй цот стæм, уый зонгæ дæр нæ кæнынц, афтæмæй ныл тынг бацин кæнынц, сæхи ма нын фæхъхъаутæ дæр фæкæнынц, стæй нын, хæрынæй кæмæй нæ фефсæдæм, ахæм хæрзад тæвд дзулы хæйттæ радæттынц: «Хæргæ кæнут æмæ тагъддæр айрæзат, нæ хуртæ».

Уый стæмхатт вæййы. Уалдзыгон æмæ фæззыгон райдзаст бонты нæ уымæ нæ равдæлы. Цъæх нæууыл куы кæм, куы кæм хъæбысæйхæст бацайдагъ кæнæм. Рагацау дыууæ къордыл фæдихтæ вæййæм. Стæй махмæ бакæс: цъæх нæууыл кæрæдзийы сæрты фæхауæм. Чи тыхджындæр разына, фæуæлахиз уа, ууыл нæ алчидæр йæхи фæхъары. Фæлæ-иу уый алы хатт дæр бафтыд, Бола кæй къорды уыд, уыдоны къухты. Бола дæр мах карæн уыд, фæлæ йыл махæй ничи тых кодта, афтæмæй та – зæрдæхæлар, никуы нæ никæй бахъыгдардта. Йе 'цæг ном Габе уыд, фæлæ йæ мах Хъаныхъуаты Боламæ гæсгæ Бола рахуыдтам. Ægæр тыхджын кæй уыд, уымæ гæсгæ-иу хистæртæй чидæртæ сусу-бусу кодтой: «Уый фæйнæгфарс у æмæ уымæн тыхджын у». Сусæгæй та йæ уымæн дзырдтой æмæ, дам, цалынмæ не сдынджыр уа, уæдмæ дзы исчи хъæрæй, фæйнæгфарс у, зæгъгæ, куы зæгъа, уæд амæлдзæн.

Болайы зымæджы уазал бацыд æмæ уалдзæджы амард. Мах ыл тынг фæрыстыстæм æмæ нæ уырны, фæйнæгфарс кæй уыд, уый йæ дзыхы чидæр кæй нæ баурæдта, хъæрæй йæ загъта, æмæ нæ хæлар Бола

æнæмæнг уый фыдæй не 'хсæн нал ис. Фæлæ йæ мах нæ рох кæнæм. Дыууæ къордæй чи фæуæлахиз вæййы, уымæн Болайы ном раттæм.

О, фæлæ мæн иуахæмы уымæ нал равдæлд. Урокæй урочы æхсæн уæгъд рæстæджы цынæ хъуыддаджы бахауæм, ахæм нæ вæййы: чи кæуыл цы æрхъуыды кæна, ууыл дæр ацархайæм. Суанг ахуыргæнджытыл дæр. Æппæты архæдæр та дзурæм

Джитъри-митъри, къабуска.

Сталин Гитлеры абырста.

Уымæй нæ маст исæм Гитлерæй. Уæдæ йæ мады фæстæ чи цæуы, кæуы, уыцы сывæллонæн куы фæзæгъæм

Фæсхохы къусдон – къалати –

Дæ мады фæстæ байраг и, –

уæд уайтагъд фæсыкк вæййы. Ахæм æмдзæвгæтæм нæ къласы уæлдай рæвдздæр у Батыр. Бады фаллаг рæгъы, мæнæй дыууæ партæйы раздæр æмæ мæ фæстаг урочы йæ куыст скодта. Мæстæй мæ мары, худы мыл, ахуыргæнæгмæ хъусын мæ нæ уадзы. Стæй мæм иу гæххæтты чысыл тыхтон æрбаппæрста. Райхæлдтон æй æмæ кæсын:

Хаби-хыбли

Кæрчытимæ фæхыл и.

Гогызтæ йæ фæнадтой,

Сæ кæртæй йæ фæтардтой.

Ныр æй бамбæрстон, цæуыл цин кодта, уый. Ома, цы дыл афыстон. Æз æм бартхъиræн кодтон, урочы фæстæ ма дæхимæ фæкæс, зæгъгæ. Уый, куыддæр дзæнгæрæджы хъæр айхъуыста, афтæ йæ хызынимæ федде. Æз дæр ма йæ фæдыл рагæпп ластон. Фæсте йæ сурын, фæлæ мæм адард. Уалынмæ кæсын, æмæ хæрды Таму йæ разы февзæрд. Æрурæдта йæ. Уæдмæ сæм æз дæр схæццæ дæн. Æмæ хылгæнæг нæ, фæлæ иргъæвæг фæдæн. Таму йæ уæгъд нал уагъта: ауадз æй, мах хъазгæ кодтам, зæгъгæ йын цалынмæ нæ загътон, уæдмæ. Кæцæй йæ базыдта, йæхицæй дыууæ азы хистæр куы у, уæд дзы тæрсгæ та куыд нæ фæкодта…

Ахæм у Таму, æнæбарон, ныфсхаст æмæ æнæ уæлдай ныхас. Ныр дæр та Фæрдыгыл йæ зæрдæ риссы, фæлæ быхсы æмæ фæрсы дзыццайы комкоммæ фарстæй нæ, фæлæ Дыгоппонæй.

– Гъæ, уæ сæрыл хаст фæуон, уæ нывонд фæуон, мæ лæппутæ! Уæ

хойыл уæ зæрдæ риссы, æмæ алы хъуыдытæ кæнут. Мауал ын тæрсут, тагъд æй рафысдзысты, æмæ та ам иумæ гаккырисæй хъаздзыстут. Йæ хæдзары куыстыты йæ фарсмæ уыдзыстут. Дыгоппоны тыххæй уын цы радзырдтон, уый аргъау у. Адæм исты хорз куы бафиппайынц, уæд ыл базыртæ басадзынц, сæхи дзы фæрæвдауынц. Дыгоппон маргъы фæлыст арæзт чызгау рæсугъд у, æмæ дзы федтой, рæзгæ чызджытæй цардæй чи ахицæн вæййы, уыдоны фæлгонц. Æз ма уын ракæндзынæн уахъаз – фæлмæн хæххон дымгæ – æмæ азæлды хабар дæр. Ныр та уал бафынæй кæнут, райсом уæ скъоламæ раджы сыстын хъæуы.

– Нæ, радзур нын æй, ныр нын æй радзур, æмæ уый фæстæ сыпп дæр ницыуал скæндзыстæм, – æрхатыдыстæм дзыццамæ. Æмæ нын уæд фыццаг хатт æнæ Фæрдыг ракодта ацы хабар:

– Азæлд у уынæры бардуаг, уддзæфы бардуаг Уахъæзы æфсымæр. Таурæгъмæ гæсгæ сæ мад амард, Азæлд дзурын дæр нæма зыдта, уæд. Æмæ баззад йæ иунæг æнахъом хо Уахъæзы 'вджид. Уый йын уыд хо дæр æмæ мад дæр. Йæ хъомыл кæнын иууылдæр уымæ каст. Уый йæм йæ цæст дардта, рæвдыдта йæ, узæлыд ыл. Ахуыр æй кодта дзуырын, къахдзæфтæ кæнын. Сæ кæрæдзиуыл æрхъæцмæ дæр нæ хъæцыдысты. Цардысты æмæ рæзыдысты кæрæдзи цинæй. Фæлæ сæ мады фæстæ сæ уды æнцой цард бирæ нæ ахаста. Фыд ус æрхаста. Уый æгъатыр фыдсыл разынд æмæ сидзæрты æнæмæт, зæрдæрухс цард фехæлдта, йæ мæрдты удхæссæг федта хо æмæ ‘фсымæрæй. Схуыст ныхас, рæхуыст йеддæмæ дзы иу рæвдыд ми нæ банкъардта Уахъæз. Сывæллон, дам, зæрдæ зоны – йæ иу фендæй дæр-иу скуыдта Азæлд. Æмæ уымæй ноджы знæтдæр кодта фыдыус.

Уахъæз бонæй-бон тынгдæр мысын райдыдта йæ мады. Кæугæ-дзыназгæ-иу, Азæлд йæ хъæбысы, афтæмæй балæууыд хъæуысæр уæлмæрды, йæ мады ингæны уæлхъус-иу бирæ фæбадт, йæ хъæстытæ йын-иу фæкодта. Иуахæмы та уæлмæрды кæуын æмæ дзыназынæй куы бафæллад, уæд йе ‘фсымæры фарсмæ нæууыл æрфынæй. Азæлд дзурын нæма зыдта, æрмæст-иу фæзмæгау иугай ныхæстæ скодта. Зынтæй цыд йæ къæхтыл æмæ уæлмæрды кæрон рындзмæ хъавгæ-цудгæ цыдæй араст. Араст йе сæфты фæндагыл. Чи йæ баурома, йæ къух æм чи бадара, уый – йæ иунæг хо, фæлæ ууыл куыдвæлладæй хуыссæг фæтых.

Азæлд рындзмæ бахæццæ, иучысыл фæцудыдта, æмæ дæ фыдгул –

афтæ… Рындзæй асхъиудта æмæ дæлджинæгмæ фæтæхы. Кæцæйдæр ма хаугæ-хауын йæ хойы номимæ йæ кæуын сыхъуыст. Уахъæз йæ бынаты фесхъиудта, фехъал æмæ, йе ‘фсымæры йæ фарсмæ куы нæ ауыдта, уæд, хъæр кæцæй фехъуыст, уыцырдæм, «Азæлд! Азæлд!» хъæргæнгæ, фырадæргæй азгъордта. Хуыссæгхъæлдзæгæй йæ æрбайрох уæлмæрды кæроны рындз, æмæ дзы йе ‘фсымæры фæдыл асхъиудта.

Азæлд æмæ Уахъæзы агурæг хъæубæстæ фæфæдис сты, дæлджинæгæй сæ схастой, фæмарой сыл кодтой, стæй сæ баныгæдтой сæ мады фæйнæфарс…

«Саби зæд у», – фæзæгъынц ирон адæм. Сæ хъысмæтыл Хуыцауы зæрдæ дæр фæрыст, æмæ сын се ‘взонг удтæ мæрдты бæстæм нæ ауагъта. Ныууагъта сæ зæххыл. Æмæ ма абон дæр иумæ арвæй зæххы ‘хсæн хæтынц. Систы уынæр æмæ уддзæфы бардуæгтæ. Азæлд ныр дæр ма дзурын нæ зоны æмæ фæзмæгау кæны алы уынæр дæр. Хъазы, худы, мах дæр йæ митыл цин кæнын кæны. Уахъæз ыл ныр дæр у иузæрдион, йæ хъæбысы йæ радав-бадав кæны хæхты, дæтты, быдырты сæрты, иумæ фæмидæг вæййынц хæхты цъассыты, лæгæтты, нарæг, къуындæг бынæтты, æмæ та уырдыгæй райхъуысы уынæры бардуаг Азæлды фæзмæгой хъæлæс. Уахъæз æй рæвдауы, узæлы йыл. Йæ узæлд æнхъæвзы адæммæ дæр. Æнтæф бон ма Уахъæзы узæлдæй хуыздæр цы ис! Йæ андзæвд, йæ улæфт ын уддзæф хуымæтæджы нæ хонæм – нæ удтæ нын рæвдауы. Азæлд та нын фæзмы нæ ныхас æмæ нæ худын кæны нæхиуыл».

Фæрдыг фæдзæбæх. Æмæ ма кæд йæ сыгъдтытæ ностæй зындысты, хостæй ма сæ сæрдын хъуыд, уæддæр æй дзыцца дохтыртæн рафыссын кодта, хæдзары йæм мæхæдæг фæкæсдзынæн, зæгъгæ. Дæ рынчынмæ рынчындонмæ дæ зæрдæ 'хсайа, уый æнцон нæу. Уæлдайдæр та мах хуызæн æвæгæсæг бинонтæн. Дзыццайау уарзæгой ныййарæгæн. Æмæ та ныл нæ царды бонтæ иумæ ныддаргъ сты, нæ фыдмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ. Цалынмæ дзы сау гæххæтт нæ райстам, уæдмæ. Уый уалдзæджы уыд. Æмæ ма дзыцца фæззæгмæ каст цæмæдæр. Чи зоны, фæззæг бæркадджындæр у, уый дæр уыд йæ хъуыдыйы. Бабайы хæрнæджы фынгыл уыцы цыбыркъух заман фылдæр истытæ, бæркадджындæр куы уаид, уый йæ фæндыд. Стырдæр цæлхдур та уыд йæ дызæрдыг. Уымæй дæр ын нæ фыдыфсымæр, афтæ ма бакæн, мæ

чындз, мæнæн ме ‘фсымæр мард нæма у, зæгъгæ, цæхгæр йæ фæнды ныхмæ куы 'рлæууыд, уæд. Æнхъæлмæ кæсгæйæ, цыдæртæ цæттæтæ дæр кодта. Арахъхъ рауагъта, стуртæй кæцы æрхæсдзæн нывондæн, уый сбæрæг кодта æмæ йæм хуыздæр зылд. Махæн дæр æй бафæдзæхста.

– Дзыцца, æмæ баба уæдмæ куы 'рцæуа, уæд та? – иуахæмы йæ Таму куы афæрсид.

– Уæд… – йе ‘нкъарæнтæ йын йæ хъуыр ахгæдтой. – Уæд, мæ хъæбул… Дæ дзыхы фарн. Куывдæн æй аргæвддзыстæм, – загъта дзыцца æмæ арф ныуулæфыд.

Хæсты фæстæйы зын цардæн адæм кæрæдзийы фæрцы фæрæзтой. Уымæй сæ ныхас кæрæдзийæн ахæм ныфсы хос уыд, æмæ цыфæнды зын сахат дæр-иу сæ ныхасыл ахæм æмбисонд, æцæг хабар абарстой æмæ-иу зæрдæрыст адæймаджы дæр тых бауагътой. Дзыцца дæр ахæм ныхасмæ рæвдз уыд. Кæстæртæй-иу йæ ныфс кæмæн асаст, уыдонæн арæх дзырдта: «Цæрын зын у, мæ хуртæ, фæлæ йæ адджын йæ зынтæ кæнынц». Ныхъхъуыды йын кодтон йæ ныхасыл æмæ йæ бафарстон. Уый мын афтæ:

– Гъе, мæ хъæбул… Адæймаг куы равзæры ацы дунемæ, уæд зæхх æмæ хур сты йæ дарæг. Хур кæсы æмæ кæсдзæн. Зæхмæ та æргуыбыр кæнын хъæуы, барæвдауын, бафыдæбон ыл хъæуы, æмæ дын уæд дæ зæрдæ барухс кæндзæн. Цыбыр ныхасæй, кусын куы уарзай, уæд дæ удæн цард æхцон уыдзæн.

Уыцы хъуыдыйыл нæ бафтыдта нæ мад, æмæ нæ хæдзары, цæхæрадоны куыстыты уæлдай алы сæрд дæр колхозы быдырты куысты уæлхъус уыдыстæм æртæйæ дæр. Фæлæ уæддæр нæ цард лæгъз нæ цыд. Æмæ нæм афтæ каст, нæ фыд немæ кæй нæй, уымæн афтæ у. Уæлдайдæр, нæ мады фыдæбæттæм, тыхст æмæ кæуынмæ кæсгæйæ, йæ хъарджытæм хъусгæйæ. Кæд сæ сусæгæй кодта, уæддæр сæ-иу æнæ фехъусгæ нæ фестæм. Куы нæ-иу бафиппайдта, уæд-иу йæ цæссыгтæ сæрфынмæ фæци, æрбахъæбыс нæ-иу кодта, стæй-иу афтæ:

– Мæнмæ ма кæсут… Мæнæ та мæ тыппыртæ суагътон æмæ мын фенцондæр. Сымах мын дзæбæх куы уат, уæд æз алцæмæн дæр ныффæраздзынæн.

Иу сæрдыгон бон та нæ изæрырдæм йæ алыварс æрбамбырд кодта æмæ нын зæгъы:

– Хъуыды-ма кæнут, уалдзæджы нæм мæ мады æрвадæлтæй чи æрбацыд, уый?

– Балойы… – фæцæттæ Фæрдыг.

– Уæд нын, уæ цæхæрадон, цас æмбæлы, уымæй фылдæр у куы загъта, æмæ йын дзы сæрмагонд къамис æхсæз сотыхы кæрдын кодта. Цæттæ нартхоры хуымæй нын дзы Балойы фæрцы уæд дыууæ сотыхы дæр нæ ныккарстой. Уый дæр уыцы къамисы уæнг у. Æмæ мын ныр та фехъусын кодта, ахсæв, дам, кæмæ цал стуры, фысы ис, уый бæрæг кæндзыстæм, æмæ уæ уæлдай фос, хъалон кæмæн нæ фидут, уыдон уал фæсхъæумæ искæдæм атæрут. Хаби æмæ Таму, сымах уæртæ ме ‘рвадæлты лæппутимæ сæ фосимæ нæ дыгæрдыг æмæ æртæ фысы фæсхъæумæ аздахут. Мах та Фæрдыгимæ ам уыдзыстæм. Æмæ нæм куы 'рбацæуой, уæд сын нæ хъуг æмæ йæ роды равдисдзыстæм. Къамис нæ сыхæй куы адард уа, уæд уæм фæхабар кæндзыстæм. Æмæ сæ фæстæмæ æрбаздахдзыстут. Бамбæрстат?

– Бамбæрстам. Фæлæ… Хæст раджы куы фæцис, уæд ма нæ цæмæн хъыгдарынц? – фæрсын дзыццайы.

– Нæ балбæлæстыл ацы аз хæрз чысыл æрзад, æмæ нын уый дæр хъалонæн айстой, – йæ ныхас баппæрста Таму.

– Хæст раджы фæци, мæ хуртæ, фæлæ дзы баззадысты адæмы хуыздæртæ. Чи дзы сыздæхт, уыдон дæр цæфтæй, хæстæфхæрдæй. Æмæ уынаффæгæнджыты 'хсæн бабирæ сты, уæлæ хæхты цъассыты чи æмбæхст, йæхи рынчын чи скодта, ахæм ницæйæгтæ. Уыдон адæмы рис не ‘мбарынц æмæ сæ фыдæбонæй марынц. Уæ фыд ам куы уаид, уæд сын уый ахæм уынаффæтæ хæссын бæргæ нæ уадзид. Фæлæ цы зæгъæм Хуыцауæн. Ахæм уавæры стæм… Ног хæстæй та нæ тæрсын кæнынц æмæ цæйнæфæлтау хæст уа, алцæмæндæр бафæраздзыстæм.

Хæсты коймæ мæ зæрдыл æрбалæууыд, дзыцца мæ рæстæгæй-рæстæгмæ кæй афæрсы: «Ахуыргæнджытæ ницы зæгъынц, хæстæй ма тæссаг у?» Æз ахæмæй ницы фехъусын, фæлæ удæй æнкъарын, адæмæн хæстæй тас ныр ма дæр сæ уæнджы кæй ис. Æмæ мын фадат куы фæвæййы, уæд газеттæм дæр æркæсын. Радио кæмæ ис!.. Æртæ азы фæстæ, дам, уæ хъæумæ дæр бауадздзыстæм, зæгъынц районы разамынд. Хæрæг ма амæл, тагъд сæрд æрцæуудзæн. Ныр та уал радиомæ дæр байхъусæн ис районы центры. Ам электрон рухс дæр

ис. Ардæм мах цæуæм фæтæген æлхæнынмæ цырагъы рухсæн. Мах, лæппутæ, районмæ библиотекæмæ дæр ныууайæм. Уалдзæг æмæ фæззæг. Зымæджы хъызты чи цæуы… Нæхи скъолайы библиотекæ иу къуымы ис.Чингуытæй дæр – мæгуыр. Районы библиотекæйæ та кæцы райсон, уый нал фæзонын. Уыйбæрц бакæсинаг чингуытæ дзы ис! Иуахæмы дзы мæ цæст æрхæцыд чиныг «Война и мир»-ыл. Бацин кодтон, æвæццæгæн ацы чиныгæй базонæн ис, хæст ма уыдзæн, æви нæ. Мæ дæларм акодтон уыцы егъау чиныг. Фæлæ…

– Кæцы къласы ахуыр кæныс? – фæрсы мæ библиотекæйы кусæг.

– Цыппæрæмты… – дзуапп ын радтон.

– Ацы чиныг, хистæр кълæсты чи ахуыр кæны, уыдон фæкæсынц.

– Мæн дæр йæ бакæсын фæнды, хæст ма уыдзæн, уый базонон.

Библиотекæйы кусæг сылгоймаг мын мæ сæрыл йæ фæлмæн арм æруагъта:

– Бамбæрстон дæ… О, дзæбæхæй байрæзай. Хæст нал уыдзæн. Хæстыл мауал хъуыды кæн. Ацы чиныджы ныхас цы хæстыл цæуы, уый раджы уыд. Дыууæсæдæ азæй раздæр.

Æрцыд, дзыцца цы фæззæгмæ æнхъæлмæ каст, уый дæр. Фæлæ цæмæндæр нæ тагъд кодта бабайæн хæрнæджы фынгыл. Йæ зæрдæ нæ куымдта, йæ къух нæ тасыд. Æнхъæлмæ ма каст, æвæццæгæн. Джеоргуыбайы агъоммæ сонтæй фæуазæлттæ, æмæ йæ уыцы уавæр фесхойæгау фæтæрсын кодта. Иуизæр нæхи æмæ нæ мыггаджы хистæртæм фæдзырдта æмæ уыдонимæ рахастой уынаффæ: хæстæгдæр сабаты бабайæн хæрнæджы фынгæй рухсаг зæгъын.

Уыцы бон мах скъолайы уыдыстæм. Фæлæ йæ рагацау зыдтам, уæлмæрдты йын цырт кæм ныссадздзысты, уый. Цырт ын æрцæттæ кодта нæ сыхæгты хæсты цæфæй къуылых лæг йæхи хъæдæрмæгæй. Махмæ суг дæр фаг никуы уыд, фылдæр æхсынæн æмæ нартхоры хъæллæгъы хъæдæй арт кодтам, нартхоры хъузгæй дæр нæм-иу фæкастысты. Цырт хæрнæджы размæ уæлмæрдмæ ахастой æмæ йæ уым ныссагътой.

Хæрнæг нæма райхæлд, афтæ мах дæр ссыдыстæм скъолайæ. Дзыццайы йæ фыдимæ сæйййæфтам хæдзары. Дада мах куы ауыдта, уæд ныл бацин кодта, стæй дзыццамæ раздæхт:

– Мæ чызг, адоныл уæд дæ сагъæс. Чи байсæфт хæсты, уый нал

раздæхдзæн, цæсфæнды йыл дæхи куы хæрай, куы мæт кæнай, уæддæр. Уыйбæрц бæркад æрæвæрыны æфсæрм дæр дæ нæ хъуыд. Дæ хæдзары йын фынджыдзаг æрæвæрдтаис, иу фыс аргæвдгæйæ. Стур та уæй акодтаис æмæ дзы дæ сывæллæтты рагъыл зымæгмæ исты хъæрмттæ баппæрстаис.

– Нæ, нæ, Адто! Ныр мын фенцондæр уыдзæн. Мæ зæрдæ йæм нал æхсайдзæн, – йæхи йæм, æфсæрмытæгæнгæ, бакъултæ кодта Дзыцца.

Махмæ та афтæ каст, цыма бабаимæ уаргæ бакодтам, йæ хай йын радих кодтам. Æмæ ныл йæ зæрдæ фæхуддзæн. Раздæрау æм нал æнхъæлмæ кæсдзыстæм. Фæлæ афтæ нæ рауад. Уæлмæрдты йын йæ цырт афтид ингæныл куы федтам, уæд та нæ зæрдæты цыдæр ныфс бацыд.

МАЙРÆМЫ КУАДЗÆН

Дзыцца афæдзы дæргъы иу мæрдты мысæн бон дæр бабайы æнæрхъуыдыйæ нæ ауагъта. Йæ фадат куыд амыдта, ахæм фынджыдзаг-иу скодта. Йæ фадат куыд амыдта, уал адæймагмæ-иу фæдзырдта. Туг суагъта Зæрдæвæрæны дæр. Дыгæрдыг хæссы афæдзы кæндмæ. Гъе, фæлæ Майрæмы куадзæн бабайæн рухсаг цæмæй зæгъа, ахæм æргæвдинаг далыс æм нал ис. Уæркомæ бакæсы, хæрззылдæй йын, куыд æмбæлы, уымæй фæегъаудæр. Фæлæ йæ Фæрдыгæй куыд атона, кард æм куыд ныддарын кæна…

Уыдæттыл сагъæстæ кæнгæйæ йæ иу æнцойбон æрбайййæфта се ‘рвадæлтæй иу зæронд ус. Кæрæдзийыл куы ацинтæ кодтой, уæд сын зæрдæйæ-зæрдæмæ ныхас ацайдагъ. Æмæ иуахæмы зæронд ус афтæ бакодта:

– Мæ фæрстæ дын фехæлой, мæ дзæбæх хо, хæрзæрыгонæй сидзæргæсæй чи баззад. Цард æгъатыр у, æмæ дзы æгæр фæлмæн ма у, нæ йын бафæраздзынæ. Дæхи фæхъæбæр кæн. Уæрыкк абон уа, райсом – уæддæр æргæвдинаг кæнæ уæйййаг уыдзæн. Стæй йæ фысæй дæр хæдзары дардзынæ? Дæхи йыл ма хæр. Дæ чызг дæр дæ фæстæдæр бамбардзæн. Куы йæ айрох кæна, уæд…

Зæронд усы ныхæстæ ныфс бауагътой дзыццайы. Фæлæ сæ

Фæрдыгæн куыд бауырнын кодтаид, уымæн амал нæ ардта æмæ бынтон ныссагъæссаг. Йæ лæппын зæрдæ йын фæриссын кæна, уый йæ нæ фæндыд. Хæдзары зылдтыты йе 'нцой, йæ фæдисон Фæрдыг уыд. Мах та – фос аздахынмæ, сæ размæ ауайын æмæ сæ æрбаздахынмæ, цæмæй колхозы хуыммæ, макæй цæхæрадонмæ баирвæзой. Цумайы лæппутæ уыдыстæм. Фæрдыг фæсæфсинæй уæлдай нæ уыд. Дзыцца колхозы куыстыты ис, уæд уый йæ хъус дары хæдзармæ, мах æгъдаумæ дæр. Хæринаг нын уый кæны, нæ уæлæдарæс нын уый æхсы, уазæджы уый хынцы. Уазджытæ йын йæ фезмæлдыл дис кодтой. Уæлдайдæр та – йæ хъæрмхуыппы хæрзадыл. Иу уæлибæхтæ нæ кодта, æндæр уæды мæгуыр рæстæджы æппæт хæринæгтæм дæр арæхст.

Мах Уæлахизы сидзæртæ уыдыстæм, æмæ нæ алчидæр йæ мæгуыры бон зыдта. Нæ уавæры, нæ азтæм гæсгæ нæ рæзыдыстæм, фæлæ царды фæлварæнты. Тæхуды бæргæ кодтам, йæ фыд хæстæй кæмæн æрцыд, уыдонмæ, кæд уыдон дæр махæй бирæ хуыздæр уавæры нæ уыдысты, уæддæр. Хæсты фæстæ чи райгуырд, уыдон та Уæлахизы хъæбултæ хуыдтам. Нæ хъæбыстæй сæ дæлæмæ нæ уагътам хионæй, æцæгæлонæй. Цæмæн, ууыл хъуыды дæр никуы акодтам. Кæд сæ, мыййаг, нæ фидæн уыдтам æмæ ууыл цин кодтам. Æви, кæстæртæ кæй уыдыстæм, уый тыххæй. Махыл, йæ кæстæртыл, Фæрдыг куыд иузæрдион уыд, уыйау. Кæд йæхæдæг сывæллон уыдис, уæддæр-иу нæ хъомылады хъуыддæгты бирæ хæттыты балæууыд. Дзыццайæн-иу йæ къух фæрог кодта, æмæ ныр мах дæр Уæркойы хъысмæтыл, кæд ыл мах дæр сахуыр стæм, махыл дæр иузæрдион у, нæ фæдыл рауай-бауай кæны, уæддæр Фæрдыджы тыххæй тынгдæр мæт кæнæм. Йæ мæт, йæ рыст ын цы хуызы фæкъаддæр кæндзыстæм, дзыцца йын æй куы бакой кæна, уæд. Дзыцца та цы сфæнд кæны, уый æнæмæнг сæххæст кæны. Куы нæ йын фæуайы, уæд ма йæ маст махыл дæр акалы. Æмæ нæ алчидæр мысты хуынкъ агурæгау къуымты, сынтæджы бынты æмбæхсынмæ фæвæййы. Кæнæ лидзгæ, нæ разы цы стыр фæз ис, кæм фæхъазæм, уырдæм. Фæсте дæ нæ расурдзæн. Фырнымд у, адæмы 'хсæн йæхи ахæмæй нæ равдисдзæн, хъæрныхас дæр дыл не скæндзæн. Йæ маст куы æрцæуы, уæд дзы мацæмæй уал тæрс. Бацу мидæмæ, æмæ ма дæ йæ хъæбысы дæр æрбакæндзæн куы йæ цæссыгтæ сæрфгæ, куы – худгæ.

Иубон нæм дыууæйæ хибар ранмæ йæхимæ фæдзырдта. Æрбахъæбыс нæ кодта, стæй райдыдта:

– Сымах нæлгоймæгтæ стут. Ныр уæ иуыл иуæндæсæм аз цæуы, иннæуыл та – фарæстæм. Уæ ныфс мын бирæ уа. Тагъд мын адынджыр уат. Нæлгоймаджы зонд фидардæр у, æмæ, уæ мад цы уавæры ис, уый сымах хъуамæ хуыздæр æмбарат. Зонын, Фæрдыг Уæркойыл куыд иузæрдион у, уый. Фæлæ мæн дæр бамбарут. Уæ фыд уыцы бæсты исты хъуаг уа, уый мæ нæ фæнды, мæ фæрстæ йын фехæлой. Хæст царддхал у, амонд сафæг, чи йæ ракъахта, уыцы Гитлер та авд дæлдзæх ныххауа, дæлимонтæ йын йæ уд арты цæхæрыл куыд дарой!.. О, Фæрдыгæн куы бакой кæнон Уæркойы хабар, уæд-иу йе 'вварс ма фæут. Фæлтау-иу мацы дзурут. Мæ чызгæн йæ сæрыл хаст фæуон, йæ зæрдæ йын фæриссын кæндзынæн… Фæлæ йæ зонут: мах ам цыфæнды зынæй дæр цæргæ, рæзгæ, зæронд кæнæм. Уæ фыд та, цы дунейы ис, уым рæзгæ нæ кæнынц æмæ зæронд дæр, чызг дзы моймæ нæ цæуы, лæппу ус нæ куры. Æмæ ма уæ баба уымæй уæлдай исты хъуаг уа, искæй фынгмæ бакæс-бакæс кæна, уый мæхицæн нæ ныббардзынæн. Йæхæдæг дæр мыл ахæм иузæрдион уыд. Урс цырагъ ын фестон.

Уыцы ныхæсты фæстæ сæ дыууæйæн дæр æмхуызон тæригъæд кæнын райдыдтам. Баба дæр æдзух нæ зæрдыл лæууыд, нæ цæстытыл уыцы дунейы алы хуызты уад. Æмæ дзыццайы фарс кæнын куы райдыдтам, уæд Фæрдыджы раз нæхи аххосджынæй æнкъардтам.. Уæлдайдæр-иу æй Уæркоимæ хъазгæ куы федтам, уæд. Мах Уæркойæ нæхи иуварс ласын райдыдтам. Дзыцца дæр-иу æй нæ иннæ дыууæ фысимæ хизынмæ аздæхта, хæдзарæй йæ кæртмæ сырдта æхсæвыгон. Фæрдыгæй йæ иуварс кодта, фæлæ та-иу уæрыкк уасгæ йæ уæлхъус алæууыд. Фæрдыджы дæр сæрдыгон куыстытæй Уæркомæ арæх нал æвдæлд. Уыцы уавæрæй фæныфсджындæр дзыцца, æмæ ма Майрæмы куадзæнмæ дыууæ къуырийы куы баззад, уæд ын загъы:

– Фæрдыг, мæ чызг, ацы уæрыччы дæхиуыл æгæр сахуыр кодтай æмæ йæ ныр Майрæмы куадзæны фæстæ нæ мысдзынæ?

– Дзыцца, æмæ Майрæмы куадзæны фæстæ цы фæуыдзæн? – сонт фарст æй акодта.

– Цы фæуыдзæн? – ныхъхъус дзыцца. – Цы фæуыдзæн?.. Дæ фыдæн хистæн бахъæудзæн.

Фæрдыг иудзæвгар дзыццамæ кæсгæйæ баззад, стæй ныккуыдта, дзыхыдзагæй нырдиаг кодта. Дзыцца йæ йæ хъæбысы æрбакодта, фæхсбандоныл æй йæ хъæбысы æрбадын кодта æмæ йæ сабыртæ кæны. Мах дæр сæ фарсмæ балæууыдыстæм æмæ Фæрдыгимæ кæуæм. Дзыццайæн дæр йæ цæссыг фемæхст. Дзæвгар фæкуыдтам… Стæй, йæхи загъдау, йæ тыппыртæ куы суагъта, уæд йæхи фæхъæбæр кодта:

– Хорз, хорз! Фосыл кæуын нæ фæтчы. Уæд, дам, адæймагыл кæуынмæ рахизы! Мах та цæрын фæнды. Мæн сымах стыртæй фенын фæнды. Сымах та – мæн зæрондæй. Афтæ нæу, лæппутæ!?

Йæ фæстаг ныхасæй нæм æххуысмæ сидти. Æмæ мах дæр нæхи фæхъæддых кодтам. Фæрдыгмæ ныхасæппарæнтæ кæнæм, æндæр хъуыдытыл æй бафтауыныл архайын райдыдтам. Сæрд уыд, æмæ-иу изæрыгæтты алы сыхæй дæр фæндыры цагъд хъуыст. Фæсивæд-иу хъазт сарæзтой. Æмæ уый мах зæрдæтæм дæр циндзинад хаста. Фæрдыг ахæм изæртæ бирæ уарзта, йе 'мгар чызджытимæ-иу хъазты кæрон балæууыдысты, кафты бар дæр-иу сæм стæмхатт æрхаудта. Æз ын изæры хъазты кой кæныныл афæлвæрдтон, фæлæ йæ уæддæр йæ æнтъыснæг хъуыды уæгъд нæ уагъта. Йæ цæссыгтæ сæрфгæ, рацыд фæскъулмæ. Мах дæр – йæ фæдыл. Дзыцца нæм йæ цæст дары. Нæ куыдз Мила – не 'хсæвгæс, нæ хъахъхъæнæг нæ фарсмæ алæууыд. Цинтæ ныл кæны. Фæрдыг ууыл фæци, йæ быны йæ ракодта æмæ йемæ хъазы. Йæ маст, йе 'рхæндæгдзинад æй феуæгъд кодтой, æмæ махæн дæр фенцондæр. Куыдзимæ хъазгæйæ, кæрты къуымты кæрæдзи расур-басур систам. Нæ кауæй æхгæд кæрт нын скъуындæг, æмæ нæ уисæй быд кулдуар фегом кодтам. Уыылты куы æддæмæ, куы мидæмæ тъæбæртт кодтам нæ куыдзы фæстæ. Дзыцца нæм хæдзары дуары рахизæнæй каст æмæ йæ мидбылты худт.

Уыцы бонæй фæстæмæ Фæрдыг дзæвгар фенкъарддæр. Раздæрау æй йе 'мгар чызджытимæ изæры фæндырдзагъдмæ йæ къах нал хаста, махимæ дæр хъазыд æвæндонæй. Уый дзыцца бафиппайдта æмæ нæ иуизæр йæ цæгаты сыхы хъазтмæ акодта. Уым уый устытимæ бадт, цæуылдæр ныхæстæ кодтой. Мах сæм æввахс хъазыдыстæм. Фæрдыг

нæ мады æрвадæлты чызджытимæ æнæуый дæр тынг хæлар уыд. Ныр семæ былтон схъæлдзæг. Хъазты дæр ма балæууыд.

– Бындурзылд фæуа, хæст чи ракъахта, уый, – ацахстой мæ хъустæ устытæй кæйдæр ныхæстæ. – Адон сидзæр чи фæкодта. Мæнæн дæ сæрыхицау ахуыргæнæг уыд. Уый фæрцы зонын кæсын, фыссын.

– Нæ бригады сæргъы дæр дæ уымæн сæвæрдтой, –айста йын йæ ныхас иннæ.

– Нæ, фæскомцæдисон дæр дæн, æмæ мын уый хæслæвæрд у. Фæззæджы мæ, нæ быдыртæй цы бæркад сисæм, уымæн дзуапп дæттын хъæудзæн.

– Æхсæв, бон дæр уымæн нæ зоныс. Æрулæфын нæ нæ уадзыс. Нæ уд нын сластай… – Ныххудти устытæй чидæр.

– Куыстæй ничима амард. Ницы уын уыдзæн, – сдзырдта Дзыцца. – Цыппардзæлхыг уæрдæтты дзаг хортæ уæ къутуты куы ныккалут, уæд уæм уыдон уæларвæй æрхауынц?! – Сыстад. – Хорз фæуæд. Сымахимæ абадын, аныхас кæнын ма мæ бæргæ фæнды, фæлæ æгæр куы сæнафон уа, уæд райсомæй зын стæн вæййы.

Мах Фæрдыгмæ барвыста, ракæнут æй, зæгъгæ. Уый бæргæ нæма фæндыд, фæлæ уайтагъд дзыццайы цур мæстæлгъæдæй алæууыд.

– Мæ чызг, нæма дæ фæнды?

– Нæма! – сонт дзуапп радта Фæрдыг.

– Уадз æй ам, – сдзырдта дзыццайы фыды кæстæр æфсымæры ус Зами. – Ахсæв ын нæ чызджытимæ хъæлдзæгдæр уыдзæн. Кæсыс, йæ фæйнæфарс куыд батыгуыр сты.

Дзыцца иучысыл æнæдзургæйæ алæууыд, стæй сразы. Чызджытæ, цингæнгæ, хъазты 'рдæм азгъордтой. Мах нæхимæ рараст стæм.

Дзыцца уыцы изæр цæуыл ныхъхъуыды кодта, уый нын райхæлдта Майрæмы куадзæнæй дыууæ боны раздæр. Фæрдыгæй нæ фæхицæн кодта æмæ нын дзуры:

– Мæ уд бахæрат, мæ чысыл ныфсытæ. Сымахимæ, æндæр кæимæ бауынаффæ кæнон. Майрæмы куадзæн ацы къуыри уыдзæн, æмæ та уый размæ изæрæй мæ цæгатмæ ацæудзыстæм. Фæрдыджы уым ныууадздзыстæм. Дыккаг æхсæв дæр… Æндæр мын йæ зæрдæ исты кæндзæн, Уæркойы æргæвстой куы фена, уæд. Йæ нывонд фæуон,

цард ын фестон. Сымах уæхи ницы зонæг скæнут. Уæрко, уадз, æмæ фыстимæ хиза. Йемæ мауал хъазут. Сыхы сывæллæттимæ фылдæр ут, уæ иумæйаг хъазæн фæзы.

Махæн цы бамбарын хъуыд дзыццайы фæндон, æмæ нын куыд загъта, афтæ кодтам. Цæхæрадоны куыстыты, райсомы æмæ изæры хæдзары зылдтыты та цыппарæй дæр иумæ уыдыстæм.

Уыцы изæр дæр та нæ фос куы бафснайдтам, изæры зылдтытæ куы фестæм, уæд ацыдыстæм нæ мадырвадæлтæм. Бæрæг уыд, устытæн дзыцца кæй бамбарын кодта Фæрдыджы хабар.

– Мæ къона, ардæм-ма рауай, – фæдзырдта йæм Аничка йæхимæ. Йæ хъæбысы йæ æрбакодта æмæ йын дзуры: – Дæ мады фæндиаг байрæзай. Уый дæ куыд бузныг у, уый куы зонис. Йæ къух ын рог кæнис, æфсымæрты æгъдаумæ дæ хъус дарыс. Уæ фыд, бæргæ, уæ фарсмæ куы уаид, уæд махæн дæр æнцондæр уаид. Нæ хъæуы дзыхы акæнинаг чи уыд, уыдонæй уæ фыд – иу. Фæлæ хъысмæтæн цы зæгъæм, цы?..

Æз «дзыхы акæнинаг» циу, уый нæ бамбæрстон æмæ дзы нæхимæ дзыццайы бафарстон. Уый мын афтæ: «Хистæртæй ахæм ныхæстæ нырма бирæ фехъусдзынæ. Арф хъуыды кæнынц. Ацы ныхас та амоны, ома, æвзаргæ хуыздæр».

Уыцы æхсæв дæр та Фæрдыг баззад нæ мадырвадæлтæм. Дыккаг бон, мах дæр куы равдæлд, уæд æм ссыдыстæм. Изæрмилты æдзух нæ мадау чи рæвдыдта, уæ фæхъау фæуонæй нæм чи дзырдта, уый, Зами, Дзыццайы фыдыфсымæры ус, махмæ æртæйæ басидт.

– Байхъусут-ма, лæппутæ, Фæрдыг ахсæв дæр ам уыдзæн. Сымах, цалынмæ не ʻрталынг, уæдмæ ацæут. Уæ мад иунæгæй тæригъæд у.

Фæрдыг сцин кодта. Мах та уыцы ныхас йеддæмæ ницы хъуыд. Уайтагъд фæцæуæг стæм. Нæхимæ сыхæгтæй, хиуæттæй цалдæр усы æрæййæфтам хыссæ, цыхт æмæ цæхæрайы сыфтимæ архайгæйæ. Мах дæр сæм цæмæдæрты фæкастыстæм. Стæй æхсæвæр скодтам. Устытæ куы ацыдысты, уæд нæ дзыцца Фæрдыгæй æрфарста, ома, ницы бафиппайдта. Æмæ та йын йæхи нывондтæ кæнын райдыдта.

Райсомæй, кæд нæ скъоламæ цæуын нæ хъуыд, уæддæр раджы райхъал стæм. Махæй раздæр та – дзыцца. Пецы арт сыгъд, уæларт – чысыл аг донимæ. Мах фæгæппытæ кодтам. Нæ дзаумæттæ акодтам.

– Уæхи ахсут, аходæн акæнут æмæ истæмæты фæкæсут, – дзуры нæм дзыцца. – Цъайæ дон æрбахæссут. Фæрдыг ам нæй, уый нæ зонут!.. Стæй йæм ацæудзыстут. Цæмæй мацæуыл фæдызæрдыг уа.

Дзыцца нын цы дзырдта, уый кодтам. Уæдмæ сыхæгты лæг кардимæ фæзынд. Æрбацыдысты нæм нæ хион нæлгоймæгтæ дæр цалдæрæй: æрвадæлтæ æмæ мадырвадæлтæй. Уæркойы дзыцца хизынмæ нал ауагъта, скъæтæй йæ уасын цыд. Махæн, бакæсæм æм, уый нæ зæрдæ нæ тардта – тæригъæд ын кодтам. Дзыцца уый æмбæрста æмæ нæм дзуры:

– Ацæут ныр Фæрдыгмæ.

– Кæдæм сæ æрвитыс, ныридæгæн лæгтæ сты, уадз æмæ алцыдæр базоной, – сдзырдта лæгтæй чидæр.

– Нæ, нæ!.. Нæма сæ хъæуы, – батыхст дзыцца.

Махмæ уæлдай ныхас нал хъуыд, æмæ сæ дзургæ фæуагътам. Фæлæ уæддæр нæ зæрдæ æхсайдта хæдзармæ. Нæ мадырвадæлтæм нæ хъазт дæр нал рæстмæ кодта. Фæрдыг æнкъардæй кæрты къуымты рацу-бацу кодта. Уæд нын сæ лæппу, дæсæм къласы ахуырдзау Митя бакой кодта:

– Немыцаг уацайраг æфсæддонтæ Дзæуджыхъæумæ цы фæндаг саразтой, уый фенын уæ нæ фæнды?

– Фæнды!.. Фæнды!.. Фæнды!.. – ииуылдæр схор-хор кодтам.

– Сихор куы скæнæм, уæд уæ акæндзынæн. Кæд ма поезд хæстæгмæ дæр феникат. Уый дæр уырдæм æввæхсты цæуы.

Фæссихор, кæд тынг æнтæф бон скодта, уæддæр араст стæм хъæуысæрмæ фæндаджы арæзтад фенынмæ. Раст сисамадау æнгом æвæрд уыдысты йæ дойнаг дуртæ кæрæдзийы фарсмæ. Уæрдоны цæлхытæ йыл гыбар-гыбургæнгæ тылдысты, машинæйы цæлхытæ та – фæлмæн. Машинætæ стæм уыдысты, уыдонæй стæмдæр та – поездтæ. Фæлæ нæ сæ фæздæг æмæ уаст дисы æфтыдтой. Цалынмæ дзы цалдæр нæ федтам, уæдмæ цъæх нæууыл хъазыдыстæм.

Уалынмæ арв хъулæттæ кæнын райдыдта. Хуры цæст мигъты æхсæнты куы иуæрдыгæй ферттивы, куы– иннæрдыгæй.

– Абон майрæмбон куы у… – сдзырдта, хъуыдытæ кæнгæ, Митя. – Абон мæрдты бон у – Майрæмы куадзæн. Изæрырдæм рауары. Фæлæ

– хæрз чысыл. Раст цыма хур йæхи фæнайы, уыйау. Ныххуылыдзæй ма фæтæрсут…

Фæрдыг, Майрæмы куадзæн фехъусгæйæ, фæуыргъуыйау. Йæхимæ ныхъхъуыста. Стæй:

– Митя, цом хæдзармæ. Æз бафæлладтæн.

Æрцыдыстæм Митятæм. Сæлфынæгау чысыл рапырх кодта. Нæ буарыл сой уарæгау æхсызгон æртæхтæ хаудысты. Æмæ та хур дæр ракаст. Арвы кæронмæ йæ бирæ нал хъуыд. Зами нæ размæ рацыд æмæ нæм дзуры:

– Мæ хуртæ, ацæут ныр уæхимæ. Уарыд, æмæ уæм уæ мады зæрдæ 'хсайдзæн.

Нæ хæдзары ма устытæ æфснайæн куыстытæ кодтой. Фынгыл – чъиритæ, дзидзайы кæрстытæ, халсартæ, дыргътæ, нозт... Фæрдыг аджих, стæй ныккуыдта. Устытæ йыл амбырд сты. Сабыртæ йæ кæнынц. Фæлæ кæм! Дзыццайæ йæхи тоны æддæмæ.

– Цы кæныс?.. Худинаг у адæмæй. Дæхиуыл фæхæц, мæ чызг. Ме 'нцой ды куы дæ, чызг кæмæн нæй, уыдон мæм хæлæг куы кæнынц…

Мах дæр ма цы акодтаиккам, уый нал зыдтам. Æмæ сæм нæхи æвваxс байстам. Фæрдыг дзыццайы ныхæстæм фæсабырдæр, фæлæ йæ хæкъуырццæг не 'нцад. Куыдвæлладæй уатмæ бацыд, хуыссæныл йæхи æруагъта æмæ афынæй.

Уæдмæ устытæ дæр ацыдысты. Æрталынг. Дзыцца нын æхсæвæр нæ разы фынгисæггæгтæй цыдæртæ æрæвæрдта. Чъиритæй бахордтам, дзидзамæ нæ бавнæлдтам – нæ зæрдæ дзы хæрын нæ бакуымдта. Фæрдыг та фынгмæ цæугæ дæр нæ ракодта...

ДЗЫЦЦАЙЫ ФЫН

Цалдæр боны дæргъы Фæрдыг хъæрмхуыпп нал бахордта, йæхи хызта, Уæркойы фыды бас кæм уыд, уыцы цугунæй. Хус къæбæр, цыхт æмæ халсартæ, дыргътæ, картоф уыдысты йæ хæринаг. Дзыцца йын цы нæ дзырдта, цы нæ кодта, фæлæ коммæ нæ каст. Уый тыххæй йæм

мæсты нæ уыд, тæригъæд ын кодта. Уæд нæ иу райсом хъæлдзæгæй йæ алыварс куы абадын кæнид æмæ куы райдаид:

– Зонут, дысон уæ фыды мæ фыны федтон. Гæзæмæты мæм зынд дардæй йæ цæсгом, худти мæм. Цъæх нæууыл бадт. Йæ ныхас ын хорз хъуыстон, йæ хъæлæс мын цы базонын хъуыд. Дзырдта мæм: «Дæхи мауал æвдæрз, мауал мар, ницыуал дзы рауайдзæн. Мæн дæр сымахимæ бæргæ фæнды, фæлæ… Ныр æз ам æнæрхъуыды нал дæн. Мæ разы ис алцыдæр. Сывæллæттæн зæгъ, Уæрко дæр ам мемæ кæй ис. Мауал мыл мæт кæнут». Уыцы рæстæг æм Уæрко кæцæйдæр куы разгъорид, бауасыд æм, йæ къухмæ йын басмыста, стæй цъæх нæууыл хизынныл фæци.

Дзыццайæн йæ цæссыгтæ йæ рустыл æргæр-гæр кодтой, æмæ сæ йæ сæрбæттæны кæрæттæй асæрфта. Стæй нæ æрбахъæбыс кодта æмæ цыппарæй дæр, дзыццайы загъдау, нæ тыппыртæ суагътам.

Фæрдыг дзыццайы ныхæстыл бауæндыд, уый бæлвырд нæ зонын. Фæлæ куыд нæ ис мады ныхæстыл бауæндæн. Ноджы ма йæ куы фæбæлвырд кæнид:

– Дзыцца, æмæ баба мæнæ Тамуйы дæр зоны? Хæстмæ куы цыд, уæд уый гуырд дæр куы нæма уыд.

– Зоны, зоны… Мæ зæрдæдарæнтæ, мæ хуртæ, мæ хъæбултæ. Йæ уд нæм æрыздæхы. Хæрзаудæн ныл кæны. Уæдæ йæ æз фыны цæмæн федтон? Æмæ йын йæ рухс ном хъуыды кæнут, макуы йæ фæхудинаг кæнут, цæмæй йын Мæрдты бæсты æнцондæр уа.

Уыцы бонæй фæстæмæ нын цæрын зынгæ фенцондæр: Фæрдыг Уæркойы нал мысыд. Хъуыды кодта: уадз æмæ бабаимæ уа, мах ам цыппарæй стæм, уый уым иунæг цæмæн хъуамæ уа.

Дзыцца бабайы раз йæ хæс бафыста. Афæдзы кæнд ма хъæуы, æмæ уæд цы аргæвда, уый йæм ис. Махмæ та афтæ кæсын райдыдта, цыма баба æдзухдæр нæ уæлхъус лæууы, æмæ нæ ныфс нæ саст…

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► **16 июлы** йæ юбилей сбæрæг кодта РЦИ-Аланийы Конституцион тæрхондоны сæрдар, зынгæ æхсæнадон архайæг Къесаты Станислав.

Конституцион закъонад фидардæр кæнынмæ стыр бавæрæн бахæссыны æмæ дæсны кадртæ цæттæ кæныны тыххæй йын республикæйы Сæргълæууæг Битарты Вячеславы уынаффæмæ гæсгæ радтой Ирыстоны уæлдæр хæрзиуæг – майдан «Ирыстоны Нымыс».

► **22 июлы** нæ республикæйы туризмы комитет куыд фехъусын кодта, афтæмæй ног туроператор «Эверест» цæттæ у туризмимæ баст алыхуызон маршруттæ æххæст кæнынмæ, уазджыты нæ культурæ, нæ истори, нæ динимæ зонгæ кæнынмæ, Ирыстоны хæхты тæссаг бынæтты сæхи куыд дарой, ууыл ахуыр кæнынмæ æмæ а.д.

► **22 июлы** Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты кадджын æмбырды сырх дипломтæ райстой ацы азы 53 хуыздæр рауагъдоны.

► **23 июлы** Фæсивæды хъуыддæгты фæдыл республикон комитеты минæвар Гаджиты Артур куыд фехъусын кодта, афтæмæй ацы аз Цæгат Кавказы федералон зылды æрвылазон фæсивæдон форум «Машук»-ы нæ республикæйы кад хъахъхъæндзысты 290 адæймаджы. Ныртæккæ бæлвырдгонд цæуы сæ номхыгъд.

Ацы хатт форум пандемийы аххосæй арæзт цæуы онлайн-фæткмæ гæсгæ.

► **29 июлы** Дзæуджыхъæуы Евгений Вахтанговы номыл Уырыссаг академион театры аивадон разамонæг Владимир Уваров куыд загъта, афтæмæй Стыр Уæлахизы 75 азы кадæн театр архайдзæн фестиваль «Хъырымы театралон фæззæг»-ы. Уый байгом уыдзæн 8 сентябры Ялтæйы.

► **7-8 августы** Ирыстоны Цæгат æмæ Хуссары цæрджытæ хъыгзæрдæйæ æрымысыдысты дыууадæс азы размæ гуырдзиаг æрбалæбурæг фыдгæнджыты ныхмæ тохы чи фæмард, уыдоны рухс нæмттæ.

ТÆФÆРФÆС

ДЗАБАЙТЫ-КЪЕСАОНТЫ ТАИСÆ

Йæ цардæй ахицæн курдиатджын фыссæг, Уæрæсейы Федерацийы Фысджыты цæдисы уæнг Дзабайты Таисæ. Райгуырд 1935 азы Хъарман-Сындзыхъæуы. 1956 азы каст фæцис Ленинграды хойрæгты техникум. Фæстæдæр та – Педагогон училище. Йæ фыд фæмард Фыдыбæстæйы Стыр хæсты.

Таисæйы сфæлдыстад æнгом баст у хæсты темæимæ. Хæсты æгъатыр, зæрдæриссæн фæстиуджытæ ирд ахорæнтæй равдыста йæ роман «Сидзæртæ æмæ сидзæргæстæ»-йы. Чиныг у уарзт æмæ фыдæх, хæлардзинад æмæ хæрамдзинады, æууæнк, гадзрахат æмæ мæнгард ахастдзинæдтыл, царды æцæг хабæрттæй нывæзт.

1986 азы рацыд йæ дыккаг роман «Донхæрис». Йæ новеллæтæ æмæ радзырдтæ мыхуыры цыдысты Ирыстоны литературон журналтæ «Мах дуг», «Ирæф», «Фидиуæг», газет «Рæстдзинад»-ы.

Таисæйы уацмысты хъайтартæ сты рæстдзинадыл дзурæг, адæмæн ныфс дæттæг, царды рухс фæндæгтæм сæ хонæг.

Бинонты æвæрæнты æрмæджытæм гæсгæ Таисæ сбæлвырд кодта йæ фыды æмæ йæ фыдыфсымæрты хæстон фæндæгтæ. Уыдон цыппарæй фæмард сты хæсты. Сæ ном хæссы Хъарман-Сындзыхъæуы уынгтæй иу. Афтæмæй фæзынд йæ ног уацмыс «Балладæ авд æдзард салдатыл».

Æнæрхъуыдыйæ нæ ныууагъта нæ чысыл хæрты дæр. Балæвар сын кодта йæ чиныг «Урс бæх».

2013 азы «Донхæрис» æмæ «Сидзæртæ æмæ сидзæргæстæ» мыхуыры рацыдысты уырыссаг æвзагыл дæр.

Таисæ йæ уацмыстæй арф фæд ныууагъта ирон чиныгкæсджыты зæрдæты.

Рухсаг у, Таисæ…

Журнал «Мах дуг»-ы редакци

* * *

Шеф-редактор Н.С. ДЖУСОЕВА
Переводчик А.В. ЗОЛОЕВ
Корректор А.К. КАРГАЕВА
Дизайн, верстка М.Т. БАГАЕВ
Специалист по информационным ресурсам А.А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакцийы куысджытæ авторы хъуыдыимæ алкæд разы нæ вæййынц.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО–Алания 362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64;
отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Подписано к печати 13.08.2020 г. Формат издания 60x90 1/16. Бум. офсет. №80г./м². Гарнитура шрифта Times New Iron. Вклейка 1 п.л. мелованная. Печать офсетная. Усл. п.л. 10. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1800 экз. Заказ №300. Цена свободная. Выход из печати 27 августа 2020 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.